

# Yon gid pou Paran sou Kondisyon ak Prensip Fonksyònman Distri a



Doktè Arthur C. Johnson, Sipèentandan

## MÀN YÈL ENFÒMASYON POU ELÈV AK PARAN 2010-2011




Distri Lekòl Rejyon  
Palm Beach

# LEKÒL REJYON PALM BEACH YO

## Klase "A"

Daprè Depatman Edikasyon Florid pou ane 2005, 2006, 2007, 2008 & 2009



### Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, Florida

Distri 1 - MONROE BENAİM, M.D. (Prezidan)

Distri 2 – MRS. PAULETTE BURDICK

Distri 3 – MR. WILLIAM GRAHAM

Distri 4 – MRS. CARRIE P. HILL

Distri 5 – MR. FRANK A. BARBIERI, JR., ESQUIRE

Distri 6 – DR. SANDRA RICHMOND (Visprezidan)

Distri 7 – DEBRA L. ROBINSON, M.D.

### MISYON PRENSIPAL

*Distri lekòl rejyon Palm Beach angaje li pou bay pi bon kalite edikasyon ak preparasyon posib pou tout elèv kab jwenn konesans, konpetans ak prensip etik nesèsè pou fòme bon sitwayen responsab ak travayè k ap pwodui.*



### *Mesaj Sipèentandan an pou tout elèv yo ak paran yo*

Objektif manyèl enfòmasyon sa a se pou adrese elèv yo ak fè paran yo abitye avèk prensip, regleman ak woutin fonksyonman sistèm lekòl nou an pou ane k ap vini an.. Anplwaye yo ak administrasyon lekòl nou yo pral travay avèk ou yon fason pou n ofri ou pi meyè opòtinite edikasyonèl. Lekòl ou a prepare l pou ofri w yon anviwonman aprantisaj byen òdone e pozitif pou ou kapab reyalize bagay ki pi gran nan lavi w. Ou genyen yon responsablite tou nan pwosedi sa a epi nou swete ou ap travay avèk nou nan lespri ak efò pou n kolabore ansanm.

Pandan w ap familiarize ou ak lwa ak règleman fonksyonman lekòl ou a, mwèn swete w ap aprann pou apresye ak santi w fyè pou rele li "baz edikasyon ou". Nou swete ou reyisi pandan ane eskolè a.

Sensèman,

Arthur C. Johnson, Ph.D.

Sipèentandan

<b>TABDÈMATYÈ</b>	<b># Paj</b>
Manb Konsèy Administrasyon yo/Misyon	2
Mesaj Sipèentandan an	2
Lis sa kin an manyèl sa a	3
Lwa/Prensip fonksyonman	4
Enfòmasyon ou dwe konnen	4
Patisipasyon paran yo ak fanmi yo	4-5
Lis Patisipasyon paran	5
Kondisyon akademik pou kalifikasyon atletik	6
Prezans	7-9
Entimidasyon	9-10
Kalandriye pou ane 2010-2011	10-11
Ansèyman pwofesyonèl	11
Pwogram espesyalizasyon	11
Sivilite	12
Fè rapò ak dwa pou ale ann apèl	12
Regleman sou abiman	12-13
Frè pou elèv	13
Dwa lwa FERPA konsènan dosye edikasyon elèv primè ak segondè, Enfòmasyon anyèl	13-14
FCAT/Evalyasyon/Pwomosyon	14-16
Opsyon gradyasyon nan lekòl segondè nan Florid	16-17
Libète ekspresyon ak Piblikasyon elèv	17-18
Gradyasyon, Rekonesans premye/dezyèm loreya	19-21
Sante	21-24
Ansèyman adomisil	24
Enfraksyon disiplinè ak konsekans yo, Endèks	24-27
Enfòmasyon konsènan moun ki san lojman	27-28
Rekritman militè, aksè ak enfòmasyon	28-29
Dwa pou jwenn enfòmasyon dapre lwa PPRA	29-30
Salitasyon drapo	30
Vi prive	31
Transfè	31
Enskripsyon	32
Respè pou Moun ak Pwopriyete	32-35
Lè w ap retounen nan lekòl ou a	35-36
Enfòmasyon sou bousdetid	36
Pasajè otobis lekòl	36-38
Kontwòl lekòl ak egzèsis otorite sou elèv yo	39
Sèvis kantin nan lekòl	39-40
Fouy ak Sezi, elèv	40-41
Seksyon 504	41
Nimewo sosyal sekirite	41-42
Asanble ak aktivite elèv	42-43
Teknoloji	43-45
Teknoloji - Kondisyon pou elèv itilize	45-47
Liv lekòl ak materyèl didaktik	47
Konpòtman inakseptab ak konsekans yo	48-50
Ansèyman Vityèl	50
Preskolè volontè	50
Volontarya	51
<b>Fòm yo</b>	<b>52</b>
1941-Konsantman/Pèmision pou livre enfòmasyon ak Piblikasyon elèv	53
2027- Patisipasyon elèv nan sondaj otorize	54
1910-Regleman ak Prensip Fonksyonman pou elèv	55

**Enfòmasyon ki nan manyèl sa a valab nan moman y ap enprime l nan dat 16 Avril 2010 la. Revizyon k ap fèt, si nesesè, akòz aksyon lejislativ oswa desizyon komite dirijan Distri a, ap disponib nan tout lekòl yo ak sou entènèt. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon.**

## **Règleman ak Prensip fonksyonman yo**

Pou elèv primè elemantè, mwayen ak segondè

Nou gen lekòl piblik yo paske sitwayen ameriken kwè chak moun gen dwa pou resevwa edikasyon. Eta Florid gen lwa anplis pou fè sèten tout timoun kapab ale lekòl. Nan Florid, tout timoun ki gen laj ant sis ak sèz ane sipoze ale lekòl. Otorite rejyonal lokal yo dwe mete lekòl piblik gratis aladispozisyon pou yo ale. Lekòl sa yo dwe ofri yon anviwònman an pè, amikal ak pwofesyonèl pou ansèyman kab dewoule kòmsadwa. Manyèl enfòmasyon sa a detaye divès kalite dwa ak devwa elèv yo genyen nan lekòl yo. W ap jwenn regleman sou dwa sa yo tou nan manyèl la. Nenpòt kote yo pale sou responsablite elèv yo, konnen byen paran(yo) pataje responsablite sa yo tou ak pitit yo. Nan prèske tout seksyon atravè manyèl sa a, gen yon seri nimewo oswa chif ki ekri ant parantèz. Nimewo sa yo se nimewo lwa Eta Florid (nimewo F.S.), nimewo regleman Komite Dirijan Distri a (nimewo prensip P), nimewo kòd regleman administratif nan Florid (nimewo kòd regleman administrative nan Florid (nimewo kòd FAC), oswa Regleman Depatman Edikasyon Nasyonal Eta Florid (regleman nimewo SBER). Andedan tout manyèl la, chak fwa w wè mo “paran (yo)”, sa vle di “responsab (yo)”, ak moun k ap jwe wòl paran. (F.S. §1000.21(5) Tout prensip direktiv Distri lekòl la disponib pou revizyon nan) [www.palmbeachschools.org/policies](http://www.palmbeachschools.org/policies).

## **Enfòmasyon ou ta dwe konnen...**

Plan pwogrè elèv Distri a (SPP) disponib nan lekòl ou a sizoka w ta vle revize li. Plan pwogrè elèv sa a ([www.palmbeachschools.org/Supplemental Educational Services/spp.htm](http://www.palmbeachschools.org/Supplemental%20Educational%20Services/spp.htm)) detaye estrateji Distri a pou ede elèv yo fè pwogrè, depi lè yo fèk antre nan sistèm nan pou jis yo pral gradye. Plan sa yo tabli yon seri estanda elèv yo sipoze reyalize ansanm ak prensip Distri a tabli konsènan pwomosyon, retansyon, gradyasyon ak remedyasyon pou elèv. Nan plan sa a tou, gen kondisyon admisyon ak prezans nan klas Distri a egzijè pou tout elèv san bliye deskripsyon pwogram ansèyman yo, metòd pou evalye ak rapò sou pwogrè elèv ansanm ak tout kondisyon pou gradyasyon yo. Ou kab jwenn plis enfòmasyon toujou sou sit entènèt Distri a nan adrès [www.palmbeachschools.org](http://www.palmbeachschools.org). Anplis, sit entènèt ki anba la yo bay enfòmasyon enpòtan sou lekòl.

- Rapò sou responsablite lekòl yo: <http://doeweb-doe.state.fl.us/eds/nclbpar/index.cfm>
- Nòt lekòl yo: <http://schoolgrades.fldoe.org/>
- Plan amelyorasyon lekòl :  
<http://www.palmbeachschools.org/schoolimprovement/SchoolImprovementPlan.asp>

Gen yon lis konplè tout non lekòl ak direktè/tris lekòl nan rejyon Palm Beach la sou sit entènèt distri a nan [www.palmbeachschools.org](http://www.palmbeachschools.org) anba tchèk lekòl yo. Ou kab jwenn vèsyon Manyèl Enfòmasyon pou Elèv ak Fanmi yo tou sou sitwèb Distri a: <http://www.palmbeachschools.org/Community/Handbook.asp>.

## **Patisipasyon Paran ak Fanmi**

Règleman 1.015 Komite sou (Patisipasyon Paran/Fanmi) kreye yon anviwonman kolaborasyon kote nou envite ak ankouraje paran ak fanmi elèv nou yo pou yo patisipe. Distri lekòl la rekonèt wòl vital paran ak fanmi yo jwe nan edikasyon, byennèt ak vale elèv li yo, epi edikasyon chak elèv se yon responsablite lekòl la ak manm Paran/fanmi elèv yo pataje. Anplis, Distri lekòl la ankouraje paran tout elèv yo patisipe regilyèman pou fè sèten gen byon bon

relasyon ant lekòl la ak kay elèv yo, ankouraje ak ogmante pratik patisipasyon paran/fanmi ki byen fonde ak byen estriktire. Règleman sa a anbrase kondisyon atik 1118 *seksyon lekòl primè ak segondè* Lwa 2001 sou Okenn Timoun pa dwe rete Dèyè a. Ou kapab jwenn yon kopi konplè règleman sou patisipasyon Paran/Fanmi an nan lekòl pitit ou a.

Sant enfòmasyon ak rechèch pou Paran Florid (PIRC) yo ki chita nan Inivèsite Sid Florid la se yon Sant ki fonde pa Depatman Edikasyon peyi Etazini pou ede fanmi ak lekòl yo atravè eta a pou yo travay ansanm yon fason pou ogmante patisipasyon paran yon an edikasyon. Ou kapab rale dokiman FL PIE la nan lang aglè, panyòl ak Kreyòl Aysyen sou [www.floridapirc.usf.edu](http://www.floridapirc.usf.edu) epi li pibliye sou Paj entènè Distri a nan <http://www.palmbeachschools.org/federalprograms/>.

## LIS PATISIPASYON PARAN AN

Distri a rekonèt patisipasyon paran/fanmi se yon faktè nesèsè pou amelyore pwogrè elèv. (P-1.015.FS 1001.42 (17)(d)). Nou dezinye lis anba pou ede ou patisipe nan aktivite ki ankouraje gwo pwogrè pou elèv yo. Ou kapab chwazi 4 fwa nan ane a pou klase nivo patisipasyon w. Lè ou pale avèk pitit ou a osijè lekòl, swete pou l travay byen, epi rete attaché avèk aktivite edikasyon l lakay ak nan lekòl, pitit ou a gen plis rezon pou l travay byen. OU kapab vrèman fè yon diferans! Kontakte pwofesè pitit ou a pou plis ide ki kab sipòte timoun aprann lekòl.

	Mete yon tyèk chak fwa ou fè youn nan bagay sa yo	1 <sup>ve</sup> Fwa	2 <sup>ve</sup> m fwa	3 <sup>ve</sup> m fwa	4 <sup>ve</sup> m fwa
<b>Patisipasyon lakay</b>	Li avèk pitit ou a chak jou				
	Vizite Libreri				
	Jwe yon jwèt edikasyonèl				
	Gade epi pale ansanm ak pitit sou yon bon pwogram televizyon				
	Ede l avèk devwadmezon				
	Fè yon aktivite edikatif lakay avèk pitit oua				
	Tyeke kanè pitit ou a sou Edline				
	<b>TOTAL KANTITE ENTÈAKSYON</b>				

	Mete yon tyèk chak fwa ou fè youn nan nan bagay sa yo	1 <sup>ve</sup> fwa	2 <sup>ve</sup> m fwa	3 <sup>ve</sup> m fwa	4 <sup>ve</sup> m fwa
<b>Patisipasyon nan lekòl</b>	Te fè reyinyon ak pwofesè pitit ou a				
	Te al nan reyinyon lekòl oswa distri a (PTA, PTO, SAC, PLC, DAC)				
	Te al nan pwomnad avèk klas pitit ou a				
	Te fè volontè nan sal klas pitit ou a				
	Te revize kanè pitit ou a				
	Te gade kalandriye lekòl la ak enfòmasyon ki parèt sou Edline				
	<b>TOTAL KANTITE ENTÈAKSYON</b>				

*Si pitit ou a bezwen kou ratrapaj, konsèy, oswa li vle patisipe nan pwogram aprè lekòl, kontakte lekòl pitit ou a.*

## Kondisyon kalifikasyon akademik pou aktivite atletik

(P-5.60)

### Nivo segondè

Elèv 9yèm jiska 12yèm ane sipoze kenbe yon mwayèn jeneral 2.0 nan tout klas yo pran yo pou yo kapab kalifye pou patisipe nan konpetisyon atletik entèskolè yo. Si mwayèn jeneral yon elèv 9<sup>yèm</sup> oswa 10<sup>yèm</sup> ane bese pi ba pase 2.0 ki rekòmande a, y ap pèmèt elèv la suiv sou yon baz semès aprè semès, pou l patisipe se si elèv la:

- fè mwayèn jeneral 2.0 pou klas yo li te pran nan semès avan an sèlman,
- siyen yon pwomès pèfòmans akademik ak lekòl la, epi
- li ale lekòl pandan granvakans la, si genyen.

Men, depi elèv la antre nan 11<sup>yèm</sup> ane, li sipoze mentni yon mwayèn jeneral 2.0 nèt oswa pi wo pou l kalifye. Yon elèv ki kalifye nan kòmansman yon semès sipoze kalifye pou tout rès semès la, eksepte si li absan anpil fwa, si li gen move konduit oswa lòt rezon valab ki kab fè direktè/tris lekòl la diskalifye elèv la avan semès la fini.

Yon elèv pa ta dwe kalifye pou plis pase kat (4) ane akademik konsekitif apati dat li enskri nan 9<sup>yèm</sup> ane a. Yon elèv kab pa patisipe ankò lè l genyen laj 19 an 9 mwa.

### Nivo Primè Mwayen

Elèv pa p kapab ale patisipe nan antrènman oswa konpetisyon si li pa fè mwayèn nan youn (1) oswa plizyè matyè pandan yon peryòd 9 semèn. Elèv la bezwen yon mwayèn jeneral 2.0 osibyen yon konduit apwopriye pou peryòd 9 semèn ki fin pase avan an pou li kab kalifye daprè jan direktè/tris la detèmine sa.

Limit opòtinite pou kalifikasyon yon elèv se twa ane konsekitif apati dat li premye antre nan klas sizyèm ane, amwenske gen yon ka ekstrèm ki pase pandan kalifikasyon an. Yon elèv ki gen 15 zan anvan 1ye septanm nouvell ane akademik la kapab pa janm ka patisipe ankò nan aktivite espòtif lekòl Primè Mwayen

REMAK: Depi nan reprezante yon lekòl—kit se kòm yon ofisyèl lekòl ki eli oswa manb yon aktivite deyò lekòl — dwe konsidere toude kòm yon onè ak yon privilèj, se sèl elèv ki ranpli kondisyon nesèsè pou klib, lekòl, sèvis ansèyman ak/oswa Distri a ki kapab kalifye pou reprezante lekòl yo.

*Kalifikasyon pou atletik nan lekòl segondè baze sou yon semès 18-semèn, kèlkeswa fòm peryòd klas yo (i.e. block).*

## Prezans

Elèv ki gen laj sis an avan oswa nan dat premye septanm nouvell ane eskolè a dwe ale lekòl chak jou pandan 180 jou ane eskolè a pou jiskaske li rive nan laj sèz an amwenske gen yon eksepsyon ki fèt (F.S. § 1003.21(1)). Lwa § 1003.24 Eta Florid la deklare se paran yo ki responsab pou fè sèten pitit yo ki gen laj obligatwa ale lekòl chak jou regilyèman. Lwa (SBER 6A-1.09513) declare tou anplwaye lekòl, paran, elèv ak ajans leta rejyonal apwopriye swete kolabore ansanm pou asire yo aplike tout règleman sou prezans elèv yo, ki gen ladan yo, men sa pa anpeche yo fè apèl ak lòt ajans leta rejyonal chwazi pou pran aksyon legal posib kont delenkans. Lekòl yo ap kenbe dosye prezans elèv yo pou SBER 6A-1.044. Vakans fanmi an pa yon ekskiz pou kouvri absans elèv yo. (P-5.09) Elèv ki genyen, yo sispek ki genyen, oswa ki pat vaksinen kont yon maladi atrapan oswa enfeksyon jan sa dekri nan lwa F.S. § 1003.22(9) entèdi pou vin lekòl, ekzan pou l absan. Pou l retounen lekòl, paran an dwe pote yon kat vaksen oswa prèv doktè a bay ki konfime elèv la pa genyen maladi kontajye ankò, jan sa aplike. (P-5.06)

### LÈ POU ELÈV RIVE AK KITE LEKÒL

Pou sekirite elèv la, paran yo fè sèten yo pa kite timoun yo rive lekòl la anvan lè ofisyèl pou lekòl kòmanse epi yo pa dwe rete nan lakou lekòl la aprè lè ofisyèl pou lekòl fèmen akòz pa gen sipèvizyon. Tcheke avèk biwo lekòl pitit ou a pou wè si genyen gadri disponib anvan oswa aprè lekòl. Yo ofri pwogram (SACC) gadri pou timoun ki gen laj pou al lekòl (P-8.131) ak pwogram primè mwayen aprè lekòl ki byen estriktire, an sekirite, epi yon pwogram rich a pri derizwa.

### DWA

Elèv yo gen dwa pou:

- Konnen kòman règleman lekòl la define ak trete kesyon absans motive, absan san motif, ak reta;
- mande pou revize sanksyon pou yon absan san motif;
- devwa ratrapaj pou lesan ki te manke pandan yon absans san motif;
- pwoteje tèt yo kont ekspozisyon a maladi kontajye ak enfeksyon lè yo vin lekòl.

### RESPONSABILITE

Elèv yo gen yon responsabilite pou:

- ale lekòl epi rive alè;
- mande paran yo pou yo avize lekòl la lè yo absan;
- mande pwofesè yo pou devwa ratrapaj epi konplete yo kòm sadwa.

### ABSANS (P-5.09)

Absanteyis, motive oswa san motive, pou kèlkeswa rezon, li negativman afekte kontinite pwosedi aprantisaj la. Toutotan absans yo ap ogmante, genyen yon pigwo responsabilite pou lekòl la anpeche lòt absans, ak genyen yon pigwo responsabilite pou elèv la demontre yon tèt absans pa t afekte ranman li negativman.

### ABSANS MOTIVE (P-5.09)

- ✓ Si yon elèv malad kontinyèlman epi li absan souvan lekòl, li dwe sou sipèvizyon yon medsen pou l kapab benefisye yon padon dabsans.
- ✓ Obsèvasyon yon fèt relijye oswa sèvis lafwa kote tout manm yo rekonèt li pou sa kapab konsidere kòm yon absans motive. Anvan absans la, paran an dwe ekri lekòl la epi li dwe bay elèv la opòtinite pou l fè devwa li manke yo san sa pa genyen move konsekans sou li.  
Gade <http://www.palmbeachschools.org/policies/> Règleman-5.095
- ✓ Randevou doktè
- ✓ Lanmò nan fanmi an
- ✓ Asiyasyon lalwa pou konparèt oswa aparasyon obligatwa devan tribinal
- ✓ Gen lòt elèv ki absan andeyò kontwòl yo oswa kontwòl paran yo, jan direktè/tris la oswa moun li deziye detèmine ak apwouve.

*REMAK: Reta se yon twoub pou anviwònman aprantisaj la epi li genyen enpak negative sou pwogrè elèv la. (P-5.09)(1), P-8.01) Si ou deloje pandan ane lekòl la oswa lekòl la gen yon move adrès, ou dwe fè lekòl la konnen. (P-5.011(1)(d)).*

Lwa Florid § 1006.09(1)(b) deklare: “Pa gen okenn elèv yo kapab sispann lekòl pou reta san motif, absan oswa vagabondaj.”

Pèfòmans akademik la obligatwa pou elèv yo dapre pratik oswa règleman ki deziye pou ankouraje elèv yo vin lekòl. Dosye prezans yon elèv, swa an gwo oubyen an pati, padw konsidere kòm rezon ki anpeche li patisipe nan nenpòt pèfòmans akademik obligatwa. (F.S. § 1003.33(2))

### **Pwosedì pou nivo primè elemantè (P-8.01)**

**Rapò absans** - Absans kapab rapòte pa telefòn oswa alekri. Se paran yo ki sipoze rapòte ak bay dat absans sa yo ak esplike rezon yo. Se paran ki sipoze rapòte dat absans yo ak rezon an. Yon paran DWE rapòte absans sa yo tousuit. Lalwa bay anplwaye lekòl yo dwa pou mande prèw ekri nan men doktè ki siyen biyè medikal pou eskiz la.

**Devwa ratrapaj** – Tout elèv dwe fè devwadmezon ki te bay nan klas la pandan jou absans la. Elèv la gen yon (1) jou pou ratrape devwa li te manke pou chak jou li te absan yo, san konte jou li retounen nan klas la, amwenske gen sikonstans espesyal ki mande pou bay yon ekstansyon pou sa. Antouka, devwa ki te bay deja yo dwe remèt menm jou elèv la tounen nan klas li a.

### **Pwosedì pou Primè Mwayen ak Segondè (P-8.01)**

**Obligasyon Prezans Lekòl / 16-18 an** - Elèv ki atenn laj 16 an pandan ane eskolè a pa oblije obeyi lwa obligasyon prezans la apati dat li fin gen sèz an, depi paran an ak elèv la deklare fòmèlman alekri pou di yo deside kanpe oswa kite lekòl la epi reyini pou fè yon entèvyou ak responsab lekòl la pou yo soti ladan l. Deklarasyon an dwe admèt lè elèv la kite lekòl la, sa kapab diminye chans li pou reyisi nan lavi, epi ni paran responsab la, ni elèv la dwe siyen deklarasyon an. Elèv ki atenn laj 18 ane pandan li lekòl la pa oblije kontinye vini lekòl toujou aprè dat li fin gen laj dizuit ane a akonpli, menm si se san pèmasyon paran an. (P-8.01; F.S. §§§ 1002.20 (2) (a); (1003.21 (1)(c)).

**Rapò absans** – Absans yo kab rapòte nan telefòn oswa sou fòm biyè alekri. Se paran/responsab yo ki sipoze rapòte ak bay dat absans sa yo ak esplike rezon yo. Yon paran dwe rapòte dat absans sa yo nan espas de jou apre dat absans la, byenke direktè/tris lekòl yo gen DWA fè eksepsyon nan yon seri ka, si nesèsè. Lalwa bay anplwaye lekòl yo dwa pou mande prèw ekri nan men doktè ki siyen nòt medikal pou eskiz la.

**Absans san motif pou elèv klas 6-12** – Tout absans ki pa t deja gen motif oparavan ap konsidere kòm absans non motive. Y ap bay yon nòt jiska 59% pou nenpòt tès li ta rate pou rezon absans san motif. Elèv ki absan akòz sispansyon lekòl pou pwoblèm disiplin ap genyen yon rapò absans san motif (P-5.09)

**Egzamen Semestriyèl pou Klas 9-12** – Lè egzamen trimestriyèl la pa fin fèt, nòt yo bay pou li se “I”. Si yon elèv absan (avize oswa ranvwaye) nan yon jou konpozisyon, li dwe vin pran egzamen an pou l kapab jwenn kredi a. Pou chak jou konpozisyon semestriyèl yon elèv absan, l ap genyen twa jou pou l fè egzamen ratrapaj la. Direktè/tris lekòl la kapab pwolonje delè sa yo pou sikonstans espesyal.

**Devwa Ratrapaj /Egzamen Semestriyèl klas 9-12** – Elèv yo ap jwenn opòtinite pou ratrape devwa yo te rate pou yon absans motive; sa enkli egzamen semestriyèl dapre jan sa souliye nan Plan Pwogrè Elèv Distri Lekòl la. Tout devwa ratrapaj dwe fin fèt nan yon peryòd de semèn avan fen semès la. Pou egzamen semestriyèl ki pa fin acheve, se yon nòt “I” yo bay ki kab vin tounen yon “F” pou semès la. Se responsablite elèv yo pou remèt alè devwa yo te genyen pandan moman pwomnad oswa aktivite lekòl la patwone, amwenske gen aranjman ki te fèt davans ak pwofesè a pou sa.

**Metriz - Nivo primè mwayen (P-8.01)** – Pou fè mwayèn nan yon kou ki dire nèf semèn, yon elèv dwe prezan nan klas la pou yon minimòm katrevendis pousan (90%) nan lè klas la [e.g. karant (40) jou nan karant senk (45) jou ki make peryòd nèf semèn nan]. Elèv ki pa gen minimòm katrevendis pousan (90%) prezans pou klas la kab fè mwayèn yo si yo montre yo metrize kou a. Metrize yon matyè vle di fè mwayèn pou kou ki nan peryòd nèf semèn nan; ak fè mwayèn pou egzamen evalyasyon nèf semèn nan.

**Metriz - Nivo segondè** – Pa dwe gen okenn kredi ki bay pou yon matyè si elèv la resevwa mwens pase swasantuit (68) èdtan enstriksyon nan klas la pou yon semès, amwenske elèv la montre li byen metrize kou a. Metrize yon matyè vle di fè mwayèn omwen nan youn pami de peryòd nèf semèn yo epi pase kou egzamen semestriyèl la.

**Mwayèn Jeneral** (P-8.01) – Mwayèn yo kalkile an de chif desimal (ki pa awondi). Pou nòt an lèt yo, yon mwayèn .50 oswa piwo toujou sipoze awondi (paegzanp, 79.50 vle di yon “B”, alòske 79.49 vle di “C”).

**Lisans chofè** (P-5.185) – Elèv anba 18 an ki kite lekòl oswa ki gen 15 absan san avize pandan yon peryòd 90 jou lekòl epi ki genyen lisans pou kondui, Department of Highway Safety ak Motor Vehicles kapab sispans lisans yo oswa pa bayo yon lisans menm lè yo aplike pou youn. Genyen plis enfòmasyon ki disponib nan administrasyon lekòl la oswa biwo konseye pedagogik la sou pwosedi ak konsiderasyon yo. (F.S. § 322.091; 1003.27(2))

**Pwogram Altènatif olye pou Sispansyon andeyò lekòl (ATOSS)** (P-5.18155) – Pwogram altènatif pou sispansyon andeyò lekòl (ATOSS) pou yon seri elèv primè mwayen ak segondè yo chwazi fèt pou ofri opòtinite pou kenbe elèv yo nan yon anviwònman akademik menm lè yo komèt enfraksyon ki egzije pou mete yo deyò lekòl. Se administrasyon lekòl la ki refere elèv ki patisipe nan pwogram ATOSS la bay lòt lekòl byen espesifik sa yo. Se yon pwogram volontè ki dwe jwenn apwobasyon ak patisipasyon paran yo. Lè yon elèv patisipe nan pwogram nan, yo retire enfraksyon an nan dosye l. Yo bay elèv la opòtinite pou l refè devwa l te rate a epi jwenn kredi a. Disponibilite pwogram sa a limite. Pou plis enfòmasyon vizite sit ATOSS nan: [www.palmbeachschools.org/9304/ATOSS2.asp](http://www.palmbeachschools.org/9304/ATOSS2.asp)

**PWOGRAM “FACE IT”**– Anplis, elèv ki fè dezòd ki enplike avèk alkòl, sigarèt oswa lòt dwòg kapab benefisye jiska 7 jou konsiderasyon pami 10 jou sispansyon si li patisipe avèk paran/responsab li nan pwogram altènatif FACE IT distri a patwone, oswa si li resevwa yon evalyasyon nan men yon òganizasyon endepandan. Evalyasyon an rekòmande yon sesyon pou paran.

## Entimidasyon

*Distri lekòl rejyon Palm Beach la pran zak entimidasyon oserye anpil. Tanpri gade règleman P-5.002 nan <http://www.palmbeachschools.org/policies/> Chapit 5 pou enfòmasyon detaye.*

**Konduit inakseptab** – Entimidasyon vle di soufrans fizik ak panik sikolojik ki fèt tout tan nan yon fason sistematik sou youn oswa plizyè elèv oswa anplwaye lekòl. Li defini pi lwen kòm yon konpòtman fizik, vèbal oswa alekri ki inakseptab k ap fèt tout tan, swa sou fòm menas, jouman, oswa move jès imilyan, yon granmoun oswa yon elèv ap fè, ki grav oswa ki ofansif nan lekòl la; ki kreye malèz oswa imilyasyon; oubyen ki entewonp pou yon rezon oswa yon lòt patisipasyon ak pèfòmans moun nan nan lekòl la; ak ki gen dwa gen ladan, pami plizyè lòt ankò: Takinen moun, eksklizyon sosyal, menas, kraponnaj, zigonnay, vyolans fizik, vòl, pèsèkasyon seksyèl, relijye, rasyal oswa etnik, imilyasyon piblik, domaj oswa destriksyon pwopriyete, mete yon elèv nan yon sitiyoasyon kote li gen laperèz pou moun pa fè li mal oswa pa kraze byen li posede, ak pèsèkasyon sinetik, dapre jan prensip P-5.002 defini sa.

**Divès etap pitit ou a ta dwe pran si gen moun k ap anmède l (konseye li pou l):**

- Idantifye agresè a epi enfòme yon adilt nan lekòl la ou fè konfyans osito posib. Si ou panse li twò difisil pou pale avèk yon adilt, alò, mande yon zanmi pou ede w. Asire zanmi ou la ou ap ede l tou si jamè li ta gen bezwen.
- Ankouraje pitit oua pou l ranpli yon rapò pou ensidan asèlman/arasman ki plase nan antre biwo lekòl la ak/oswa ranpli yon rapò anonin kont asèlman/arasman epi depoze li nan bwat ki plase nan divès kote nan lakou lakòl la. Raple pitit oua ke rakonte/rapòte se pa kankannen lè entansyon an se pou alète pwofesè a ak/oswa administrasyon an sou nenpòt zak malonèt ki vize move tretman kont pitit ou oswa lòt moun.
- Rete an gwoup, pa mache pou kont li.
- Si ou santi ou an sekirite, montre moun k ap fè asèlman an ou pa pè l, pa ese reaji depase limit. Si yo arase ou sou entènèt oswa nan tèks mesaj pa reponn ak/oswa reponn, men mande konsèy yon adilt.
- Antre nan klib oswa patisipe nan aktivite kote ou kapab rankontre ak/oswa fè nouvo zanmi.

**Si pitit ou ap entimide lòt moun:**

- Fè ansòt ou pran asèlman an oserye epi pou pa tolere konpòtman sa a ankò.
- Develope règle klè ak konsistan nan mitan fanmi ou pou konpòtman pitit ou a.
- Pase plis tan avèk pitit ou a epi suiv konpòtman li avèk swen.
- Konstwi talan pitit ou a nan ankouraje l patisipe nan aktivite pwososal.
- Pale ak pwofesè pitit ou, konseye pedagogik oswa administratè pou konfwonte konpòtman sa a kòm ekip.
- Si pitit ou a bezwen plis èd, pale avèk yon konseye oswa travayè sante pwofesyonèl.

**Kisa ou ta dwe fè si yon moun ap entimide pitit ou a:**

- Sa k pi enpòtan, ankadre pitit ou a. Tande l, sipòte l epi kolekte enfòmasyon ak fè ki gen rapò ak ensidan an.
- Rete kalm epi fè rapò ensidan an bay pwofesè pitit ou a, konseye pedagogik, asistan direktè/tris ak/oswa direktè. Kolekte enfòmasyon sou tout ensidan move tretman, abi, mekanste, ak/oswa zak derespektan alega pitit ou a ak/oswa pitit oua ki pèpetre ensidan an.
- Konplete ak/oswa ankouraje pitit ou a pou l ranpli yon rapò ensidan sou asèlman/arasman ki plase nan antre biwo lekòl la ak/oswa ranpli yon rapò anonin kont asèlman/arasman epi depoze li nan bwat ki plase nan divès kote nan lakou lakòl la. Rapòte se pa kankannen lè entansyon an se pou alète pwofesè a ak/oswa administrasyon an sou nenpòt zak malonèt ki vize move tretman kont pitit ou oswa lòt moun.
- Mande pou yo enfòme w oswa mande yon reyinyon kòm suivi pou diskite fè ak detèmine aksyon pou pran ak sipòte tout patisipasyon elèv osibyen pou detekte ensidan k ap kontinye ak/oswa fason ensidan yo eskalade.
- Chèche resous pou ede w ranfòse rezistans pitit ou a fas ak malfezans.

**Kalandriye pou ane 2010-2011**

Komite Distri a apwouve kalandriye eskolè ane 2010-2011 ou kapab jwenn sou:

<http://www.palmbeachschools.org/Community/Calendar.asp>

**8 JOU RATRAPAJ POU KA DIJANS (EMD)**

**Lis jou ratrapaj pou ka dijans yo klase nan lòd kwonolojik.**

15 oktòb 2010  
 24 novanm 2010  
 21 fevriye 2011  
 20 desanm 2010  
 21 mas 2011  
 21 desanm 2010  
 3 janvyè 2011  
 2 novanm 2010

*Matyè adisyonèl EMD pou sipòte apwobasyon sipèentandan an.*

**REYINYON LTM (HS kòmanse anreta) ak jou Devlopman Pwofesyonèl (PDD MS/EL lage bonè)**

26 out, 2010 – LTM/PDD	23 septanm 2010 – LTM/PDD	7 oktòb 2010 – LTM/PDD
2 desanm 2010 – LTM	13 janvyè 2011 – LTM	27 janvyè 2011 – LTM/PDD
10 fevrye 2011 – LTM	31 mas 2011 – PDD	

**DAT DISTRIBISYON KANÈ POU NIVO PRIMÈ**

1<sup>ye</sup> trimès – 16 novanm 2010  
 2<sup>yèm</sup> trimès – 7 mas 2011  
 3<sup>yèm</sup> trimès – 2 jwen 2011

## DAT DISTRIBISYON KANÈ POU NIVO SEGONDÈ

1<sup>ve</sup> bilten - 29 oktòb 2010

2<sup>ve</sup> bilten – 18 Janvyè 2011

3<sup>ve</sup> bilten - 4 avril 2011

4<sup>ve</sup> bilten - Poste aprè 29 Jwen 2011

## Ansèyman Pwofesyonèl

### KISA EDIKASYON PWOFEYONÈL YE?

Edikasyon Pwofesyonèl nan distri lekòl rejyon Palm Beach la se yon resous distri a ki konekte ansanm edikatè, òmdafè ak kominite a pou prepare elèv yo sou baz konesans akademik, konesans teknik, ak abilite pou yo fè fas ak bezwen sosyete mondyal la.

### POUKISA GEN EDIKASYON PWOFEYONÈL?

Elèv ki patisipe pwogram edikasyon pwofesyonèl nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ap gradye avèk konesans avanse, travay byen peye, okipasyon trè recherche osibyenke yon ekip bon konpetans sou chantye fòs ouvrye egzijè anplwaye yo genyen jounnen Jodi a. Edikasyon Pwofesyonèl bay yon fonsasyon solid pou ede konstrui avni elèv yo nan entegrasyon akademik, refleksyon, konesans teknik ak òganizasyonèl ki apwopriye ak mond reyèl la. Elèv yo ap kite Pwogram Edikasyon Pwofesyonèl avèk konesans korèk pou pran enfòm desizyon pou yon fiti pwofesyon.

Karyè edikasyon anglobe devlopman konesans, teknik ak atitud atravè yon pwogram planifye pou fè eksperyans nan edikasyon ak ansanm resiklaj k ap ede elèv yo pran desizyon enfòmèl osijè opsyon pou fiti karyè. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [www.palmbeachschools.org/careered](http://www.palmbeachschools.org/careered).

## Pwogram ochwa

(FS § 1002.20(6)(a), P-5.01(5)(a); P-5.016)

Distri lekòl rejyon Palm Beach la ofri plispase 171 pwogram espesyalizasyon. Yon pwogram espesyalizasyon se yon pwogram chwa edikasyonèl ki reponn ak enterè elèv yo epi ki ankouraje reyalizasyon elèv yo. Pandan li posib pou yo ofri menm klas sa yo nan lekòl tradisyonèl yo, pwogram espesyalizasyon an atire elèv nan ofri yo opòtinite inik pou eksperyans apwofondi ak etid nan yon seri matyè espesifik ki enterese yo.

Pwogram legal yo gen ladan yo espesyalizasyon, chwa ak akademi pwofesyonèl k ap mete an valè yon tèm espesifik epi prepezante souvan yon pakèt okipasyon. Y ap ankouraje paran yo pou yo vin enplike yo aktivman an “chwazi” pwogram chwa ki pi apwopriye pou enterè ak abilite pitit yo. Yo deziye pwogram ochwa pou elaji opsyon edikasyonèl la pou elèv yo, fè pwomosyon pou divèsite, trase chemen lespwa pou elèv yo akademikman fè pwogrè, ak ofri model dankoujman, entènchip ak opòtinite daprantisaj. Pwogram ochwa yo ofri tou opsyon preparasyon swen entansiv pou elèv segondè.

Pwosedi pou lekòl ochwa yo vle fò yon elèv kite youn nan lekòl rejyon Palm Beach la anvan pou yo enskri nan yon lò. Elèv yo dwe soumèt yon aplikasyon, obeyi règleman pou elijibilite nou jwenn nan livrè Pwogram Ochwa epi asepte yon an pwogram nan anvan y al patisipe nan nempòt pwogram ochwa. Peryòd aplikasyon pou ane eskolè 2011-2012 ap kòmanse nan mwa septanm 2010. Ou ap jwenn Pwosedi pou aplikasyon nan Mnyèl Pwosedi pou lekòl ak Pwogram ochwa yo. (P-5.016)

Pou plis enfòmasyon oswa pou apran plis osijè Pwogram Ochwa ak pwosesis aplikasyon an, tanpri vizite sit entènèt nou an nan <http://www.palmbeachschools.org/choiceprograms>.

## Sivilite

Pou kapab tabli yon atmosfè ki sen, kote gen lòd ak konsiderasyon jeneral pou tout moun, Distri lekòl rejyon Palm Beach la atann li pou *tout moun* k ap patisipe nan aktivite lekòl li yo respekte youn lòt alawonnbadè. Respè mityèl, pwofesyonalis ak koutwazi se kalite esansyèl nou *tout bezwen* genyen pou demontre kontribisyon nou nan ankouraje yon anviwònman lekòl san chirepit kèsote, diskriminasyon, entimidasyon, pèsèkasyon ni agresyon. Li prensip lwa 5.001, 5.002 ak 5.81.

*Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, Florid entèdi entimidasyon ak diskriminasyon kont elèv, anplwaye, ak aplikan sou baz relijyon, ras, etnisite, nasyonalite, koulè po, sèks, preferans seksyèl, idantite seksyèl, sityasyon matrimonyal, laj, sityasyon parantal ak andikap nan okenn pwogram, sèvis oswa aktivite li yo. Règleman 5.001 an pwoteje elèv yo kont entimidasyon ak diskriminasyon.*

## Dolemans ak Dwa pou ale ann Apèl

(P-5.001, P-5.002, P-5.81)

Komite dirijan Distri lekòl rejyon Palm Beach kwè TOUT elèv dwe jwenn menm tretman epi li mete sou plas yon anviwònman pou elèv aprann kote pa gen okenn patipri oubyen pratik diskriminatwa. Li deja table metòd oswa fason pou trete dosye doleyans ki prezante yo ak fason pou rezoud pratik diskriminatwa yo.

DWA	RESPONSABILITE
Elèv yo gen dwa pou rapòte ak depoze plent kont diskriminasyon oswa pèsèkasyon yo sibi.	Elèv yo gen dwa pou konnen ak suiv metòd pou prezante doleyans yo.

### Metòd yo

Tout lekòl yo fonksyone dapre prensip regleman ofisyèl Distri Lekòl la. Fotokopi regleman sa yo disponib nan sit tout lekòl yo oswa nan <http://www.palmbeachschools.org/policies/> Tanpri gade lwa 5.001, 5.002, ak lwa 5.81 an pou jwenn enfòmasyon sou metòd pwosedi pou prezante doleyans yo depi w sispèk gen diskriminasyon oswa pèsèkasyon. Metòd plent sa yo pa anpeche moun nan okenn fason al depoze plent nan leta federal oswa lokal ki apwopriye yo.

REMAK: Vyolasyon regleman distri lekòl yo sou asèlman seksyèl yon elèv komèt okazyone sispansyon nan lekòl la, sispansyon pou rete lakay, ekspilsyon, oswa enpozisyon lòt aksyon disiplin lekòl kab aplike epi sa kab mennen lòt chaj kriminèl. (P-5.81)

## Règleman sou abiman

(P-5.182)

Elèv yo ak pwofesè yo bezwen konsantre yo sou metòd pou aprann nan ansèyman an. Pou ankouraje yon atmosfè nan klas kote elèv kapab konsantre yo pou aprann, li enpòtan pou pa gen mwens distraksyon posib nan klas yo. Abiye byen pwòp kapab ede kreye nivo konsantrasyon sa a. Chanjman k ap fèt nan zafè mòd p ap gen priyorite sou regleman abiman nou mande lekòl la. Se direktè/tris lekòl la ki gen dwa adopte kèlkeswa règleman abiman li jije nesèsè avèk patisipasyon elèv, estaf, paran ak SAC. Se direktè/tris lekòl la oswa moun li delege yo ki responsab ranfòse aplikasyon kòd vestimantè oswa inifòm lekòl la ak bon jan mezi disiplin. (P5.1812, P-5.1813)

### DWA

Elèv yo gen dwa mete rad ki apwopriye pou vin lekòl, depi sa pa afekte sante ak sekirite yo, epi depi sa pa distrè oswa ofanse pèsòn, ak depi sa an konfòmite ak regleman lekòl la tabli pou elèv yo.

## RESPONSABILITE

Se responsablite elèv yo pou yo konnen ki jan yo sipoze abiye yo byen pwòp kòm sadwa.

## RÈGLEMEN

1. Elèv yo sipoze benyen oswa byen fè twalèt yo pou vin lekòl abiye byen pwòp.
2. Elèv ki mete rad oswa ki prezante tèt li yon fason k ap distrè lòt elèv oswa pwofesè sipoze chanje rad sa a oswa ranje tèt li kòm sadwa avan li antre nan klas la.
3. Elèv ki pa respekte minimòm estanda akseptab nan regleman sa a konsènan bòn prezantasyon ak abiman desan sa a jan direktè/tris lekòl la tabli sa kapab gen aksyon disiplinè ki pran kont li pou sa.
4. Elèv pa dwe mete rad, bijou, bwòch, kwafi oswa lòt atik ak ekriti ki ofansif, ki fè lonje dwèt sou li oswa ki endesan, ki gen rapò ak mouvman gang, k ap ankouraje konsomasyon dwòg, fimen tabak, bwè alkòl, fè vyolans, sipòte diskriminasyon sou baz laj, koule po, domaj, nasyonalite, kondisyon matrimonyal, ras, relijyon, sèks, oswa preferans seksyèl.
5. Elèv ki mete atik vestimantè ki deranje moun akòz jan modèl yo fèt, koulè yo, endesans yo oswa dekòlte yo ki kreye distraksyon ak dezòd nan klas, oubyen ki kreye yon pwoblèm sekirite oswa menas pou sante moun, ap oblije chanje rad sa a pou kapab elimine dezòd, distraksyon oswa danje sa a. Elèv kab oblije abiye yo yon fason espesyal byen detèmine pou rezon sante ak sekirite oubyen nan kad yon seri pwogram byen detèmine.
6. Règleman sou abiman nan lekòl yo sipoze enkli men pa limite ak sa yo:
  - a. Elèv yo dwe toujou mete soulye nan pye yo
  - b. Yo pa dwe mete souvètman san vètman
  - c. Pa gen afè kouvri tèt andedan lakou lekòl la, sof si se ta pou pran prekosyon nesèsè nan kad yon pwogram detèmine oubyen pou rezon relijye oswa medikal ki kab konfime an tout bòn fwa.
  - d. Fè pou pase cheve ak lòt aseswa kwafi pa gen plas yo andedan klas yo.
  - e. Pa gen afè mete linèt solèy sou lakou lekòl la san prèv preskripsyon doktè kòm sadwa.
  - f. Nenpòt atik vestimantè oswa bijou ki kab blese lòt moun pa aseptab lekòl la.
  - g. Nenpòt atik vestimantè ki kab koze domaj oswa k ap bay anpil pwoblèm lekòl la pa aseptab.

## **Règleman sou frè lajan elèv gen pou peye**

(P-2.21)

Nenpòt demand lajan lekòl la ap fè yon elèv dwe fèt alekri, adrese bay paran elèv la oswa responsab legal li, nan yon fason klè pou deklare: (a) pa gen okenn pinisyon ni amand k ap pran kont elèv la si li pa peye; (b) yo pa p anpeche okenn elèv patisipe si li pa peye; (c) direktè/tris la gen dwa prevwa oswa eskonte sou yon aktivite ki pwograme oubyen sèvi ak yon atik patikilye sou baz ensifizan fon pou kouvri depans yon atik oswa yon aktivite done; epi (d) rekèt pou pèyman sa a dwe fèt sou yon baz volontè. Règleman an dekri demand pèyman ki akseptab yo.

## **Dwa Lwa FERPA konsènan dosye edikasyon elèv primè ak segondè, Enfòmasyon anyèl**

Lwa Edikasyon sou Dwa ak Pwoteksyon vi prive Fanmi (The Family Educational Rights and Privacy Act -FERPA), akòde elèv ak paran ki gen pliske 18 ane (“elèv ki kalifye”) sèten dwa konsènan dosye edikasyon elèv la. An rezime men sa dwa yo ye:

1. Dwa pou enspekte ak revize dosye edikasyon elèv la nan 30 jou kòmansè jou lekòl la te resevwa demand la. Paran oswa elèv ki kalifye yo dwe soumèt direktè/tris lekòl la yon rekèt alekri ki idantifye dosye yo ta vle enspekte a (yo). Direktè/tris la ap fè aranjman pou gen aksè ak enfòmè paran oswa elèv ki kalifye a la sou lè ak kote y ap kapab enspekte dosye yo. Si yo bay kopi yo, y ap chaje yon frè minim pou fè fotokopi yo. *REMAK: Lekòl la ap aksepte onore dwa daksè toulède paran yo amwenske: a) gen yon kontrent legal oswa desizyon legal nan dosye lekòl la ki refize admèt dwa pou youn oswa toulède paran yo, oswa, b) gen yon lòt eksepsyon ki egziste nan FERPA a. Si w gen kesyon, tanpri kontakte direksyon lekòl ou a.*

2. Dwa pou mande amandman nan dosye edikasyon elèv la paran an oswa elèv ki kalifye a kwè ki pa kòrèk, ki pa laverite, oswa an vyolasyon ak dwa pwoteksyon elèv la dapre lwa FERPA. Paran oswa elèv ki kalifye ki ta renmen mande lekòl la pou amande yon dosye dwe ekri direktè/tris lekòl la, fè konnen klèman ki pati nan dosye a yo vle chanje. Si lekòl la deside pou l pa amande dosye a jan paran oswa elèv ki kalifye a mande l, lekòl la ap notifiye paran an oswa elèv ki kalifye a sou desizyon an ak avize yo sou dwa yo genyen pou prezante devan tribinal konsènan demand pou amandman an. Gade nan règleman komite Konsèy Kadministrasyon distri a 5.1816 nan <http://www.palmbeachschools.org/policies/>.

3. Dwa pwoteksyon pou enfòmasyon yo rekonèt ki pèsònèl nan dosye lekòl elèv la eksepte nan ka FERPA otorize divilgasyon san konsantman, ak dwa pou konsanti divilgasyon enfòmasyon yo rekonèt ki pèsònèl ki nan dosye lekòl elèv la. Yon eksepsyon, ki pèmèt divilgasyon san konsantman, se divilgasyon bay responsab lekòl ki gen enterè lejitim nan edikasyon. Gade nan 34 C.F.R. § 99.31(a)(1); 34 C.F.R. § 99.7(a)(3)(iii). Yon responsab lekòl se yon moun lekòl la oswa distri lekòl la anplwaye kòm yon administratè, sipèvizè, edikatè oswa manb pèsònèl (enkli pèsònèl sante oswa medikal ak yon manb pèsònèl lapolis); yon manb Konsèy Kadministrasyon an; yon moun oswa yon konpayi lekòl la oswa distri lekòl la anplwaye pou travay sou kontra oswa k ap fonksyone kòm pwòp anplwaye li pou travay (tankou yon avoka, oditè, konsiltan nan edikasyon, moun k ap fè evalyasyon elèv, moun k ap bay sèvis sou entènèt, konsiltan medikal, enfimyè oswa terapis); patnè nan depatman sante ak lòt ajans gouvènmantral ak sosyal yo ap kolabore ansanm pou sèvi elèv yo, nan yon sèten mezi yo bezwen enfòmasyon sou dosye elèv la pou bay ak/oswa evalye sèvis sante ak sèvis gouvènmantral/sosyal pou elèv; yon fonksyonè lekòl semiprive ki nan distri sa a; yon paran oswa yon elèv k ap sèvi nan yon komite ofisyèl, tankou komite disiplinè oswa doleyans; oswa yon paran, elèv oswa lòt volontè k ap ede lòt fonksyonè pou yo pèfòme travay yo. Yon fonksyonè lekòl gen yon enterè legal nan edikasyon si fonksyonè a bezwen revize yon dosye sou edikasyon ki legal pou l kab egzekite responsablite pwofesyonèl li. Sou demand, lekòl la oswa distri lekòl la, ap divilge san konsantman dosye lekòl la bay fonksyonè nan yon lòt lekòl kote elèv la ap chèche oswa gen entansyon al enskri, oswa te deja enskri si rezon divilgasyon yo se pou enskripsyon oswa transfer elèv la. *REMAK: FERPA mande distri lekòl yo pou eseye nan yon fason rezonab pou avèti para oswa elèv yo sou demand dosye yo, amwenske li deklare nan notifikasyon anyèl li te gen entansyon transmèt dosye a sou demand.*

4. Dwa pou pote plent nan Depatman Edikasyon nan Etazini konsènan swadizan mankman distri lekòl la pou aplike lwa FERPA yo. Men non ak adrès biwo k ap administre lwa FERPA: Family Policy Compliance Office, U.S. Department of Education, 400 Maryland Ave. SW, Washington, DC 20202-8520. Ale nan règleman 5.50 Konsèy Administrasyon distri a dirijan lekòl la nan <http://www.palmbeachschools.org/policies/>. Ou kapab jwenn kopi enfòmasyon ak règleman sa yon nan biwo Afè Piblik distri a ak nan lekòl yo.

## FCAT/Evalyasyon/Pwomosyon

### Estanda Edikatif pou Eta Florid

An 1996, Konsèy Administrasyon Edikasyon Eta Florid la te apwouve kritè ofisyèl pou defini nosyon fondamantal Eta Florid la, *Sunshine State Standards*. Kritè ki te apwouve an 1996 yo te fèt nan sèt matyè diferan, divize an kat gwoup klas separe (Preskolè pou 2<sup>yèm</sup> ane, 3<sup>yèm</sup> pou 5<sup>yèm</sup> ane, 6<sup>yèm</sup> pou 8<sup>yèm</sup> ane, epi 9<sup>yèm</sup> pou 12<sup>yèm</sup> ane). Yo te chwazi fòma sa a pou te kab bay distri lekòl yo fleksibilite nan fason y ap konsevwa kourikoulòm yo an fonksyon bezwen lokal yo. Men tou, kòm Eta Florid vin ogmante responsablite elèv yo an matyè pwogrè yo dwe reyalize nan chak nivo klas yo, yo vin mete plis presizyon sou definisyon kritè nosyon fondamantal yo. Nan matyè tankou kominikasyon, matematik, syans ak syans sosyal, yo te blije ogmante kritè Sunshine State Standards yo pou mete ladan yo lis nosyon fondamantal pou chak nivo klas yo.

An 2008, Florid te adopte Estanda Edikatif pou Eta Florid pou *Pwochè Jenerasyon* pa li yo. Estanda egzijan sa yo fèt pou fè sèten elèv ki gradye nan Florid yo ta kab twoke kòn yo akademikman ak nenpòt lòt elèv sou plan mondyal. Lekòl Florid yo ap kòmanse fè chanjman pou adopte nouvo estanda sa yo pandan ane eskolè 2008 ak 2009 la. Aktyèlman, tou de estanda sa yo an plas kounye a. Y ap teste nouvo estanda Pwochè Jenerasyon yo nan kòmansman ane eskolè 2011 la. Atik (FS 1003.41 (1); 1008.22 (3); FAC 6A-1.09401) Eta a otorize pou gen yon minimòm estanda pèfòmans elèv. Gade nan SBER 6A-1.0941.

**Kisa Egzamen Evalyasyon jeneral Eta Florid la (FCAT) ye?** FCAT la se yon egzamen ofisyèl elèv nan eta Florid yo pran pou kab evalye nivo konesans jeneral yo nan lekti, konpozisyon ekri, matematik ak syans. Egzamen sa a fè pati plan ofisyèl Eta Florid pou amelyore pwogrè elèv. Li teste nosyon kontni fondamantal yo ki rele *Sunshine State Standards*, kritè ofisyèl edikasyon fondamantal Eta Florid la. (F.S. 1008.22 (3)(c); SBER 6A-1.09422)

**Poukisa elèv yo pran egzamen FCAT?** Pou fè fas ak divès kalite kontrent ki genyen sou mache travay la jodi a, elèv yo blije gen bon konesans nan matematik ak syans, kapab konprann tèks difisil y ap li yo byen ak konn ekri byen. Kèsyon egzamen FCAT yo konsewva pou evalye nivo ladrès elèv yo ta dwe genyen nan lekti, konpozisyon ekri, matematik ak nan syans. Egzamen an ede pwofesè yo, direktè/tris yo ak sipèntandan detèmine nivo siksè elèv yo parapò ak kritè ofisyèl yo.

**Poukisa FCAT enpòtan?** Rezilta FCAT yo oryante itinerè edikasyon pitit ou ane aprè ane. Si pitit ou ta fè nòt 1 oswa 2 nan lekti, matematik oswa syans, y ap ba li plis èd. Elèv la ta dwe reyalize 300 pwen nan lekti, 300 nan matematik ak 3.5 nan konpozisyon kòm yon pati nan kondisyon yo pou li kab gradye akjwenn yon diplòm fen d etid segondè.

**Sezon preparasyon FCAT**-Chak ane, distri lekòl nou an pran sa oserye anpil pou fè tout lekòl yo anseye nosyon ofisyèl yo ak prepare elèv yo pou pase egzamen ofisyèl leta a (FCAT). Pou evite tout distraksyon posib nan dènye preparatif pou egzamen sa a, distri a pa pwograme okenn reyinyon pou anplwaye lekòl yo (pwofesè ak administratè yo) kòmanse depi fen janvyè pou jis dat egzamen yo an mas. Nou rele peryòd sa a peryòd blakawout FCAT

Ki egzamen FCAT pitit mwen an pral pran?				
KLAS	LEKTI	KONPOZISYON	MATEMATIK	SYANS
3	WI	NON	WI	NON
4	WI	WI	WI	NON
5	WI	NON	WI	WI
6	WI	NON	WI	NON
7	WI	NON	WI	NON
8	WI	WI	WI	WI
9	WI	NON	WI	NON
10	WI	WI	WI	NON
11	NON	NON	NON	WI

**Men lòt tès egzamen yo kab bay pitit ou a pou ane eskolè sa a:**

- ✓ The Tès dyagnostik Distri a pou Sunshine State Standards
- ✓ Tès envantè eskolastik nan lekti (SRI)
- ✓ Egzamen Rapò lekti kourant (Evalyasyon nosyon fondamantal K-3)
- ✓ Tès evalyasyon pwofesè kreye
- ✓ Tès evalyasyon kouran pou nivo klas
- ✓ Tès evalyasyon global nivo konpreyasyon anglè elèv la (CELLA)
- ✓ Tout elèv 10<sup>yèm</sup> ane yo dwe pran egzamen Aptitud Eskolastik Preliminè a (abreje PSAT ann anglè)
- ✓ Tout elèv 11<sup>yèm</sup> ane yo dwe pran egzamen Aptitud Eskolastik (SAT)

Tanpri al gade Plan Pwogresyon Elèv Distri a nan:

<http://www.palmbeachschools.org/sc/StudentProgressionPlans.asp>

**NIVO PRIMÈ ELEMANTÈ** (P-)8.01 Lwa 1008.25 Eta Florid la egzije Distri a pou defini nivo espesifik pèfòmans yo nan lekti, konpozisyon ekri, matematik ak syans pou chak nivo klas yo. Nivo pèfòmans sa yo ap sèvi pou idantifye elèv ki **sipoze** resewva kou ratrapaj ak ki **kapab** double klas. Si elèv la te gen lakin nan lekti depi jadendanfan jiska 2<sup>yèm</sup> ane, epi si lakin sa a pa janm konble pou jis nan finisman 3<sup>yèm</sup> ane, tankou si li fè nòt ekivalan ak nivo 2 owa pi wo pou pati SSS nan lekti FCAT la nan klas la, **elèv la sipoze double klas la. The student must be retained.** Nivo pèfòmans yo endike si pitit ou a nan chemen pou pase (3=nan nivo oswa pi wo nivo klas la, 2=mwen pase yon ane pi ba nivo klas la, 1=plis pase yon ane pi ba nivo klas la.)

### **NIVO PRIMÈ MWAYEN** (P-8.01; FS 1003.4156)

Jan yo deklare li nan plan evalyasyon elèv nan nivo primè mwayen, pou ale nan klas siperyè, yon elèv dwe pase kou ekivalan ak senk lane etid ki gen pami yo kou sou lang, matematik, syans, syans sosyal ak yon kou elektif ki dire yon ane konplè. Pou fè mwayèn final pou pase yon klas ki dire tout ane a, elèv la dwe fè yon mwayèn ki omwen 1.0. (A=4, B=3, C=2, D=1, F=0) Menm jan tou, elèv la ap resevwa yon F kòm nòt final depi li te fè yon F nan katriyèm peryòd kontwòl pou ane eskolè a ak depi li te fè yon F pou matyè sa a avan nan ane a.

### **NIVO SEGONDÈ** (P-8.01)

**Kritè evalyasyon ofisyèl Eta Florid** – Elèv ki te rantre nan klas 9<sup>yèm</sup> ane yo pou ane eskolè 1999-2000 la ak apre sa dwe pase egzamen FCAT la nan 10<sup>yèm</sup> ane pou yo kab jwenn yon diplòm nòmal. Elèv ki pat pase kab rebran egzamen an pandan peryòd yo pwograme pou bay egzamen an.

**Pwomosyon soti nan 9<sup>yèm</sup> pou 10<sup>yèm</sup> ane – omwen 5 kredi**

**Pwomosyon soti nan 10<sup>yèm</sup> pou 11<sup>yèm</sup> – omwen 11 kredi OSWA akonplisman kritè gradyasyon FCAT la nan lekti ak matematik**

**Pwomosyon soti nan 11<sup>yèm</sup> pou 12<sup>yèm</sup> – omwen 17 kredi**

Elèv ki nan pwogram ansèyman pou elèv espesyal yo (ESE) gen dwa patisipe nan lòt evalyasyon altènatif olye egzamen FCAT la. Se plan enstriksyon endividyèl (IEP) chak elèv ki detèmine sa. Pami evalyasyon altènatif sa yo, genyen:

- ▶ *Brigans*
- ▶ *Pòtfolyo*
- ▶ *Edikasyon pwofesyonèl ki santre sou vi*
- ▶ *Evalyasyon ak pwofil aprantisaj*
- ▶ *Evalyasyon altènatif pou diplòm espesyal*
- ▶ *Evalyasyon langaj fondamantal ak teknik aprantisaj*
- ▶ *Sistèm evalyasyon pèfòmans pou elèv ki gen andikap*

## **Opsyon Gradyasyon Nivo Segondè nan Florid**

REMAK: Avètisman obligatwa pou elèv ak paran yo. Lwa Senatoryal 4 la kapab gen enpak sou kondisyon sa a.

Elèv nan nivo segondè ki bezwen gradye ak yon diplòm nòmal kapab chwazi youn nan twa opsyon sa yo:

1. Opsyon kat ane ki se pwogram jeneral 24-kredi
2. Opsyon twa ane ki mande 18 kredi nan pwogram preparatwa pou nivo kolèj
3. Opsyon twa ane ki mande 18 kredi nan pwogram preparatwa, pou karyè pwofesyonèl

Pwogram opsyon 3 ane sa yo fèt pou elèv ki deja klè sou objektif yo genyen pou lavni yo, ki gen matirite pou fini klas segondè avan lè epi ki santi yo pare pou pousuiv objektif yo yon fason prese prese aprè yo fin acheve etid segondè yo. Opsyon sa yo an konfòmite avèk kondisyon admisyon minimòm ki te amande nan inivèsite leta yo nan kad kritè pou jwenn bousdetid *Bright Futures* la. Sepandan, piske fòs kourikoulòm se yon faktè kle pou yo admèt yon elèv nan kolèj oswa pou jwenn bousdetid, li rekòmande pou kontakte enstitisyon siperyè yo ak/oswa enstitisyon k ap bay bousdetid yo avan ou chwazi antre nan yon plan gradyasyon ak 18 kredi sou 3 ane.

Elèv ki chwazi yon opsyon 3 ane, ki se opsyon 18 kredi a, fèt pou enskri nan lekòl segondè a pandan 3 ane kote li sipoze kenbe yon mwayèn jeneral byen detèmine (gade nan detay opsyon yo) ak pase egzamen evalyasyon jeneral ofisyèl eta Florid la (FCAT). Konsilte FS 1003.

Pwogram avanse nan nivo segondè se toujou pi bon endikatè siksè elèv ki fin fè etid segondè yo. Yo ta dwe konsidere avantaj lòt pwogram akselere yo, tankou doub enskripsyon, plasman avanse, ak admisyon alavans lè nan kolèj anfinal, bakaloreya entènasyonal. Yo ta dwe evalye avantaj ki gen nan pwogram espesyalizasyon, akademi pwofesyonèl ak pwogram preparatwa teknik yo kote anpil ladan yo egzije yon kourikoulòm 4 ane etid. Li posib pou gen kèk elèv ki reyalize opsyon 24 kredi nan 3 zan. Nou ankouraje elèv yo anvizaje tout opsyon yo avan yo diskite pwojè yo genyen ak konseye akademik lekòl yo regilyèman.

Elèv ak paran ki enterese nan opsyon gradyasyon akselere a oblije rankontre ak pèsònèl lekòl pou kab byen konprann avantaj ak enkonvenyan yo, epi yo genyen jiska fen nevyèm ane a pou fè chwa opsyon gradyasyon yo. Delè sa a pwolonje delè sa a jiska fen premye semès 10<sup>yèm</sup> ane a pou elèv ki soti lòt kote ak transfere lekòl piblik eta Florid apre 9<sup>yèm</sup> ane ak pou elèv ki pa te gen opòtinite pou chwazi opsyon gradyasyon an akòz li te malad pandan 9<sup>yèm</sup> ane a (F.S. § 1003.429(2)(c)). Elèv ki pa remèt fòm opsyon gradyasyon a nan delè yo mande pou sa a, avan dat la gen tan fin pase sipoze otomatikman ranpli kondisyon jeneral 4 ane etid nòminal 24 kredi yo mande pou elèv kapab gradye.

Elèv ki chwazi opsyon gradyasyon 18 kredi a, men ki pa satisfè kondisyon yo nan fen twa zan, y ap plase li otomatikman nan 24 kredi opsyon an. Nenpòt elèv ki ta enterese benefisye avantaj pwogram gradyasyon akselere sa yo oswa lòt pwogram akademik tankou pwogram plasman avanse, Bakaloreya entènasyonal, oswa opòtinite pou enskri nan de pwogram diferan sipoze kontakte konseye akademik lekòl yo a.

## Libète ekspresyon ak Piblikasyon Elèv yo

(P-8.123, P-2.121, P-2.122, P-2.131, P-5.70)

Konstitisyon Etazini garanti libète opinyon pou tout moun anjeneral. Prensip edikasyon ki pi elemantè ta dwe prepare nou tout pou egzèse dwa sa a yon fason ki responsab. Nou bezwen aprann ki jan pou nou aprann tande opinyon pa lòt moun ak ki jan pou nou aprann ekspriye opinyon pa nou pasifikman ak nan lòd.

### Règleman yo (P-2.131, P-5.70)

Elèv yo dwe konpòte yo ak respèkte dwa tout lòt moun. Anjeneral, pa dwe gen pyès materyèl enprime ki dwe distribiye nan lekòl yo oswa sou lakou lekòl yo san pèmisyon alavans direktè/tris lekòl la oswa yon anplwaye manb lekòl la ki otorize. Men kondisyon ki tabli pou sa:

1. Elèv yo dwe jwenn pèmisyon yo administratè lekòl la avan yo:
  - a. Distribiye oswa afiche nenpòt materyèl sondaj oubyen petisyon ki pa soti lekòl la;
  - b. Enprime oswa fè piblikasyon elektwonik kèlkeswa piblikasyon nan lekòl la; kolekte lajan oubyen vann piblisite pou piblikasyon nan lekòl la; oubyen/ak distribiye kèlkeswa materyèl piblisite, politik, oswa relijye sou lakou lekòl la.

*Anons k ap fèt sou reyinyon gwoup elèv ki pa fè pati pwogram akademik lekòl la, ki afiche sou tablo anons jeneral lekòl la, pa reprezante nesèman ni opinyon Distri lekòl la, ni opinyon responsab lekòl la. Distri a senpman ofri gwoup sa yo yon espas fizik, san pou otan li pa fè pwomosyon ni andòse opinyon ki ekri nan materyèl sa yo. Nou ankouraje elèv yo pran an konsiderasyon lide, opinyon ak kwayans lòt elèv parèy yo nan lekòl la lè y ap afiche enfòmasyon konsa (P-2.121).*

2. Elèv pa gen dwa distribiye petisyon oswa sondaj opinyon nan klas yo, sof si se dokiman ki gen rapò ak travay klas la ap fè a ak pèmisyon pwofesè a.
3. Pa dwe gen okenn atik ni piblikasyon k ap distribiye nan lakou lekòl la kote:
  - a. Direktè/tris lekòl la oswa yon lòt responsab twouve ki obsèn, vilgè oswa pònografik nan lekòl la; ki diskriminatwa oswa difamatwa; ki gen deklarasyon ki atake lavi prive lòt moun oswa k ap fè piblisite pou atik timoun minè pa gen dwa itilize.
  - b. Sa kapab kreye yon okazyon pou entèwonp aktivite nòminal lekòl la oswa pou deranje disiplin apwopriye ki nesèsè pou bon fonksyonman lekòl la; oswa k ap ankouraje vyolans oubyen lòt aktivite ilegal.

4. Pa dwe gen okenn materyèl pònografik okenn kote sou pwopriyete lekòl la.
5. Pou jwenn pèmasyon pou sèvi ak system kominikasyon entènèt ak lòt rezo nan lekòl la, elèv la ak tout paran/responsab li sipoze siyen yon fòm voye tounen lekòl la atestan yo asepte kondisyon yo bay yo ak responsablite yo genyen lè y ap sèvi nan entènèt la (P-8.123).

DWA	DEVWA
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> pou vle tande tou de son klòch nan sijè diskisyon kote gen de kan (P-2.59 (7) (d)).</p>	<p><b>Elèv yo gen kòm devwa</b> pou egzamine, analize, evalye ak sentetize enfòmasyon yo avan yo tire yon konklizyon (P-2.59).</p>
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> pou bay opinyon yo ak ekspriye pwennvi yo depi yo fè li kote, nan lè ak nan fason ki apwopriye (P-2.59, P-2.131).</p>	<p><b>Elèv yo gen kòm devwa fè izaj</b> bon sans lè y ap devlope lide yo nan piblikasyon elèv ap pibliye (P-5.70).</p>
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> libète opinyon atravè piblikasyon lekòl la ann akò avèk kondisyon legal ak reglemantè yo, règleman komite, diskou sivil, jounalis responsab ak estanda pwofesyonèl epi nan yon kad respè mityèl. (P-5.70).</p>	<p><b>Elèv yo gen kòm devwa</b> pou fè izaj bon sans yo lè y ap chwazi sous ki pou ba yo enfòmasyon yo vle pibliye (P-5.70, P-5.1811).</p>
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> pou konnen lekòl la p ap aksepte okenn fòm materyèl pònografik ak/oswa ki nuizib pou lòt moun lekòl la (P-5.1812, P-5.1813, P-5.70, P-8.123).</p>	<p><b>Elèv yo gen kòm devwa</b> pou konprann diferans ki genyen ant sa ki apwopriye ak sa ki pa akseptab lè y ap itilize resous teknoloji distri a nan enfòmasyon y ap chèche sou entènèt la ak nan lòt rezo enfòmasyon (P-8.123).</p>
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> itilize sistèm kominikasyon sou entènèt ak lòt rezo pou jwenn plis enfòmasyon ak resous pou objektif akademik (P-8.123).</p>	<p><b>Elèv yo gen kòm devwa</b> pou yo kenbe modpas yo konfidansyèl (P-8.123).</p>
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> sèvi ak sistèm telekominikasyon sou entènèt ak lòt rezo pou objektif akademik pou chèche enfòmasyon k ap ede yo pwodui entelekyèlman, kolabore ak kominike pou afè lekòl yo (P-8.123).</p>	<p><b>Elèv yo gen kòm devwa</b> pou konprann lè y ap sèvi ak sistèm telekominikasyon sou entènèt ak lòt rezo enfòmasyon yo, se yon privilèj yo genyen yo kab pèdi depi yo ta angaje yo nan sèvi ak yon seri resous ki ilegal oswa ki pa aseptab (P-8.123).</p>
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> itilize enstriman telekominikasyon sou entènèt ak nan rezo konpitè yo san yo pa bezwen gen lapèrèz moun ap vyole, mal entèprete, defèt, detwi oswa vòlè sa yo pwodui yo (P-8.123).</p>	<p><b>Elèv yo gen kòm devwa</b> pou sèvi ak sistèm telekominikasyon sou entènèt la ak lòt rezo yo an moun responsab nan yon fason rezonab, efisyan, legal ak moral, suivan objektif ansèyman y ap resevwa a (P-8.123).</p>
<p><b>Elèv yo gen dwa</b> pratike aktivite relijyez yo nan pwòp lè pa yo andeyò aktivite fonksyon lekòl la. (P-2.122)</p>	
<p><b>Elèv klas segondè yo gen dwa</b> monte fowòm piblik ak yon sèten limit pou gwoup elèv reyini. (P-2.121).</p>	

## Gradyasyon, Rekonesans premye ak dezyèm loreya

(P-8.01 Plan evalyasyon elèv nivo segondè)

REMEK: Lwa Senatoryal 4 la kapab gen enpak sou kondisyon sa a.

Pou kalifye kòm rekonesans premye ak dezyèm loreya, yon elèv dwe te nan menm lekòl piblik ki nan distri lekòl rejyon Palm Beach la pandan twa zan, de ladan yo tad we avan dènye ak dènye ane lekòl segondè li. Yon elèv ki oblije chanje lekòl akòz yon chanjman ditri a fè nan limit fwontyè lekòl, ap kalifye pou pataje rekonesans premye oswa dezyèm loreya avèk yon elèv ki antyèman kalifye, san l pa bezwen gen twa zan prezans yo te egzije pou l te fè nan menm lekòl la. Antouka, elèv la te dwe enskri nan lekòl piblik nan Distri a pandan twa zan.

Elèv ki seleksyone opsyon 18 kredi gradyasyon, oswa ki chwazi pou fè opsyon 24 kredi an pi bonè kapab klase egzeko avèk premye /dezyèm loreya. Men, yon elèv ki antre bonè ki enskri ap lontan nan yon kolèj oswa inivèsite pandan li nan dènye ane lekòl segondè p ap kalifye pou rekonesans sa a.

Kalkil Premye ak Dezyèm loreya:

- **Rekonesans premye/dezyèm loreya ap baze sou mwayèn jeneral ki merite onè, (HPA), ki soti nan nòt ou te fè apre klas uityèm jiska premye semès klas douzyèm.**
- Premye loreya a se elèv ki fè pi gwo mwayèn jeneral ki merite onè a, (HPA), pote nan plas dimilyèm.
- Dezyèm loreya a se elèv ki fè dezyèm pi gwo mwayèn jeneral nan HPA pote nan plas dimilyèm.
- Nan ka gen plizyè loreya ki fè menm gwo mwayèn ap gen plizyè premye loreya, epi elèv ki fè twazyèm gwo mwayèn nan ap dezyèm loreya. Nan ka gen plizyè dezyèm gwo mwayèn HPA, ap gen plizyè dezyèm loreya.

MATYÈ	24- kredi/Pwogram 4 ane tradisyonèl pou elèv k ap antre nan nevyèm ane avan 2007-2008 F.S. 1003.43	24 kredi/Pwogram 4 ane tradisyonèl pou elèv k ap antre nan nevyèm ane pandan 2007-2008 ak apre sa. F.S. 1003.428
<b>Anglè</b>	4 kredi (pi gwo konsantrasyon sou konpozisyon ak literati)	4 kredi, avèk pi gwo konsantrasyon sou konpozisyon ekri lekti pou enfòmasyon ak literati
<b>Matematik</b>	3 kredi (youn nan yo dwe aljèb I oswa ekivalan li)	4 kredi, youn nan yo dwe aljèb I oswa ekivalan, oswa yon kou matematik nivo elve
<b>Syans</b>	3 kredi ki genyen 1 kredi nan byoloji ak 1 kredi nan syans fizik; tout dwe genyen yon pati laboratwa	3 kredi ki genyen 1 kredi nan byoloji ak 1 kredi syans fizik; tout dwe genyen yon pati laboratwa
<b>Syans Sosyal</b>	11 kredi pou istwa jeneral 1 kredi pou istwa Amerikèn ½ kredi pou gouvènman Amerikèn ½ kredi pou ekonomi	1 kredi pou istwa jeneral 1 kredi pou istwa Amerikèn .5 kredi pou gouvènman Amerikèn .5 kredi pou ekonomi
<b>Lang etranje</b>	Pa obligatwa pou gradye nan lekòl segondè; obligatwa pou admisyon nan pifò inivèsite	Pa obligatwa pou gradye nan lekòl segondè; obligatwa pou admisyon nan inivèsite leta

<b>Atizay pratik oswa Atizay senik/plastik</b>	1 kredi pou edikasyon nan karyè atizay pratik oswa edikasyon nan karyè eksplorasyon OSWA  1 kredi pou adramatik OSWA  ½ kredi pou atizay plastik AK ½ kredi pou atizay senik	1 kredi nan pèfòmans oswa boza, diskou, deba oswa klas pratik ki apwouve.
<b>Teknik jesyon</b>	½ kredi	0
<b>Edikasyon fizik</b>	1 kredi (ki gen ½ kredi pou kondisyon fizik pèsoneèl ak ½ kredi pou edikasyon kilti fizik ochwa)	1 kredi pou edikasyon fizik pou enkli entegrasyon sante
<b>Majè/Minè oswa Elektiv</b>	8 ½ kredi	8 kredi ki enkli: <ul style="list-style-type: none"> <li>• 4 kredi pou yon matyè enpòtan</li> <li>• 4 kredi pou kou elektif ki kab konbine pou pèmèt yon dezyèm matyè enpòtan, yon matyè mwens enpòtan (3 kredi), kou elektif endividyèl, lekti entansif oswa entèkansyon nan matematik oswa kou ratrapaj pou jwenn kredi</li> </ul>
<b>TOTAL</b>	<b>24 kredi</b>	<b>24 kredi</b>
<b>Lè pou sèvis kominotè</b>	20 èdtan	20 èdtan
<b>Kondisyon Evalyasyon Egzamen Ofisyèl Leta</b>	Fè nòt obligatwa pou pase egzamen FCAT nan klas 10yèm (1) (2)	Fè nòt obligatwa pou pase egzamen FCAT nan 10yèm (1) (2)
<b>Kondisyon sou mwayèn jeneral (Grade Point Average-GPA)</b>	Fè 2.0 sou 4.0 kòm mwayèn jeneral (GPA)	Fè 2.0 sou 4.0 kòm mwayèn jeneral (GPA)

### Distri Lekòl Rejyon Palm Beach

Nou ankouraje elèv yo pou konsidere fòmasyon nivo siperyè yo oswa plan yo genyen pou karyè pwofesyonèl lè y ap chwazi kondisyon yo vle aplike pou yo gradye. **Pou rive chwazi yon pwogram gradyasyon twa zan, elèk ak paran/responsab yo dwe jwenn avèk konseye lekòl la pou ranpli yon fòm deklarasyon avan fen 9yèm ane, bay rezon valab pou absans ki sipòte yon ekstansyon.** Paran elèv andikape ki p ap tann yon diplòm estanda ta dwe kontakte kowòdonatè pwogram Edikasyon Elèv Eksepsyonèl yo nan lekòl yo pou ranpli kondisyon yon diplòm espesyal, ki tonbe daplon avèk FAC 6A.109961.

<b>18-Kredi/Pwogram pre inivèsité 3 ane (FS 1003.429(b))</b>	<b>18-Kredi/Pwogram pre inivèsité 3 ane (FS 1003.429(c))</b>
<b>4 kredi Anglè (pi gwo konsantrasyon sou konpozisyon ak literati)</b>	4 kredi Anglè (pi gwo konsantrasyon nan konpozisyon ak literati)
<b>3 kredi Matematik nan nivo Aljèb I oswa pi wo</b>	3 kredi matematik (youn ladan yo dwe aljèb I)
<b>3 kredi syans natirèl (2 dwe genyen yon pati laboratwa)</b>	3 kredi syans natirèl (2 dwe genyen yon pati laboratwa)

Syans Sosyal 1 kredi pou istwa jeneral 1 kredi pou istwa Amerikèn ½ kredi pou gouvènman Ameriken ½ kredi pou ekonomik	Syans Sosyal 1 kredi pou istwa jeneral 1 kredi pou istwa Amerikèn ½ kredi pou gouvènman Ameriken ½ kredi pou ekonomik
2 kredi nan menm lang nan oswa demontre konpetans nan yon dezyèm lang <sup>(3)</sup>	0
0	3 kredi nan yon pwogram vokasyonèl/pwofesyonèl oswa 3 kredi nan yon pwogram doub enskripsyon pou yon sètifika pwofesyonèl/Teknik oswa 5 kredi nan yon pwogram vokasyonèl oswa edikasyon pwofesyonèl (3 ladan yo nan yon sèl pwogram)
3 kredi elektif (dwe satisfè egzijans pou admisyon nan inivèsite eta a)	2 kredi amwenske gen 5 kredi edikasyon vokasyonèl pi wo a ki metrize
18 credits <sup>(4)</sup>	18 kredi
Passing scores on the Grade 10 FCAT <sup>(1)(2)</sup>	Fè nòt obligatwa pou pase egzame FCAT nan klas 10yèm <sup>(1)(2)</sup>
Mwayèn jeneral 3.5 nan matyè obligatwa yo epi 3.0 pou pi piti pou chak kredi ki aplikab nan 18 kredi yo	Mwayèn jeneral 3.0 nan matyè obligatwa yo epi 2.0 pou pi piti pou chak kredi ki aplikab nan 18 kredi yo

1. Kondition FCAT yo kab ranpli avèk nòt SAT/ACT yo ki daplon avèk nòt FCAT kipèmèt elèv pase, aprè 3 tantativ FCAT.
2. Eksepsyon yo fè pou elèv ki nan pwogram Edikasyon Elèv Ekspesyonèl. Jwenn avèk kowòdonatè ESE a.
3. Elèv ki gen konpetans pou lang etranje dwe pran de kou akademik adisyonèl.
4. Tout kredi ki fèt dwe satisfè kondisyon admisyon sistèm inivèsite leta yo. Dwe genyen omwens 6 nan 18 kredi pou kou yo klase kòm onè, AP, IB, AICE oswa Depatman Edikasyon Nasyonal Florid klase kòm egzijan

## Sante

Pwogram sante nan lekòl rejyon Palm Beach yo se yon patenarya ant Distri Sante Piblik rejyon Palm Beach la, depatman Rejyonal Sante Palm Beach ak Distri Lekòl Rejyon Palm Beach. Sèvis sante preliminè ki disponib pou elèv nan lekòl piblik yo, dapre lwa 381.0056 leta Florid la gen ladan li pwogram enfimiyè lekòl la ak egzamen sante ki nan lis pi ba a. *Yon paran gen dwa pa otorize pitit li pran egzamen sante sa yo si li fè rekèt alekri nan nouvo fòm enskripsyon l ap ranpli pou elèv la lè l ap retounen antre lekòl (P-5.06 (A)(4); F.S. § 381.0056 (7)(e)).*

### Pwogram koperatif Kominotè

#### Inisyativ prevansyon dantè:

- Pwogram fliyòrid “Swish” pou rense bouch pou elèv jadendanfan rive nan 5<sup>yèm</sup> ane yo disponib nan zòn nan rejyon an kote dlo yo pa gen fliyò
- Pwogram simantaj dan pou elèv 2<sup>yèm</sup> ane yo disponib tou nan yon zòn byen detèmine.

#### Asirans sante ak aksidan:

- Florida KidCare – yo bay chak elèv yo yon fòm aplikasyon asirans sante pou timoun yo pote lakay yo. Pou plis enfòmasyon kontakte: [www.floridakidcare.org](http://www.floridakidcare.org) oswa rele 1-888-540-5437.
- Asirans lekòl Florid – aplikasyon plan asirans aksidan yo disponib nan tout lekòl yo. Pou plis enfòmasyon kontakte: [www.schoolinsuranceofflorida.com](http://www.schoolinsuranceofflorida.com) oswa rele 1-407-798-0290 or 1-800-432-6915.

#### Sèvis Sipò pou Lekòl & Fanmi:

- Boys Town South Florida ofri pwogram prevansyon ak entèvansyon sa a nan 57 lekòl primèelemantè avèk atansyon espesyal pou jadendanfan ak premyè ane.
- Pwogram nan ofri sèvis adomisil oswa nan lekòl la pou timoun ak fanmi ki gen pwoblèm sosyal, emosyonèl ak konpòtman ak konseye famiyal k ap ofri tou aktivite pou timoun ki pa nan gwoup laj sa a.
- Objektif pwogram nan se pou redui baryè ki anpeche siksè edikatif ak ede timoun yo fonksyone nan nivo yo; amelyore byennèt sosyal, emosyonèl ak konpòtman, ak redui abi/neglijans k ap fèt sou timoun yo.

<p><b>Sèvis enfimiyè lekòl la</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Konsiltasyon ak entèvansyon pou blesi/maladi</li><li>• Trètman dosye ak plan devlopman swen santé pou pwoblèm santé ki idantifye yo</li><li>• Konsiltasyon eta santé ak paran, estaf lekòl la ansanm ak doktè yo</li><li>• Lyezon ant lekòl/kominote ak santé yo</li><li>• Administre medikaman</li><li>• Pwomosyon ak edikasyon sante</li><li>• Analiz dosye sante (egzamen medikal, dosye vaksinasyon ak rezilta tèks medikal yo)</li></ul> <p><b>Tèks sante yo</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Egzamen je, zòrèy, kwasans ak devlopman (wotè ak gwochè ak kalkil BMI), ak egzamen eskolyoz pèmèt pwofesyonèl santé yo jwenn enfòmasyon valab aladispozisyon yo. Yo enfòme paran yo sou rezilta tèks sa yo pou doktè prensipal yo kab fè suivi nan eta sanète pitit yo, si nesèsè.</li></ul> <p>Yo bay egzamen sante nan nivo klas sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>- Egzamen je (klas K, 1, 3, 6) (9<sup>yèm</sup> ane si yo vle)</li><li>- Egzamen zòrèy (klas K, 1, 6) (9<sup>yèm</sup> ane si yo vle)</li><li>- Egzamen eskolyoz (6)</li><li>- Egzamen kwasans &amp; devlopman (klas 1, 3, 6) (9<sup>yèm</sup> ane si yo vle)</li></ul> <ul style="list-style-type: none"><li>• Egzamen je pou mezire akuite vizyèl se pati ki pi enpòtan nan pwosesis egzamen je yo. Ekspè medikal yo estime 25% timoun ki nan laj lekòl gen pwoblèm vizyon ki kab afekte anpil abilitè pou yo aprann lekòl yo.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Li enpòtan anpil pou tout elèv yo resevwa sèvis sa yo pou kab ede detekte bonè pwoblèm santé yo kab genyen alavni ak fè prevansyon pou sa, men tou, paran yo kapab chwazi pou pa kite pitit yo patisipe nan pwogram deteksyon sa yo depi yo ekri lekòl la fòmèlman pou fè konnen sa.</li></ul> <p><b>Dosye medikal lekòl yo</b></p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Distri lekòl la ap kenbe yon dosye ki gen enfòmasyon sou santé pou chak elèv konsènan vaksen yo pran ak egzamen yo sibi. Distri Sante Piblik la ak Depatman Sante Enfimiyè ap kenbe rezilta egzamen sante pou je, zòrèy, devlopman ak kwasans ak eskolyoz</li><li>• Distri Lekòl la oswa Distri Sante Piblik ap kenbe yon dosye ki gen enfòmasyon sou sante pou chak elèv konsènan vaksen yo pran, egzamen medikal yo sibi, ak tout lòt tèks pou je, zòrèy, kwasans ak devlopman ak eskolyoz.</li><li>• Lè gen yon seri pwoblèm sante yo oblije adrese pandan lè klas ap travay, oswa yon elèv dwe al konsilte enfimiyè lekòl la oswa yon lòt pwofesyonèl nan sèvis sante, lè sa a, lekòl la kreye yon lòt dosye separe ki konfidansyèl pou elèv la pandan ane li pase lekòl yo.</li><li>• Dosye trètman medikal sou sante elèv la konfidansyèl anpil epi se sèl lè “gen nesèsite” pou yo konsilte manm pèsònèl ki kalifye a.</li></ul> <p><b><i>Nan ka ijans, y ap pataje enfòmasyon sou sante ki esansyèl yo ak pèsònèl sekouris yo.</i></b></p>
--	--

## Maladi Kontajye

*Distri Lekòl la travay an kolaborasyon avèk Depatman Sante Rejyon Palm Beach pou envestige sou nenpòt epidemi maladi kontajye nan lekòl la*

### Maladi Kontajye

- Yo kapab sispann elèv ki genyen oswa yo sispèk ki genyen yon maladi kontajye oswa enfeksyon yo kab transmèt bay lòt elèv, baze sou desizyon Depatman Sante; yo kab pa kite elèv sa yo retounen si yo pa konplètman trete ak/oswa prezante yon nòt kote yon doktè endike yo pa kapab kontamine lòt elèv ankò. (P-5.322 and F.S. 1003.22 (9))

### Maladi Menengokòk

- Pwogram vaksen pou timoun yo (VFC) genyen vaksinasyon kont menengokòk yo ofri nan depatman an pou elèv ki kalifye, 18 an ak piba.
- Maladi menenjit la ra, se sèlman 2000 a 3000 moun ki pran maladi sa a chak ane nan peyi Etazini.
- Maladi Menengokosik la enkli Menenjit, pi frekan lakay timoun ki gen mwenske yon ane ak lakay moun ki gen sètèn kondisyon medikal, tankou mank dantouzyas. Yo remake ogmantasyon maladi sa a nan peryòd laj adolesan ak anfantiyaj. Dòtwa kolèj se yon pigwo ris paske elèv yo pataje chanm ansanm. Plis ris ekspozisyon gen rapò ak fimen oswa rete kote moun ki fimen epi kay ki chaje ak moun.

## Kondisyon Sante pou antre lekòl

Egzamen Fizik (P-5.06 (A) ak (F.S. 1003.22(1))	Vaksinasyon (P-5.06)(B) ak (F.S. § 1001.22(4) (5))
Egzamen sante pou antre lekòl se yon obligasyon pou tout elèv ki fèk antre nan Distri a ak elèv matènèl, jadendanfan, epi klas 7yèm, san eksepsyon. Egzamen fizik yo dwe figire sou fòm DH3040 ki dwe remèt bay lekòl nan yon limit 30 jou aprè elèv la kòmanse. Egzamen medikal ki soti nan lòt eta yo akseptab si yo reponn ak menm kondisyon evalyasyon ki nan fòm DH3040 la.	Avan ou antre lekòl, ou dwe prezante yon sètifika vaksen (DH680) ki endike ou konfòm ak orè vaksinasyon aktyèl yo mande a. Ou kab prezante yon fòm eksepsyon relijye (DH681) w ap jwenn sèlman nan Depatman Sante Rejyon Palm Beach la. Elèv ki pa gen kay, yo transfere, oswa k ap antre nan pwogram jistis kriminel kapab elijib pou yon eksepsyon 30 jou. Gade FAC64D-3.046(4).

### Obligasyon Vaksinasyon soti nan klas jadendanfan pou rive nan klas douzyèm

	Matènèl	K	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
Seri DTaP/DT	X*	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
Boustè Tdap									X	X				
Boustè Tdap/Td											X	X	X	X
Seri Polyo	X*	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
MMR – 2 dòz	X*	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
Seri Epatit B	X*	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
Varisèl – 2 dòz		X	X	X										
Varisèl - 1 dòz	X*				X	X	X	X	X	X	X			
Seri Hib	X													

\*Laj matènèl 3-dòz, jan yo endike sa pou laj.

Pwogram vaksen pou timoun yo (VFC) ofri vaksinasyon nan Depatman Sante pou timoun ki kalifye, 18 an oswa mwens, enkli vaksen ki obligatwa pou antre lekòl la ak vaksen kont maladi tankou Menenjit ak HPV.

## Responsablite Paran ak Sante Elèv

Se responsablite paran an(yo) pou li(yo) avize lekòl la konsènan nenpòt kondisyon sante pitit li(yo) genyen ki kapab mande medikaman, tretman, oswa asistans nan lekòl oswa vizit espesyal nan lekòl oswa lòt aktivite. Daprè Règleman Komite Dirijan Lekòl 5.321, se responsablite paran an(yo) pou prezante yon papye otorizasyon konfòm pou medikaman/tretman (fòm y ap jwenn nan men doktè) bay lekòl la si pitit yo dwe pran medikaman (enkli medikaman san preskripsyon) oswa jwenn tretman pandan yo lekòl la.

Se responsablite paran an pou li avize administrasyon lekòl la, daprè regleman 5.321 Distri Lekòl la, ke pitit yo bezwen yon aparèy monitè apwopriye; sa enkli aparèy pou kontwole sik, selon règleman 5.3212. Tout aparèy monitè dwe toujou genyen sou li afich règleman 5.321 ak règleman 5.3212.

## Kontak sou Kesyon Sante

Health Care District of Palm Beach County, Pwogram Sante Lekòl	561-659-1270
Palm Beach County Health Department, Divizyon Sante Lekòl	561-840-4500
School District of Palm Beach County, Sèvis Entèkansyon Elèv	561-494-1588

*Ou kapab jwenn lòt enfòmasyon konsènan swen sante nan:*

*The Wellness Promotion Policy 2.035 ki nan adrès <http://www.palmbeachschools.org/policies/>, <http://healthykids.org>, or <http://www.cdc.gov>.*

## Ansèyman Adomisil

Lwa eta Florid defini Edikasyon Adomisil (FS.1002.41; 1002.01; P-8.14) kòm “enstriksyon pwogresiv etap pa etap paran bay elèv pou li kab satisfè obligasyon sou kesyon prezans” jan leta Florid mande pou aplike prensip la. Lwa eta Florid mande pou elèv yo enskri nan Biwo Edikasyon Adomisil distri a. Biwo Edikasyon Adomisil la asire konfòmite pou tout elèv ki enskri. Pou plis enfòmasyon, rele 561-434-8052 oswa vizite sit entènèt nou nan adrès: [www.palmbeachschools.org/homeeducation/index.asp](http://www.palmbeachschools.org/homeeducation/index.asp).

## Endèks Ensidan ak Konsekans yo

(P-5.1811, P-5.1812, P-5.1813)

NOTE: Gen yon seksyon nan manyèl sa a ki gen yon rezime kòd disiplinè pou elèv. Pou w kab wè tout vèsyon elektwonik kòd disiplinè a, gade chapit 5 nan adrès <http://www.palmbeachschools.org/policies/> li genyen regleman 5.002, Regleman 5.0921, 5.18 a 5.1891 ak regleman 5.80. Si ou ta vle genyen feyè ki gen kòd disiplinè elèv la, kopi yo disponib nan lekòl la.

## ENSIDAN

### NIVO EN

Ensidan Konsènan Prezans	Ensidan Twoublan
<ul style="list-style-type: none"><li>• Reta, Abityèl</li><li>• vagabondaj/absans san eksplikasyon</li><li>• Andeyò zòn li dwe ye a</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Jwèt Twoublan</li><li>• Konpòtman twoublan</li><li>• Langaj derespektan</li></ul>

<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kite lakou lekòl la san pèmision</li> </ul> <p><b>Ensidan Vyolasyon Règleman</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Vyolasyon Règleman sou Inifòm</li> <li>• Montre afeksyon an piblik</li> <li>• Kopye</li> <li>• Pa konfòme ak règleman klas/lekòl yo</li> <li>• Dezobeyi règleman nan bis yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Annui/atak</li> <li>• Konfwontasyon</li> <li>• Mansonj/fo rapò</li> <li>• Atik ki twoublan pou lekòl</li> <li>• Atik entèdi, ki pa kriminèl, itilizasyon medikaman san otorizasyon</li> <li>• Lavant san otorizasyon/distribisyon materyèl</li> <li>• Aktivite ki pa apwopriye</li> </ul>
Disiplin ESE – Tanpri, refere a P-5.189	Disiplin Plan 504 – Tanpri, refere a P-5.1891

### NIVO DE

<p><b>Ensidan Vèbal /Fizik/Twoublan</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Twoub nan bis</li> <li>• Dezobeyisans/Rebelyon</li> <li>• Pwofanite/langaj malsen</li> <li>• Menas, ki pa kriminèl</li> <li>• Agresyon fizik (ki angaje polis)</li> <li>• Konpòtman twoublan repete</li> <li>• Dezobeyisans repete/defi ouvè/rebelyon</li> <li>• Annui ki repete, atak, konpòtman entimidan oswa menasan</li> <li>• Konpòtman vag</li> </ul>	<p><b>Ensidan sou Pwopriyete</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Abize pwopriyete lekòl/dega minè</li> <li>• Ti vòl/ oswa gwo vòl</li> </ul> <p><b>Ensidan Vyolasyon Règleman ak Lòt Ensidan Serye</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pinisyon- retni (regilye)</li> <li>• Pinisyon- retni (pwolonje/plizyè)</li> <li>• Pinisyon-retni (Samdi)</li> <li>• Tire peta/kolorat</li> <li>• Fòje dokiman oswa siyati</li> <li>• Aza</li> <li>• Atak seksyèl</li> <li>• Aktivite inapwopriye sevè/repetitiv</li> <li>• Deklarasyon menasan, ki pa kriminèl</li> </ul>
---	--

### NIVO TWA

#### Tout Ofans nan Nivo Twa a ap abouti a Sispansyon nan Lekòl la

<p><b>Ensidan Krim Kont Moun</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Batay</li> <li>• Jouwe lòt elèv/ lòt moun</li> <li>• Jouwe anplwaye Dirijan Lekòl</li> <li>• Takinen elèv fizikman/ lòt moun (ki pa anplwaye Dirijan Lekòl la)</li> <li>• Fè tantativ zak kriminèl sou yon moun</li> <li>• Sitirans/fè chantaj/brize</li> <li>• Vòl</li> <li>• Agresyon fizik sou anplwaye Dirijan Lekòl yo</li> </ul> <p><b>Ensidan sou Pwopriyete</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Vòlè plis pase \$50</li> <li>• Dega ki koute plis pase \$100 (enkli materyèl/mendèv)</li> <li>• Kraze epi fòse antre/Vòl</li> <li>• Itilize òdinatè mal/izaj imèl ki pa apwopriye</li> </ul>	<p><b>Ensidan konsènan dwòg ak alkòl</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Posesyon/itilizasyon pwodui tabak</li> <li>• Posesyon san otorizasyon oswa move itilizasyon preskripsyon oswa medikaman san preskripsyon</li> <li>• Itilizasyon pwodui entoksikant</li> <li>• Posesyon, itilizasyon, fabrike, vann, sere, oswa distribye alkòl oswa bwason entoksikant</li> <li>• Posesyon, itilizasyon, sere oswa distribye dwòg parafènalya</li> <li>• Posesyon, itilizasyon, oswa sere dwòg oswa imitasyon dwòg ki prezante sou fòm dwòg</li> </ul> <p><b>Konduit dezòdone/Ensidan zam</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Twouble yon lekòl/konduit dezòdone</li> <li>• Vyole fontyè</li> <li>• Fo alam/rele 911</li> <li>• Menas bonm</li> <li>• Zak inapwopriye, devègonde, oswa obsèn</li> <li>• Move conduit seksyèl</li> <li>• Posesyon kouto</li> <li>• Posesyon lòt objè danjere potansyèlman</li> <li>• Zak Sispansyon Feloni</li> </ul>
---	---

**NIVO KAT**

**Minimòm yo Rekòmande pou Ofans Nivo Kat: Sispanasyon ak Rekòmandasyon pou Mete Deyò nèt  
(P-5.1814)**

<p><b>Ensidan Kriminèl</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Menas vyolans, nivo siperyè</li> <li>• Posesyon zam oswa revolvè</li> <li>• Posesyon, itilizasyon, vant, sere, oswa distribisyon aparèy eksklizif</li> <li>• Vann, Montre entansyon pou vann, oswa distribisyon dwòg, imitasyon dwòg ki prezante sou fòm dwòg, oswa medikaman a preskripsyon</li> <li>• Frape grav</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Vòl a men ame</li> <li>• Frape oswa frape anlwaye Dirijan Lekòl</li> <li>• Atak seksyèl</li> <li>• Kadèjak oswa anlèvman</li> <li>• Omisid</li> <li>• ensandi</li> </ul>
---	---

**KONSEKANS**

(P-5.1812, P-5.1813)

<p><b>Prekansyon pou evite pinisyon</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konferans ak elèv/avètisman</li> <li>• Rekòmandasyon pou rankontre konseye akademik la</li> <li>• Rekòmandasyon pou medyasyon</li> <li>• Kontra sou konpòtman oswa plan</li> <li>• Rankont ak estaf (ESE/504 Plan/Lòt)</li> <li>• Kominike ak paran pa ekri (otke kopi rekòmandasyon an)</li> <li>• Rapò kotidyen/ebdomadè</li> <li>• Chanjman orè (chanjman klas regilye)</li> <li>• Kontak paran</li> <li>• Konferans paran ak administratè/pwofesè nan lekòl la</li> <li>• Paran asiste klas ak pitit li</li> <li>• Enstitisyon volontè/aksyon pèsonel</li> </ul> <p><b>Entèkansyon bonè pou evite pinisyon</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Manje midi ansilans/entèdiksyon manje midi</li> <li>• Fè sèvis lekòl (nan lè lekòl)</li> <li>• Deplasman tanporè (nan klas)</li> <li>• Pèdi privilèj (nan lè lekòl)</li> <li>• Altènativ pou plase nan klas (nan kanpis; ti tan kout)</li> <li>• Rekòmandasyon pou rankontre ekip lekòl la</li> </ul> <p><b>Pinisyon ki gen rapò a otobis</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Bis, by plas fik</li> <li>• Bis, mete an pwobasyon</li> <li>• Bis, sispanasyon</li> </ul>	<p><b>Konsekans Disiplinè</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fè sèvis lekòl (avan/aprè lekòl)</li> <li>• Retni (regilye/tradisyonèl)</li> <li>• Retni (pwolonje oswa plizyè lòt)</li> <li>• Lekòl Samdi/retni</li> <li>• Konfiskasyon</li> <li>• Pèdi privilèj anplis</li> <li>• Ranbousman</li> <li>• Altènativ pou tabak/alkòl/dwòg</li> <li>• Jou pou rete inaktif</li> <li>• Altènativ pou elèv ki pa kab kontwole kolè/ki gen move konpòtman</li> <li>• Pwogram entèkansyon nan lekòl/altènativ pou sispanasyon nan lekòl</li> <li>• Rekòmandasyon pou tribinal jivenil</li> <li>• Sispanasyon deyò lekòl             <ul style="list-style-type: none"> <li>Tan kout 1 – 2 jou</li> <li>Tan kout 3 – 5 jou</li> <li>Tan long 6 – 10 jou</li> <li>Obligatwa - 10 jou</li> </ul> </li> </ul> <p><b>Konsekans Distri a Enpoze</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Sispanasyon alontèm (distri a apwouve)</li> <li>• Demand pou ale nan pwogram espesyal/lekòl altènativ/ (plasman distri)</li> <li>• Sispanasyon feloni</li> <li>• Ekspilsyon tanporè konsènan plasman nan lekòl altènativ</li> <li>• Lekòl altènativ olye ekspilsyon</li> <li>• Ekspilsyon avèk sèvis</li> <li>• Onore yon ekspilsyon ki soti nan lòt distri</li> </ul>
---	--

**1<sup>st</sup> Ofans Dwòg ak Alkòl – Vyolasyon Posesyon oswa Itilizasyon** – Yo DWE bay elèv la opòtinite pou chanje 5 jou sispansyon lekòl la pou pwogram altènatif distri a apwouve a.

**Vyolasyon Dròw ak Alkòl repete** – MANDE 10 jou sispansyon lekòl AK Rekòmandasyon pou mete deyò nèt.

**1<sup>ve</sup> Ofans Vyolasyon Tabak** – Yo DWE bay elèv la opòtinite pou chanje 7 jou sispansyon lekòl la pou pwogram altènatif distri a apwouve a.

**2<sup>yèm</sup> Ofans Vyolasyon Tabak** – Yo DWE bay elèv la opòtinite pou chanje 5 jou sispansyon lekòl la pou pwogram altènatif distri a apwouve a.

**Vyolasyon Tabak repete** – MANDE 10 jou sispansyon lekòl.

**NOTE:** Pou tout nivo, nenpòt ensidan ki “gen rapò” ak rayiman ak/ oswa zamafe dwe anrejistre nan kategori ki apwopriye a epi yo konsidere ogmante aksyon disiplinè pou sa.

**DISIPLIN PWOGRESIV:** Lè li deside ki aksyon disiplinè li dwe pran, direktè (tris) la oswa moun yo deziye a dwe konsidere laj elèv la, andikap li, ak konpòtman li te gen avan, posiblite pou li fè li ankò, entansyon, atitud, ak severite ofans la; chak fwa li posib, yo dwe egzèse aksyon disiplinè nan yon fason pwogresiv. Refere a règleman Distri Lekòl la konsènan jan pou discipline elèv andikape.

Konsekans pou elèv ki andikape nan LIDE yo ta tonbe anba sispansyon lekòl ak plasman nan pwogram edikasyon altènatif souliye nan nimewo P-5.189.

Konsekans pou elèv ki andikape nan seksyon 504 souliye nan nimewo P-5.1891.

## Enfòmasyon Konsènan Moun San lojman

### *Èske Fanmi ou ap Viv..*

- nan yon abriwovizwa, motèl, machin oswa yon kan?
- nan yon kay abandone, trelè, oswa lòt akomodasyon inadèkwat?
- ak zanmi oswa fanmi paske ou pa kab jwenn oswa peye pou kay?

Si ou reponn WI pou nenpòt kesyon anwo yo, elèv matènèl oswa elèv ki gen laj pou al lekòl ou a jwenn dwa oswa pwoteksyon anba lwa “**McKinney-Vento Homeless Education Assistance**”. Anba lwa sa a, pitit ou a gen dwa pou:

- Ale lekòl kèlkeswa kote ou rete oswa konbyen tan ou genyen depi ou rete la. Yo dwe bayo aksè ak menm edikasyon piblik la, enkli edikasyon matènèl yo bay lòt elèv.
- Kontinye ale nan lekòl ou te ye a avan ou te sanzabri si sa se chwa pa ou ak si sa fezab. Si yon lekòl voye pitit ou nan yon lekòl ki pat sa ou te mande a, lekòl la dwe ba ou yon eksplikasyon alekrit epi ba ou dwa pou w diskite desizyon an.
- Resevwa transpò nan lekòl yo ye a oswa dènye lekòl yo te ye a avan fanmi an devni sanzabri si ou te mande pou transpò sa a.
- Ale nan yon lekòl ak patisipe nan pwogram yon lekòl ki pa gen timoun sanzabri. Timoun yo pa dwe separe ak lekòl regilye yo paske yo sanzabri.
- Enskri nan lekòl san ou pa bay yon adrès pèmanan. Lekòl yo pa kapab mande prèv rezidans ki kab anpeche oswa retade enskripsyon.
- Enskri epi vini nan klas alòske lekòl la ap fè aranjman transfè lekòl la ak enfòmasyon sou vakans oswa nenpòt lòt dokiman ki mande enskripsyon.
- Enskri epi vini nan klas nan lekòl chwa a menmsi lekòl la ak oumenm ap chèche solisyon konsènan enskri timoun nan.

- Resevwa menm pwogram ak sèvis espesyal, si gen bezwen, tankou yo bay tout lòt timoun ki nan pwogram nan.
- Resevwa transpòtasyon pou ale lekòl ak pou ale nan pwogram yo.

Lè ou deplase, ou dwe fè bagay sa yo:

- Kontakte moun lokal distri a plase pou ede nan edikasyon elèv sanzabri ou pou li kapab montre ou kòman pou w enskri pitit ou nan yon nouvo lekòl oswa fè aranjman pou pitit ou kontinye nan ansyen lekòl li.
- Kontakte lekòl la epi bay enfòmasyon ou panse k ap ede pwofesè a nan ajisteman elèv la nan yon nouvo sikonstans.
- Poze lyezon lokal distri a kesyon sou edikasyon timoun sanzabri, oswa mande moun ki bay refij la, oswa travayè sosyal la asistans pou rad ak lòt founiti, si ou bezwen.

*Si ou bezwen lòt asistans, rele National Center for Homeless Education nan nimewo gratis pou èd la:*

**1-800-308-2145**

## **Anons Anyèl sou Aksè Enfòmasyon Jeneral sou Rekrutè Militè ak Enstitisyon Otzetid yo**

Lwa sou Zafè prive ak Dwa Edikasyon Familyal (FERPA, yon lwa federal), ak Estati eta Florid § 1002.22, jeneralman, mande pou Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la jwenn konsantman alekrit nan men ou avan mete deyò nenpòt enfòmasyon pèsònèl ki idantifyab konsènan dosye edikasyon pitit ou (amweske gen yon eksepsyon ki fè yo aplike sa).. Komite Dirijan Lekòl la pa gen yon règleman sou enfòmasyon jeneral. Sepandan, kòm yon pati nan lwa 2001 “Okenn Timoun Pa Dwe Rete Dèyè” a, kongrè a te mande pou tout Distri Lekòl k ap resevwa asistans anba lwa 1965 (ESEA) a bay militè rekrutè aksè pou sètèn enfòmasyon jeneral.

Lwa federal (20 U.S.C. § 7908(a)(1)) mande kounye a Distri a “dwe ofri, nan yon demann rekrutè militè yo oswa enstitisyon edikasyon otzetid fè, aksè ak non, adrès, ak lis telefòn elèv lekòl segondè yo”. Ou jwenn obligasyon sa yo nan 10 U.S.C. § 503(c)(1)(A)(ii). Y ap itilize enfòmasyon sa yo pou rezon rekritman militè ak lòt rezon lejitim tankou enfòmasyon elèv sou opòtinite èd akademik nan enstitisyon otzetid yo. Yo pa mande konsantman paran avan yo bay rekrutè yo ak enstitisyon kolèj yo enfòmasyon, byenke paran/elèv kapab “pa ladann”.

Annakò ak lwa sa yo, rekrutè militè yo gen dwa pou resevwa non adrès ak lis telefòn elèv lekòl segondè yo, amweske paran/elèv la te avize lekòl la yo pa vle enfòmasyon yo soti deyò san espesifik konsantman alekrit yo. “Yon elèv segondè oswa paran li kapab mande pou yo pa livre non, adrès, lis telefòn yo bay rekrutè militè oswa enstitisyon otzetid yo san konsantman alekrit paran an. (U.S.C. § 7908(a)(2).

**AVI POU EGZANPSYON: Si ou pa vle pou lekòl la oswa distri a bay youn oswa plizyè nan kategori enfòmasyon sa yo (non, adrès oswa telefòn) sou dosye akademik pitit ou a san konsantman w alavans bay rekrutè pou sèvis militè ak ofisyèl enstitisyon nivo siperyè yo san konsantman ekri ou alavans, ou sipoze avèti direktè/tris lekòl la alekrit nan yon entèval 10 jou pou ke nou pa bay rekrutè okenn enfòmasyon.**

Lwa federal (10 U.S.C. § 503(c) ak 20 U.S.C. § 7908(a)(3) egzije pou lekòl segondè yo bay rekrutè sèvis militè yo menm aksè yo bay elèv segondè yo pou bay enstitisyon siperyè yo ak potansyèl anplwayè yo. Egzanp, si lekòl la gen abitud kite enstitisyon siperyè yo oswa anplwayè yo vini sou lakou lekòl la pou resevwa enfòmasyon sou elèv yo konsènan opòtinite edikatif oswa pwofesyonèl y ap ofri, lekòl la dwe bay rekrutè sèvis militè yo menm opòtinite a tou. Pou plis enfòmasyon sou egzijans lwa 10 U.S.C. § 503, ou kapab kontakte biwo Sekretè Defans pou jwenn kopi lwa sa a, oswa adrese kesyon ki gen rapò ak li yo sou fòm sa a: Direktè/tris lwa aksè a, 4000 Defense Pentagon, Washington, D.C. 20301-4000, telefòn: (703) 695-5529. Pou plis enfòmasyon sou egzijans lwa 20 U.S.C.

7908 la, ou kab kontakte: Family Policy Compliance Office U.S. Department of Education 400 Maryland Avenue, SW Washington, D.C. 20202.

Pou plis enfòmasyon konsènan toude lwa ki site pi wo a yo ak dwa ou genyen pou w pa patisipe si w ta vle, tanpri li lwa DOE U.S. la ki rele "Guidance on Access to High School Students and Information on Students by Military Recruiters" (9 oktòb 2002) nan <http://www.ed.gov/policy/gen/guid/fpc/hottopics/ht-10-09-02a.html>.

## **Avètisman sou Dwa Dapre Amandman sou Pwoteksyon Dwa Elèv (PPRA)**

PPRA # 20 U.S.C. § 1232h, bay paran yo yon seri dwa konsènan fason nou fè sondaj nou yo, kòman nou pran ak itilize enfòmasyon pou fè maketing ak yon seri egzamen fizik. Dwa sa yo gen ladan yo:

- *Konsantman* yo avan yo kesyone elèv yo nan yon sondaj sou sa ki konsène youn oswa plis nan domèn ki pwoteje sa yo ("sondaj sou enfòmasyon prive") si sondaj la fonde totalman oswa pasyèlman sou yon pwogram Depatman Edikasyon Etazini:
  1. Afilyasyon politik oswa kwayans elèv la oswa paran li;
  2. Pwoblèm mantal oswa sikolojik elèv la oswa fanmi li;
  3. Konpòtman oswa atitud seksyèl;
  4. Konduit ilegal, antisosyal, otodestriktif oswa konpòtman degradan;
  5. Evalyasyon kritik lòt moun ki reponn yo gen relasyon famiyal etwat ak li;
  6. Relasyon privejye yo rekonèt legalman tankou avoka, doktè oswa pastè;
  7. Pratik relijye, afilyasyon oswa kwayans elèv la oswa paran li; oswa
  8. Revni, plis pase sa lalwa mande pou detèmine kalifikasyon pwogram.
- *Resevwa enfòmasyon ak opòtinite pou chwazi yon elèv nan:*
  1. Nenpòt lòt sondaj, kèlkeswa sous finansman an;
  2. Nenpòt sa ki pa ka ijant, egzamen fizik anvayisan oswa egzamen ki bay kòm kondisyon antre lekòl la oswa ajan li mete sou pye ak ki pa nesèsman la pou pwoteje sante ak sekirite yon elèv (eksepte pou egzamen zòrèy, je, eskolyoz ak nenpòt lòt egzamen fizik oswa tès ki posib san pèmision paran an); ak
  3. Aktivite ki gen koleksyon, divilgasyon oswa izaj enfòmasyon pèsonel elèv la pou fè reklam oswa pou vann oubyen distribiye enfòmasyon an bay lòt moun.
- *Enspekte*, sou demand ak devan administrasyon an oswa itilize:
  1. Sondaj sou enfòmasyon prive elèv yo;
  2. Zouti ki itilize pou rekeyi enfòmasyon pèsonel pou nenpòt piblisite ekri anwo yo, lavant oswa lòt rezon piblisite; ak
  3. Materyèl didaktik ki sèvi pou nenpòt sondaj, analiz oswa evalyasyon kòm pati nenpòt pwogram ki aplikab (tès akademik oswa egzamen evalyasyon pa enkli nan sa).

Dwa sa yo transfere soti nan paran ale nan elèv la, depi elèv la gen 18 ane oswa li se yon mine responsab dapre rekòmandasyon lwa eta Florid la. Distri lekòl la devlope ak adopte prensip li yo an konsiltasyon ak paran yo konsènan dwa sa yo, plis aranjman pou pwoteje dwa prive elèv yo nan sondaj pwoteksyon ak koleksyon, divilgasyon administrasyon an oswa itilizasyon enfòmasyon pèsonel pou reklam, lavant oswa lòt objektif distribisyon (eksepte pou sondaj elèv ki fèt nan kad lwa sou edikasyon pou moun Ozetazini ki andikape yo (IDEA, 20 U.S.C. 1400 elatriye); epi tou eksepte pou koleksyon, divilgasyon oswa itilizasyon enfòmasyon pèsonel yo pran nan men elèv pou devlope, evalye oswa founi pwodui oswa sèvis edikasyonèl pou elèv oswa lòt enstitisyon edikasyonèl. Distri lekòl la ap avize paran yo dirèkteman sou prensip sa yo omwen chak ane nan kòmansman chak ane lekòl ak aprè chak chanjman. Distri a ap avize paran yo (tankou nan yon manyèl) oswa palapòs oswa imèl

paran elèv ki gen pou patisipe nan aktivite oswa sondaj byen detèmine sa a epi l ap bay paran sa yo opòtinite chwazi si yo dakò pou pitit yo patisipe. Distri a ap fè paran an jwenn nòt sa a nan kòmansman ane eskolè a depi li konnen byen dat espesifik oswa apwopriye aktivite oswa sondaj la, lè sa a.

Pou orè ak aktivite pwograme ki aplikab aprè ane lekòl la kòmansse, y ap fè tout efò posib pou avize paran an sou plan aktivite ak sondaj la epi pou ba li opòtinite revize nenpòt sondaj ki ta nesèsè. Epi, y ap bay paran yo opòtinite pou revize nenpòt sondaj pètinan.

Men yon lis aktivite ak sondaj, byen detèmine, yo mande ki kouvri anba egzijans sa a:

- Koleksyon, divilgasyon ak itilizasyon enfòmasyon pèsònèl pou fè maketing, vann ak lòt mwayen distribisyon daprè deskripsyon ki bay deja sou sa.
- Administrasyon yon sondaj sou enfòmasyon prive ki pa jwenn finansman Depatman Edikasyon Etazini daprè jan sa esplike pi wo a.
- Egzamen oswa tèks ki pa ijan, ki anvayi dosye prive moun nan daprè jan nou eksplike pi wo a.

*Paran ki panse yo vyole dwa yo kapab depoze yon plent nan adrès:*

Family Policy Compliance Office  
U.S. Department of Education  
400 Maryland Avenue, SW  
Washington, DC 20202

## Sèman Drapo

Seksyon 1003.44 Lwa Eta Florid la mande pou resite sèman fidelite pou drapo meriken an chak maten nan tout lekòl piblik primè elemantè, entèmedyè oswa segondè avan yo kòmansse travay pou jounen an. Lekòl yo dwe plase enfòmasyon dwa elèv la genyen pou li pa kanpe oswa pa resite sèman drapo; men li dwe resevwa yon nòt nanmen paran an pou egzante patisipasyon elèv la. (Florida Statute § 1003.44(1))

1. Yon elèv ki gen mwenske 18 an dwe kanpe epi resite sèman drapo a, amwenske paran li te deja voye yon nòt bay lekòl la pou egzante sa. Yon elèv 18 an oswa plis oswa yon elèv segondè yo deja egzante gen otorite pèsònèl epi yo pa kab mande li pou li kanpe oswa resite sèman drapo a.
2. Yon elèv yo te egzante pou li pa resite sèman drapo a gen eskiz pou li pa kanpe tou.
3. Nan ka kote ta gen yon elèv ki pa patisipe nan resite sèman an san yo pat egzante li, lekòl la:
  - a. Pa kab pale ak elèv la sou sa devan klas la;
  - b. Dwe pale ak elèv la, (ki pako gen 18 an) an prive epi avize paran an pou jwenn yon solisyon; paran an dwe rezoud nenpòt konfli ant limenm ak pitit li;
  - c. Pa kab discipline elèv la paske li pa kanpe ak/ oswa resite sèman an;
  - d. Kapab pran sanksyon kont elèv la si li, materyèlman, ap twouble resitasyon sèman an.

## Vi Prive

(F.S. § 1006.09 and F.S. § 1002.22)

### Vi prive pèsònèl se yon dwa. Dwa sa a pwoteje enkyetid gwoup ak endividi alafwa.

Dwa	Devwa
<p><b>Tout elèv gen dwa</b> pou gen entimite pèsònèl yo.</p> <p><b>Tout elèv gen dwa</b> atann yo pou lekòl la kenbe dosye pèsònèl yo konfidansyèl, an sekre ak an prive (P-5.50; F.S. § 1002.22 (3) (d)).</p> <p><b>Tout elèv gen dwa</b> pou mande tout lòt moun pou respekte pwopriyete prive yo.</p>	<p><b>Elèv yo gen pou devwa</b> pou respekte entimite sekre tout lòt moun.</p> <p><b>Elèv yo gen pou devwa</b> pou konnen fason lekòl la ap sèvi ak enfòmasyon pèsònèl ki nan dosye yo, ki sa enfòmasyon sa yo ye ak ki sa yo vle di.</p> <p><b>Elèv yo gen pou devwa</b> pou yo posede sèlman sa lalwa ak regleman distri lekòl la admèt yo kab posede pandan yo sou lakou lekòl yo.</p>

### Règleman yo

<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Dwe gen apwobasyon alekrit doktè pèsònèl elèv la oswa Depatman santé piblik rejyon Palm Beach la bay avan pou elèv la jwenn pèmasyon oswa anplwaye lekòl la aksepte elèv la pran kèlkeswa medikaman an pandan li sou lakou lekòl la (P-5.321).</li> <li>❖ Enfòmasyon ki konsè yon lòt moun dwe trete ak respè, an konfidansyalite (P-5.50).</li> <li>❖ Elèv pa dwe nan fè komès ak vann anyen sou lakou lekòl la pou pwòp pwofi pèsònèl yo tankou manje, bijou, mayo, elatriye (P-2.16).</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>❖ Lekòl la pa admèt elèv fè aktivite maraton pou ranmase lajan nan non lòt òganizasyon ki pa fè pati lekòl la, tankou Amedisali, United Way, Eskout feminen, etsetera (P-2.15).</li> <li>❖ Konpòtman derespèktan tankou manyen moun nan fason ki pa fè moun nan plezi pa akseptab nan lekòl la (P-5.001).</li> <li>❖ Materyèl lalwa entèdi yo tankou men ki pa limite ak magazin pònografik oswa atik ki gen betiz ekri ladan oswa ak dwòg (P-5.18, P-5.1812, P-5.80)</li> </ul>
--	---

## Transfè nan lòt Lekòl

(P-5.015)

Nan Rejyon Palm Beach, lè pa genyen bezwen pou itilize yon metòd altènatif, elèv minè yo dwe ale nan lekòl ki nan zòn kote paran oswa responsab la abite (P-5.01(1)). Yon transfè se yon demand pou ale nan yon lekòl ki diferan ak lekòl ki nan adrès paran an oswa pou genyen nesite pou itilize metòd altènatif, tankou pou ale nan yon pwogram espesyalizasyon. Yo konsidere ak revize transfè yo dapre estanda ki deja tabli nan atik P-5.015. Yo pa baze sou konfò osinon chwa. Prezans ak dosye disiplin yo gen enfluyans sou desizyon k ap pran pou transfè yo. Apa ka kote elèv la vin abite nan zòn kote lekòl la ap mande pou transfere ladan l la pran timoun, epi elèv sa a ap viv ak yon responsab legal, tout lòt ka transfè ap baze sou regleman komite administrasyon distri a adopte. Men, lekòl ki atenn 100% oswa depase efektif li, nouvo lekòl ki nan premye ane yo, lekòl ki gen twòp elèv akoz kesyon konstriksyon, ak lekòl ki pa gen ase chanm pou tout klas li genyen yo akoz pwogram espesyal pa kapab nan lis lekòl ki kab resevwa elèv k ap transfere (P-5.015) (4)).

Fòk paran oswa responsab yo ranpli yon aplikasyon pou transfè nan fòm transfè distri a epi yo dwe soumèt li ant premye avril rive premye jen pou jwenn plas premye semès, lè pa gen bezwen pou itilize metòd altènatif. Demand pou dezyèm semès yo dwe fèt pandan mwa oktòb.

Elèv ki nan lekòl regilye yo ak ki reprezante majorite baze sou ras/etnisite/ran sosyal (Kategorize dapre elèv ki kalifye pou resevwa manje gratis oswa nan pri rabè) nan lekòl sa a gen premye priyorite pou jwenn transfè pou ale nan yon lekòl kote elèv menm ras/etnisite/ran sosyal ak yo an minorite (P-1.04;P-5.015 (5) (g)).

## Enskripsyon

Pou enskri yon timoun pou antre lekòl na Distri lekòl Rejyon Palm Beach la, w ap bezwen ale ak lis dokiman sa o nan lekòl ki apwopriye a ak soumèt yon fòm enskripsyon w ap ranpli ak siyen. Fòm sa a rele Fòm enskripsyon pou ansyen ak nouvo elèv elèv (PBSD #0636):

- Prèw adrès (2 kalite prèw – gade nan lis ki pi ba a)
  - Telefòn, selilè, telefòn lakay oswa yon bil (fakti)
  - Resi oswa kontra lwaye kay
  - Angajman ipotèk
  - Prèw asirans
  - Lisans ki valab oswa yon kat idantite ki adrès
  - Fakti kat kredi
  - Konfimasyon chanjman adrès ou ki soti lapòs
  - Deklarasyon domisil
- Batistè oswa lòt pyès valab ki bay prèw dat nesans
- Prèw egzamen medikal ki gen mwens pase 12 mwa depi li fèt
- Prèw vaksinasyon
  - Fòm Florid DH680
  - Kat egzansyon medikal pèmanan
  - Egzanpsyon relijye
- Dosye lekòl, si nesèsè

Gade nan Plan Pwogresyon pou Elèv la nan seksyon kondisyonadmisyon oswa regleman #5.011 nan <http://www.palmbeachschools.org/policies>. Yo gen dwa mande pou bay lòt prèw adrès anplis.

## Respè pou moun ak pwopriyete

Sekirite piblik ak sekirite prive chak moun se yon dwa konstitisyonèl li ye. Dwe gen balans nan dwa ak devwa chak moun genyen paske tout moun gen dwa pou viv. Elèv yo, paran yo ak anplwaye lekòl yo bezwen kolabore travay men nan men pou respekte ak fè respekte dwa sa yo nan lekòl nou yo.

### DWA

- **Elèv yo gen dwa** pou moun trete yo ak respè.
- **Elèv yo gen dwa** pou yo vin nan yon lekòl kote gen sekirite, lòd ak disiplin.

### DEVWA

- **Devwa elèv yo** se pou respekte dwa lòt moun.
- **Devwa elèv yo** se pou trete lòt moun ak respè.
- **Devwa elèv yo** se pou trete zafè lekòl la ak zafè lòt moun ak respè epi aji yon fason ki pa nui dwa lòt moun, ni nui sante ak sekirite lòt moun.
- **Devwa elèv yo** se pou alète yon granmoun lekòl si depi yo konnen oswa sispèk gen yon move bagay ki ap pase sou lakou lekòl la. Kesyon sekirite a se responsablite tout moun.

**Yon elèv ki fè fo akizasyon paekspre pou mete repitasyon pwofesyonèl, travay oswa lisans pwofesyonèl yon pwofesè anje, oswa yon lòt manm estaf lekòl la, dapre regleman sou konduit (FS 1006.09(c) P-5.1817 (2)(a)) komite egzekitif la, y ap rekomande ekspilsyon oswa voye elèv la nan yon lekòl altènatif.**

## Règleman

(P-5.18 jiska P-5.1891 ak P-5.80)

Elèv yo dwe onore responsablite yo epi konpòte yo yon jan pou yo ka respekte dwa tout lòt elèv. Men kèk règleman sou konpòtman san konte lòt:

<ul style="list-style-type: none"><li>• Prepare pou vini lekòl lè w pote papye, kreyon, plim, liv, ak lòt founiti klasik ou bezwen</li><li>• Fè tout devwadmezon ak devwa nan klas</li><li>• Byen itilize tan nan lekòl la</li><li>• Pote fòm ki nesèsè lakay epi pote yo tounen</li><li>• Suiv règleman ak prensip sou pwomnad</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Byen trete liv lekòl, liv bibliyotèk, ak lòt materyèl li prete nan lekòl la epi pote yo tounen. (NÒT: Gade nan Liv pou elèv yo ak lòt materyèl edikatif)</li><li>• Aji ak sans responsablite nan lekòl la, nan bis lekòl yo ak tout lòt aktivite lekòl la patwone kèlkeswa kote yo fèt</li></ul>
---	--

**PWOMNAD** se yon privilèj, se pa yon dwa. Yo kapab refize ofri privilèj sa a si elèv la konpòte l jan ki pa akseptab.

**VIDEYO:** Yo kapab filme tout moun, elèv ak anplwaye distri a tou sou videyo, (imaj vizyèl) nan kèk lokal nan lekòl yo. Yo kapab itilize videyo sa yo pou disiplin, jesyon risk, ak/oswa pou lapolis.

**REPÒTE ABI: SE LALWA** (F.S. § 39.201) (P-5.30.). Dapre lalwa Florid, tout anplwaye yon lekòl ki konnen, oswa genyen ase rezon pou li sispèk gen yon timoun paran li, responsab legal li, moun k ap ba l swen, oswa lòt moun ki responsab pou byennèt timoun nan, abize l, abandone l, jan sa defini nan lwa Florid, tankou si yon timoun ta ansent oswa nan aktivite seksyèl, “oswa timoun nan bezwen sipèvizyon ak swen epi li pa genyen paran, responsab legal, oswa yon fanmi ki granmoun ki disponib pou ba li sipèvizyon ak swen”, anplwaye a dwe rapòte sa li konnen oswa sispisyon li genyen bay Depatman pou timoun ak fanmi nan Florid, nan 1-800-96-ABUSE.

**AKTIVITE JÈN KI NAN GANG YO:** Yo p ap pèmèt elèv yo fè pati okenn gwoup k ap fè menas, fè moun pè, oswa fè lòt elèv mal. Gwoup sa yo, yo rele gang, souvan genyen non ki komen, mete yon seri koulè ki komen, bijou, siy, oswa bouton. Yo p ap pèmèt elèv mande lòt elèv pou yo antre nan gwoup sa yo. Si yon moun mande w pou antre nan yon gwoup konsa, di pwofesè w oswa yon lòt granmoun sa. Tanpri li règleman distri sou kontwòl gang “School District of Palm Beach County’s Gang Control Policy” P-5.0921 ki nan: <http://www.palmbeachschools.org/policies/>

**REKOU ELÈV YO:** Tout elèv ki ta genyen konpòtman ki pa akseptab ta sipoze pote enkyetid yo bay anplwaye distri a ki dwe suiv pwosedi ki etabli pou revize ak rezoud ensidan ki rapòte a.

**REKOU PIBLIK PARAN AK MANB:** Tout moun ki ta genyen konpòtman ki pa akseptab kapab pote enkyetid li bay administratè lekòl la ki dwe suiv pwosedi pou revize ak rezoud ensidan yo rapòte a.

### **KONSEKANS GWO DEZÒD** (P-5.18 ak P-5.1814)

Manyèl sa a genyen ladan l pwovizyon pou aksyon ki DWE pran si ta genyen pwoblèm ki gen rapò ak zam, ak zak kriminel. Y ap pran aksyon espesifik poutèt vyolasyon sa yo jan sa di nan règleman komite dirijan distri a. Y ap suiv etap sa yo pou tout vyolasyon:

- Direktè lekòl la okouran
- Eseye kontakte paran imedyatman
- Sispanyon nan lekòl la nan tout klas yo ak nan aktivite lekòl la
- Refere ensidan an bay lapolis distri lekòl la oswa jiridiksyon lokal pou pousuit legal sizoka

**Anplis de etap sa yo, li kapab posib pou kòmanse yon pwosedi ekspilsyon jan sa di nan Règleman Komite dirijan distri a, Règleman (Policy) 5.1817.**

Dapre Règleman (Policy) 5.1814, elèv ki akize poutèt yo te komèt enfraksyon sa yo nan yon lekòl, pandan yon an transpò lekòl patwone, oswa lòt aktivite lekòl patwone kapab resevwa pi gwo pèn Règleman Komite dirijan distri a prevwa. Yo kapab ekspilse elèv la san ofri l chans pou reantre lekòl la bonè apre pou enfraksyon sa yo ak pou kèk lòt:

- ✓ Omisid oswa tantativ omisid (omisid volontè, omisid envolontè)
- ✓ Agresyon seksyèl oswa tantativ agresyon seksyèl
- ✓ Vòl ak zam oswa tantativ vòl ak zam
- ✓ Agresyon fizik oswa vwadfè sou yon pwofesè oswa anplwaye lòt lekòl
- ✓ Kidnaping oswa anlèvman
- ✓ Menas vyolans
- ✓ Anpwazònman oswa tantativ napwazònman
- ✓ Posesyon, itilizasyon oswa vant zam afe
- ✓ Posesyon, itilizasyon oswa vant aparèy eksplozif
- ✓ Mete lavi elèv ak anplwaye andanje

NÒT: Yo p ap ekspilse elèv ki genyen andikap.

**Sispansyon OBLIGATWA si genyen yon rekòmandasyon OBLIGATWA pou ekspilasyon pou aksyon sa yo, pami lòt:**

**Actions (P-5.18, P-5.1813)**

<ul style="list-style-type: none"> <li>• Omisid (Omisid volontè ak omisid envolontè)</li> <li>• Agresyon seksyèl (vyòl)</li> <li>• Vòl ak zam</li> <li>• Agresyon fizik oswa vwadfè sou pwofesè oswa sou lòt anplwaye distri a</li> <li>• Kidnaping owa anlèvman</li> <li>• Anpwazònman</li> <li>• Vant, distribisyon oswa transpò dwòg ilegal</li> <li>• Enfraksyon pou dezyèm posesyon dwòg ilegal</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Posesyon, itilizasyon, oswa vant materyèl eksplozif</li> <li>• Pote zam afe lekòl, nan aktivite lekòl patwone, oswa pandan transpò lekòl patwone</li> <li>• Pote zam, jan sa defini nan lwa Florid chapit 790, nan lekòl, aktivite lekòl patwone, oswa nan transpò lekòl patwone</li> <li>• Fè menas oswa bay fo rapò jan sa defini nan lwa Florid § 790.162 ak 790.163 sou yon lekòl, pwopriyete anplwaye lekòl, oswa aktivite lekòl patwone</li> </ul>
---	---

**Definisyon**

<p style="text-align: center;"><b>Zamafe</b> <i>Tankou, men pa sèlman:</i></p> <p><b>Tankou sa k site la yo, men se pa sa sèlman:</b> Nenpòt zam (tankou pistolè oswa revolvè) ki kapab, ki fèt pou sa oswa ki chanje pou tire yon pwojektil gras ak aksyon yon eksplozif; fòm oswa reseptè nenpòt kalite zam konsa; nenpòt mòflè oswa silansye zamafe; nenpòt zouti ki kapab detwi; nenpòt mitrayèt. Sa pa enkli yon zamafe ki antik, sof si zamafe antik sa a ta ap sèvi nan kad ankèt k ap fèt sou yon krim (Fla. Stat. § 790.001 (6)).</p> <p style="text-align: center;"><b>Zamafe</b> <b>Tankou, men pa sèlman (avèk eksepsyon):</b> (F.S. § 790.001 (13))</p> <table style="width: 100%; border: none;"> <tr> <td style="width: 50%; border: none;"> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Kokomakak</li> <li>- Kouto bwat</li> <li>- Zam oswa anjen chimik</li> </ul> </td> <td style="width: 50%; border: none;"> <ul style="list-style-type: none"> <li>- Lam razwa</li> <li>- Fistibal</li> <li>- Epe</li> <li>- Baton ki gen epe</li> </ul> </td> </tr> </table>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kokomakak</li> <li>- Kouto bwat</li> <li>- Zam oswa anjen chimik</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Lam razwa</li> <li>- Fistibal</li> <li>- Epe</li> <li>- Baton ki gen epe</li> </ul>	<p style="text-align: center;"><b>Aparèy destriktè</b> <b>Tankou, men pa sèlman (avèk eksepsyon):</b></p> <p>Bonm, grenad, min, wòkèt, misil, bonm atizanal, oswa aparèy ki sanble ak yo ki genyen eksplozif, gaz ki ka mete dife, oswa gaz pwazon epi ki genyen kontenè plen ak eksplozif, aparèy ki ka mete dife, oswa gaz ki kapab pwopaje, yo konsevwa oswa yo konstwi pou fè eksploze epi ki kapab koze domaj pou moun oswa pou pwopriyete yo (F.S. § 790.001 (4)).</p> <p style="text-align: center;"><b>Eksplozif</b> <b>Tankou, men pa sèlman (avèk eksepsyon):</b></p> <p>Tout konpoze chimik oswa melanj ki genyen pwopriyete pou l sede a konbinyon oswa oksidasyon lè yo bal chalè, flanm, chòk, tankou men pa sèlman dinamit, nitwogliserin, triniwolèn, oswa nitrat amonyòm, lè yo konbine l ak lòt engredyan pou fòmè yon melanj eksplozif, ak detonatè (F.S. § 790.001 (5)).</p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kokomakak</li> <li>- Kouto bwat</li> <li>- Zam oswa anjen chimik</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Lam razwa</li> <li>- Fistibal</li> <li>- Epe</li> <li>- Baton ki gen epe</li> </ul>		

	- Revolvè ki tire gaz	
- Anjen destriktè	- Nenpòt bagay ki ka sèvi zam pou tiye moun	
- Ponya		
- Zam oswa aparèy elektrik	- Fopwen metalik	

**Kisa ki SISPANSYON POU KRIM ak kijan sa afekte yon elèv? (F.S. § 1006.09(2), SBER 6A-1.0956, ak P-5.80(5))**

- Lalwa Florid § 1006.09(2) bay yon direktè lekòl otorite pou li sispansyon yon elèv ki komèt yon krim (felony)
- Yon komisè gouvènman dwe fè kondane elèv la fòmèlman (pa sèlman arete l).
- Akizasyon an ta sipoze pou yon krim (felony) oswa yon enfraksyon ki t ap yon krim (felony) si se te yon granmoun ki te komèt li. Ensidan an te dwe pase an deyò yon pwopriyete distri a se mèl li.
- Direktè lekòl la dwe fè yon reyinyon pou li detèmine si ensidan an t ap genyen yon enpak negatif sou disiplin, byennèt, oswa pwogram edikatif lekòl la.
- Direktè lekòl la dwe konsidere posiblite domaj pou elèv yo akize a.
- Direktè lekòl la dwe avize paran anchaj elèv la ak yon lèt sètifye.
- Reyinyon an pa dwe fèt mwenske de jou lekòl oswa plis pase senk jou lekòl de dat avi a.
- Y ap bay elèv la sispansyon tanporè jiskaske yo fè reyinyon an.
- Si direktè lekòl la detèmine li dwe bay elèv sispansyon pou krim (felony) lan, y ap transfere elèv la imedyatman nan yon pwogram altènatif.
- Yo kapab sispansyon elèv la jiska dat adjidikasyon an.
- Si tribinal ta jije elèv la pa koupab, elèv la dwe avize direktè lekòl la. Sipèntandan zòn nan ap transfere elèv la nan pwogram ki apwopriye a.
- Si tribinal jije elèv la koupab, direktè lekòl la ka rekòmande pou yo mete elèv la deyò.
- Yo pa dwe bay elèv ESE sispansyon pou krim (felony).

**Retounen lekòl ou (Deziyen dapre zòn limit lekòl)**

**Elèv ki ale nan pwogram Chwa, pwogram Espesyalizasyon, oswa Akademi Pwofesyonèl:** Elèv ki chwazi pou kite Pwogram chwa, espesyalizasyon, oswa pwogram pwofesyonèl (volontèman oswa envolontèman), ap rete nan lekòl opsyon chwa a pou rès ane lekòl la epi y ap mete l, si posib, nan pwogram regilye lekòl la \* (P-5.016). Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt [www.palmbeachschools.org/choiceprograms](http://www.palmbeachschools.org/choiceprograms).

\*Nan kèk ka, si direktè lekòl la dakò, elèv la ka retounen nan lekòl yo deziyen dapre zòn limit lekòl la nan fen semès la.

**Elèv yo bay opsyon chwa dapre NCLB:** Elèv yo kapab rete nan opsyon chwa sa a jis yo rive nan pi gwo klas nan lekòl la (K-5, 6-8, 9-12). Si yon elèv chwazi pou li tounen nan zòn limit lekòl li, y ap mande l pou li tann fen ane lekòl la.

**Elèv yo te mete deyò lekòl la:** Dapre règleman distri a, reentegrasyon bonè pou elèv ki absan, elèv yo te mete deyò kapab tounen nan distri lekòl rejyon Palm Beach nan kòmansman ane ki vini apre anivèsè dat ekspilsyon an. Elèv yo dwe kontakte sipèntandan zòn nan konsènan enfòmasyon sou enskripsyon nan lekòl la. Yo kapab afekte yo nan yon lòt lekòl ki pa lekòl yo te ye avan an (P-5.1817 (6); P-5.1818; P-8.13).

**Elèv ESE yo te bay 45 jou pou yon plasman altènatif:** Ekip IEP ap reyini avan fen 45 jou a pou detèmine plasman an. Yo kapab tounen nan yon lekòl ki pa lekòl yo te ye avan an (P-8.13)

**Elèv k ap retounen nan distri lekòl rejyon Palm Beach sòti nan yon lekòl semi prive (Charter School):** Kou yon elèv sòti nan yon lekòl semi prive, yo ta dwe enskri imedyatman nan yon lekòl ki nan zòn limit lekòl yo.

**Elèv k ap tounen sòti nan pwogram angajman:** Kou elèv yo sòti nan pwogram angajman an, yo ta dwe retounen nan distri lekòl rejyon Palm Beach. Yo dwe kontakte sipèntandan zòn yo a AVAN yo retounen nan lekòl la (P-8.13)

**Elèv yo transfere nan yon lòt lekòl:** Yo dwe pèmèt yon elèv retounen nan lekòl ki nan zòn limit li lè se la yo deziyen pou li plase; yo kapab transfere elèv la nan fen semès la amwenske genyen sikonstans atenyant. (P-5.015 (11)). Si direktè lekòl la anile transfè a pou rezon ki site nan P-5.015 (12), elèv la dwe retounen nan zòn limit lekòl li nan twa jou.

**Elèv ki retounen nan zòn limit lekòl yo sòti nan pwogram piblik bousdetid McKay oswa plasman lekòl prive:** Si paran an avize depatman edikasyon ak distri lekòl lokal la, paran elèv kapab retire elèv la nan pwogram nan, sa kapab diminye chans li pou opsyon chwa McKay pou ane lekòl la. Pou elèv la kapab itilize opsyon chwa McKay a lavni, elèv la dwe prekalifye pou kritè inisyakalifikasyon yo jan sa etabli nan F.S. § 1002.39(2). Administrasyon lekòl k ap resevwa elèv la ap detèmine nan ki klas pou yo mete elèv la dapre règleman distri a. Yo ta dwe kontakte lekòl ki nan zòn limit elèv la pou jwenn enfòmasyon sou enskripsyon ak règleman. Si lekòl ki nan zòn limit elèv la pa kapab mete sou pye IEP elèv la ki pi resan an, lekòl la ap travay ak biwo ESE zòn nan pou detèmine yon kote pou yo plase l. Oka yo chwazi yon lekòl piblik, nimewo lekòl McKay yo plase l la ap tou sèvi nimewo pou lekòl regilye elèv la. Elèv yo dwe rete nan lekòl chwa yo jiska pi gwo klas lekòl la genyen.

**Elèv ki enskri nan biwo edikasyon adomisil:** Elèv la kapab antre lekòl piblik ki nan zòn limit li. Baze sou règleman distri a, administrasyon lekòl la ap detèmine plasman elèv la nan klas ak valè kredi li genyen. Yo kapab revize kourikoulòm elèv la, pòtfolyo, ak evalyasyon anyèl li avan yo plase l. Pou plis enfòmasyon sou edikasyon adomisil, ale sou sit entènèt [www.palmbeachschools.org/homeeducation.htm](http://www.palmbeachschools.org/homeeducation.htm) oswa rele 434-8052.

**Enplikasyon nan seremoni pou bay sètifika:** Elèv dènye ane ki retounen nan lekòl zòn li epi ki pa ranpli tout kondisyon gradyasyon/sètifika kapab jwi de tout aktivite pou elèv dènye ane pami yo tou egzèsis pou seremoni pou bay sètifika. Men, sa pa genyen ladan l merit pou Valedictorian oswa Salutatorian. Li klè ke elèv sa yo ap fè tranzisyon an nan kòmansman ane a epi pa pita kòmansman 2<sup>yèm</sup> semès. EKSEPSYON: akò mityèl ant direktè lekòl yo.

## Enfòmasyon sou bousdetid

Pou kapab jwenn enfòmasyon konsènan plas ki disponib pou elèv aplike pou bousdetid, kontakte depatman konseye lekòl yo oswa sou sit entènèt:

<http://www.palmbeachschools.org/sc/Scholarships>

## Elèv k ap pran bis

### KONPÒTMAN NAN BIS

(P-5.186)

**Transpò nan bis lekòl yo se yon privilèj se pa yon dwa. Yo kapab anile privilèj sa a pou move konpòtman nan bis lekòl yo.**

Elèv yo gen obligasyon pou yo mete senti sekirite lè yo se pasaje nan yon bis lekòl ki genyen senti sekirite. Y ap pini elèv la dapre règleman 5.186, si li pa sèvi ak senti sekirite si te genyen ki disponib.

**Elèv yo pa dwe pote okenn bagay nan bis la ki kapab deranje oswa menase sekirite elèv la.** Bagay sa yo gen ladan yo, men pa sèlman: tout sòt kontenè anvit, objè ki file, balon, baton, kèlkeswa kalite veso anvit la, paten a woulèt, planch a woulèt, kèlkeswa enstriman tranchan, kàn a pèch, ekipman atletik (tankou baton gòf, baton lakwòs) kèlkeswa kalite boul, okenn bèt, kèlkeswa gwo objè ki anbarasan ak ki kapab anpeche elèv yo chita nòmman oswa evakye nan bis lekòl la. Bagay sa yo tou, men se pa yo sèlman: kò bariton, bariton ak saksofòn tenò, gwo kès, selo (mwaye oswa plen), tuba, gita, klarinèt, kont basoun, ti kès, sousafòn, twonbòn, oswa kibòd elektwonik (P-5.186)

Elèv ak pwofesè dwe konsantre sou pwosedi pou aprann/anseye. Pou akonpli objektif sa a, li enpòtan pou elèv yo obeyi pwofesè ak tout lòt anplwaye, obeyi règleman lekòl la etabli, epi obeyi chofè bis yo. Ale nan paj P-5.186 pou konduit yo entèdi pou elèv genyen nan bis lekòl. Tout elèv ki komèt yonn nan vyolasyon sekirite sa yo pandan yo monte yon bis lekòl ap resevwa dis(10)-jou sispansyon pou premye vyolasyon an epi l ap pèdi privilèj pou li monte nan bis la pou rès ane a si li komèt yon dezyèm vyolasyon:

- Ouvè pòt pou sòti nan ka ijans bis la pandan bis la ap kouri
- Ouvè pòt pou sòti nan ka ijans bis la pandan bis la kanpe amwenske chofè bis la bay lòd pou fè sa nan ka ijans oswa pandan antrènman pou evakyasyon nan ka ijans. (P-5.186 (2)(q)).

**Elèv ki vyole règleman sou disiplin nan nenpòt bis lekòl oswa kote bis yo kanpe pandan yo prale oswa y ap tounen sòti lekòl ap resevwa pèn disiplinè lekòl la e li posib tou pou genyen pousuit jidisyè.**

**NÒT:** Elèv k ap monte bisiklèt ak pasaje yo ki genyen mwens pase 16 zan dwe mete kask sekirite ki bon pou tèt yo lè y ap monte bisiklèt. Lapolis kapab bay moun k ap monte bisiklèt la ak tout pasaje ki pa obeyi règleman sa a kontravansyon ak amand (F.S. § 16.2065(3) (d), (e))

**Kote bis kanpe pou elèv apre lekòl (P-5.186(2) (p))**

Pou elèv ki pran bis pou yo ale lekòl, li enpòtan pou yo konprann tou yo pa pèmèt pou chofè bis yo kite elèv desann bis la sof kote pou bis la kanpe yo oswa kote yo mete pou sa.

Admistratè lekòl yo, operatè bis yo, paran ak elèv yo menm responsab pou fè sèten elèv ki monte bis yo obeyi ti prensip sekirite sa yo:

**Kote bis yo kanpe:**

- Elèv ak paran responsab pou sekirite ak bon konpòtman elèv yo pandan yo prale, y ap sòti kote bis yo kanpe yo oswa pandan y ap rete tann bis la vini.
- Elèv yo pa dwe rete nan lari a pandan y ap rete tann bis la.
- Elèv yo dwe respekte pwopriyete lòt moun.
- Elèv yo pa dwe pouse, bay bourad oswa fè jwèt cheval.
- Paran yo ta dwe sipèvizè timoun yo si posib.
- Elèv yo ta dwe rive kote pou bis yo kanpe a omwen senk (5) minit avan lè.
- Elèv yo dwe kanpe rete tann bis la epi desann bis la sèlman kote yo apwouve pou sa fèt.

**Pandan elèv yo ap monte oswa y ap desann:**

- Toujou rete lwen “zòn danje” 12 pye arebò bis la, ekspete si chofè bis la ba ou lòd pou monte oswa desann bis la.
- PA JANM ranmase yon bagay ki kapab tonbe anba oswa toupre bis la. Mande chofè bis la ede w.
- Toujou fè sètèn chofè a kapab wè w.
- Toujou fè sètèn rad ou oswa sak lekòl ou pa genyen okenn kòd k ap pandye ki ta kapab ale kole nan pòt bis la.
- Lè ou wè bis la ap vini, kanpe kote yo mete pou kanpe a epi tann jiskaske bis la kanpe nèt.
- Toujou tann chofè bis la siyale si pa genyen danje pou travèse lari a ak / oswa pou monte bis la.
- Lè w ap travèse yon liy sikilasyon, toujou gade agoch, adwat, apre agoch ankò; travèse sèlman si machin k ap vini yo kanpe.
- Pa janm mache dèyè bis la

**Pandan bis la ap kouri:**

- Tou jou suiv lòd chofè bis la.
- Pa janm distrè chofè bis la amwenske genyen yon danje imedyà pou ou menm oswa pou lòt moun.
- Rete chita epi kite sou kote yo vid.
- Li entèdi pou manje, bwè, manje chiklèt.
- Pa janm pote bagay ki ka koze danje oswa yo pa otorize nan bis la.
- Toujou mete senti sekirite w si genyen yonn disponib.
- Toujou kenbe men w, janm ou ak tèt ou anndan bis la.
- Toujou fè prèv respè pou elèv kamarad ou yo.
- Kenbe konvèsasyon yo nan yon nivo rezonab epi rete an silans lè w ap pase bò kote tren pase.
- Règleman sou konpòtman elèv yo aplikab nan bis lekòl la tankou nan salklas.

### **Ti konsèy pou elèv ki monte machin, SUVs, ak Trucks:**

- Chofè ak pasaje machin, SUVs, ak trucks dwe mete senti sekirite toutan. Tout moun k ap pote timoun dwe genyen sekirite pou chèz, boustè pou chèz la, senti sekirite, selon gwosè ak laj timoun nan.
- Timoun ki poko genyen laj pou yo ale lekòl dwe genyen senti pwoteksyon byen ajiste nan yon sistèm sekirite pou timoun, tankou chèz pou timoun ki bay fas li dèyè, yon chèz dekapotab ki bay fas li dèyè, yon chèz dekapotab ki bay fas li devan, oswa ki bay fas li sou devan sèlman, selon laj ak gwosè elèv la.
- Tout timoun ki vini twò gwo pou chèz yo ta sipoze chita nan yon boustè chèz jiskaske yo genyen 8 an, amenske yo genyen otè: 4' 9".
- Chèz ki dèyè machin nan se plas ki pi ansekirite si machin nan frape. Timoun ki genyen 12 an oswa pi piti ta sipoze rete dèyè machin nan. Yo pa dwe JANM mete yon timoun ki chita nan yon chèz ki genyen fas li dèyè devan yon "air bag".

### **Ti konsèy pou paran ak tinedjè:**

Pou redui izaj enèji, polisyon ak anbouteyaj nan vwazinaj lekòl la. Si w bezwen kondui, suiv ti konsèy sou sekirite sa yo:

- Lè w vini chèche timoun yo nan apre midi pa vini twò bonè pou w pa retade sikilasyon nan zòn nan bò lekòl la.
- Tann nan yon sèl liy epi kite ase plas pou yon machin ka pase nan ka ijans.
- Pa bloke twotwa yo, bwatalèt yo, espas pou moun andikape pake, oswa priz dlo. Epi pa pake sou zèb.
- Pa bloke aksè de bò kote lari yo.
- Pa fè bak pou antre nan pakin lekòl la oswa sou bò lari a.
- Eseye ranje lè pou depoze oswa vini chèche timoun apre lè blokis yo epi itilize kote yo mete pou depoze oswa vini chèche timoun nan.
- Toujou fè atansyon ak siy ak direksyon lekòl la.
- Toujou obeyi limit vitès yo make yo ak lòt lwa sikilasyon.
- Aji jan w ta renmen lòt moun aji si se te vwazinaj ou.
- Pasyan epi konprann ke pyeton, moun ki sou bisiklèt, ak bis lekòl yo ap eseye sòti lekòl la tou.
- Toujou fè sèten ou menm ak pasaje w la mete senti sekirite.
- Pa janm pale nan sèlfòn oswa angaje nan lòt distraksyon pandan w ap kondui.

### **Tikonsèy pou mache ak monte bisiklèt ansekirite:**

**Mache** – Anseye, pratike epi fè timoun yo sonje pou yo:

- Mache ak yon granmoun oswa yon timoun ki pi gran toutan.
- Timoun ki genyen di (10) zan ta dwe genyen yon granmoun ki travèse lari ak yo.
- Mache sou twotwa a si genyen yonn.
- Mache anfas machin yo, pi lwen posib lari a / sikilasyon, si pa genyen twotwa.
- Itilize siyal sikilasyon ak kote yo make pou travèse si genyen.
- Kanpe nan koub oswa nan bòdi wout la epi gade agoch, adwat epi agoch ankò avan w travèse lari a.
- Mache; pa kouri.
- Bay chofè yo tan pou yo wè w avan w travèse lari a.
- Toujou ap gade machin yo pandan w ap travèse.
- Mete koulè blan oswa reflektè lè w ap mache nan fè nwa oswa kote pa genyen anpil limyè.

**Monte bisiklèt** – Bisiklèt se yon ti machin epi moun k ap monte l yo dwe obeyi lwa sikilasyon Florid. Anseye, pratike epi fè timoun yo sonje pou yo:

- Toujou mete kask ki bon pou ou.
- Depi sa posib, monte ak yon granmoun oswa yon elèv ki pi gran ki sans responsablite.
- Toujou obeyi siy ak siyal sikilasyon.
- Monte bisiklèt la sou bò dwat wout la oswa ale alafilendyèn (yon bisiklèt apre lòt).
- Kondui nan menm direksyon ak lòt machin.
- Ale tou dwat a kote ray tren yo.
- Toujou fè siyal ak men w lè w ap vire oswa lè w ap kanpe.
- Sede pasaj a pyeton epi alète pyeton yo ak klaksòn oswa ak bouch ou lè w ap pase.

## Kontwòl ak otorite lekòl sou elèv – Avi pou paran

Lalwa Florid Chapit 1003.31 dekri nan ki sikonstans yon elèv tonbe anba kontwòl ak otorite distri lekòl la. (Ale nan Règleman depatman edikasyon Eta a 6A-3.0121 ak règleman komite dirijan lekòl yo 5.80 (1).) men kèk sikonstans:

- (a) Pandan tan y ap **transpòte elèv la pou li ale lekòl oswa pandan l ap sòti lekòl sou frè leta;**
- (b) Pandan tan elèv la **nan lekòl la;**
- (c) Pandan elèv la prezan fizikman nan yon aktivite lekòl, oswa fizikman sou pwopriyete oswa nan yon bilding komite dirijan distri lekòl la se mèt li oswa ki anba jiridiksyon li;
- (d) Pandan yon **tan rezonab avan oswa apre yon elèv vini lekòl nan yon bilding** oswa pou li patisipe apre otorizasyon nan yon aktivite lekòl patwone, epi **sèlman pandan li nan bilding nan**. Lè l defini **tan rezonab**, lwa a fè konnen mo “tan rezonab” la vle di 30 minit avan oswa apre lè aktivite a oswa kòmanse oswa fini, depandaman de ki peryòd ki pi long.

Chapit (2) Lwa a mete limit nan devwa sipèvizyon distri lekòl la konsa:

**Kontak tanporè oswa okazyonèl ant anplwaye distri lekòl la ak elèv yo pa kapab okazyone yon devwa legal pou sipèvizyon andeyò tan rezonab ki etabli nan chapit sa a. Paran yo pa ta dwe konte sou plis sipèvizyon.** Devwa sipèvizyon pa ta dwe pwolonje pou lòt moun ke pou elèv ki nan yon lekòl ak elèv ki genyen otorizasyon pou li patisipe nan aktivite lekòl patwone.

Paran ak elèv yo jwenn avi, jan sa prevwa nan règleman depatman edikasyon eta a 6A-3.0121, sou responsablite yo genyen konsènan transpò.

- “1. Pou asire pitit yo fè yon vwayaj ansekirite pandan yo prale oswa y ap sòti lakay yo pandan elèv yo pa sou kontwòl ak responsablite distri lekòl la, tankou lè y ap sòti lakay yo pou yo ale kote pou yo tann bis la lè distri lekòl la bay bis pou transpò,
2. Pou fè sèten elèv yo monte sèlman bis lekòl ki deziyen pou yo epi desann kote pou yo tann bis ki deziyen pou yo, amwenske distri a te apwouve lòt bis oswa te fe lòt aranjman,
3. Pou fè sèten elèv yo okouran epi obeyi kòd konduit pou elèv distri a te adopte pandan elèv yo kote pou yo tann bis yo (School Board Policy 5.186) epi **pou yo bay sipèvizyon ki nesèsè nan lè bis yo poko vini,**
4. Pou fè sèten, lè yon elèv genyen andikap fizik ki anpeche l monte oswa desann bis la, paran an bay timoun nan èd li bezwen pou l kapab monte oswa desann bis la, jan règleman distri a oswa plan endividyèl elèv la mande”

## Sèvis kantin manje lekòl

Depatman Sèvis Nitrisyon nan Lekòl yo apresye opòtinite li jwenn pou kontribiye nan byennèt elèv yo. Objektif nou se pou ofri plizyè varyete bon manje nourisan ki byen prepare nan yon atmosfè kote nou respekte gou ak diferans tout elèv. Anplwaye Sèvis Kantin Lekòl nou an pran angajman nan siksè ak reysisit chak elèv nan Distri a avèk yon vizyon pou *amelyore pèfòmans elèv* nan yon bon pri ak yon bon jan pwogram.

Pi bon fason pou kòmanse jounen an se lè w manje yon bon dejene ki kore w. Nan fè dejene yon pati enpòtan nan jounen lekòl chak timoun, absans, reta, ak pwoblèm sou disiplin diminye, tandiske pèfòmans ak konpòtman amelyore. Ak sèlman \$1.00\*, nou gen mwayen pou ede elèv yo byen ranpli lestomak yo avan yo kòmanse travay pou jounen an ak bon manje maten konplè ki gen yon antre, yon chwa ji natirèl 100% oswa yon fwi ansanm ak lèt. Chak jou nou ofri yon manje midi ki nourisan, li gen yon antre (ki genyen pen/gramine ak vyann/vyann altène) de kalite fwi ak/chwa vejetab, ak yon chwa lèt. Chwa lèt yo se ekime, 1/2 pousan chokola, ak lèt ki gen 1% grès. Salad ak fwi ki fre disponib tou chak jou. Pri manje midi pou yon elèv lekòl elemantè se \$1.75\*. Pri elèv primè mwayen oswa segondè se \$2.00\*. (P-6.03)

Dapre regleman Depatman Agrikilti Etazini (USDA), dejene lekòl dwe satisfè 1/3 nan rejim (RDA) rekòmande ak 1/3 (RDA) pou manje midi. Anplisde konfòme nou ak estandan nitriyan USDA mande yo, Depatman Sèvis Kantin Lekòl la suiv metòd Òf kont Sèvis (OVS), ki bay elèv la opsyon pou l refize kèk nan chwa manje kantin lekòl la ofri kòm dejene oswa manje midi yo. Se dyetisyen lisansye ki gen fòmasyon pwofesyonèl nan domèn nitrisyon ki kreye meni pou dejene ak manje midi yo. Lè meni yo fèt, chak repa yo analize pou fè sèten yo genyen kantite nitriyan yo

dwe genyen yo. Nou kapab jwenn meni distri yo plizyè fason: nan entènèt, jounal, lòt medya tankou (TV/radyo), kantin lekòl yo.

Health-E Living™ se yon konpayi konplè nan entènèt Depatman Sèvis manje lekòl la itilize pou prezante bay elèv, paran, ak estaf yo enfòmasyon sou rasyon ki nan lis meni dejene ak manje midi distri a. Pwogram nan prezante tankou yon enstriman entèaktif ki pran lis meni chak moun chwazi yo, kalkile nitriyan yo, epi konpare yo ak kantite ki apwopriye pou chak gwoup ki seleksyone. Non sèlman nou bay rasyon nitriyan pou chak eleman nan meni an, sit entènèt la bay aksè ak pwomosyon regleman (1.11), byennèt Distri a, meni distri a, leson sou nitrisyon, elatriye. Kat fwa nan ane a, seksyon “health and wellness” la gen enfòmasyon ak konsèy nouvo ki poste ladan l. Seksyon edikatif sa yo genyen: Kenbe Balans ou, Konsantre sou Pwa Nòm, Kesyon yo dyetisyen. Tout Manje bon, Epòk Rekòlt, Mit Alimantè, Pran Desizyon, Rechaje, ak rilaks. Pa rate okazyon an vizite: <http://www.ahigherlevel.com/healtheliving/palmbeach> pou enfòmasyon meni sou nitrisyon nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach patisipe nan Pwogram Nasyonal Dejene ak manje midi Lekòl ak Pwogram repa gratis ak pri redui. (P-6.185). Dapre revni ak kantite moun ki nan fanmi w, lekòl la kapab sèvi pitit ou repa gratis oswa ak pri redui. Anplis, dapre estati matrimonyal ou, ou kapab kalifye pou resevwa kèk pwogram tankou egzamen SAT,ACT,kan prentan ak ete, ak pwomnad gratis oswa a pri redui. Aplikasyon pou repa gratis oswa a pri redui se yon aplikasyon fanmi. Sa vle di, yon sèl aplikasyon ap kouvri tout elèv lakay ou ki nan lekòl piblik nan rejyon Palm Beach la, menmsi y ale nan diferan lekòl. Sepandan, timoun ki nan adopsyon bezwen aplikasyon separe. Aplikasyon yo disponib an anglè, kreyòl, ak panyòl nan tout lekòl nan Rejyon Palm Beach la. Si w gen nenpòt kesyon sou pwosesis aplikasyon an, tanpri kontakte Biwo Manje Gratis oswa ak Pri Redui a nan 1-888-383-2025. Ou kapab jwenn kont manje sèvis kantin lekòl la nan (P-6.031). Pou plis enfòmasyon sou pwogram nou an, ansanm avèk meni pou dejene ak manje midi, vizite nou nan [www.sdpbc.palmbeachschools.org/sfs](http://www.sdpbc.palmbeachschools.org/sfs)

\*Pri manje yo kapab chanje.

## Fouye elèv ak sezi bagay

**Anplwaye lekòl kapab fouye** elèv yo genyen ase rezon pou yo sispèk ki an posesyon objè kontrebann oswa yo entèdi sou propriyete Komite dirijan distri lekòl la mè, oswa nenpòt kote elèv yo anba sipèvizyon anplwaye Komite dirijan distri a tankou nan pwomnad, lòt aktivite ki pa akademik, oswa pandan yon chofè ki apwouve ap transpòte l pou li ale oswa l ap sòti nan aktivite sa yo oswa lòt jan.

**Anplwaye lekòl la kapab fouye** yon elèv, posesyon yon elèv, kazye pèsònèl elèv yo, oswa nenpòt lòt kote pou yo sere bagay yo, sou pwopriyete lekòl la san manda lè anplwaye lekòl la genyen ase rezon sispisyon ke genyen objè oswa sibstans ilegal, ki entèdi oswa pwopriyete ke yo vòlè ki kache sou elèv la oswa nan antrepo yo (F.S. § 1006.09(9))

**Yo ankouraje anplwaye yo pou yo** eseye jwenn konsantman elèv la pou yo fouye objè oswa sibstans ki ilegal, entèdi, oswa pwopriyete yo vòlè, men li kapab fouye yon elèv san konsantman l, si genyen ase rezon pou l sispèk genyen yon objè oswa yon sibstans entèdi, elèv la posede ilegalman.

**Anplwaye lekòl la genyen otorite pou** fouye sakado elèv la, valiz, bous, si genyen ase rezon pou li sispèk, si elèv la refize di kisa ki ladan l.

**Kazye pèsònèl elèv lekòl la se pwopriyete** Distri a e yo kapab fouye yo tanzantan san avètisman depi genyen ase rezon pou sispèk te genyen yon vyolasyon lalwa.

**Pake yon machin sou pwopriyete distri lekòl la** se yon privilèj ki kapab etann li a elèv yo. Tout elèv ki vle pake machin yo sou pwopriyete lekòl la dwe siyen yon fòm konsantman ki pèmèt direktè lekòl la oswa reprezantan li fouye machin yo si genyen ase rezon pou sispèk. Si elèv la ta refize yo fouye machin li sa ap lakoz yo revoke pèmisyon pou li pake machin li pou de (2) zan apati dat li te refize a.

## **Seksyon 504 Dekrèlwa 1973 sou Reyabilitasyon & Dekrèlwa ameriken 1990 pou andikape yo**

Si pitit ou nan klas regilye epi ou kwè li ta gen yon pwoblèm fizik, mantal oswa newolojik kèlkonk ki kapab afekte entelijans li, tanpri kontakte direksyon lekòl la. Pitit ou a kapab kalifye pou li jwenn èd nan kad lwa 504/ADA oswa IDEA (Lwa 2004 pou amelyorasyon moun ki andikape) ( P.-5.725). Si pitit ou a te deja kalifye nan kad lwa 504 oswa IDEA a epi si li deja gen yon plan 504 ki aktif pou li, ou sipoze kontakte direksyon lekòl la tou 9SBER 6A-6.033111). Distri a gen yon seri kondisyon espesyal ki tabli pou kontwole disiplin pou elèv ki gen yon andikap kèlkonk yo (P-5.189, P-5.1891). Chak lekòl gen yon pèsòn kontak byen detèmine pou pwogram edikasyon pou elèv espesyal (ESE). Si pitit ou a te kalifye kòm yon elèv espesyal ki bezwen sèvis apwopriye pou sa, tanpri kontakte pèsòn kontak sa a. Si w panse pitit ou bezwen kalite sèvis konsa, tanpri kontakte direksyon lekòl la oswa kontak pou ESE a.

PBCSD pran angajman pou l ogmante kantite elèv andikape yo nan anviwònman ki gen mwens kontrent. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou plan enklizyon distri a lè w kontakte (561) 433-8627

## **Koleksyon, itilizasyon ak bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal elèv ak paran**

Distri lekòl reyon Palm Beach otorize koleksyon, itilizasyon oswa bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal (SSN) elèv oswa paran, pou rezon sa yo, oubyen ki obligatwa oswa lalwa otorize pou pran enfòmasyon. Se oubyen lalwa otorize dirèkteman koleksyon nimewo sekirite sosyal oubyen li endispansab pou akonplisman devwa ak responsablite jan lalwa mande sa [Fla. Stat. §119.071(5) (a) 2 & 3].

- 1. Enskripsyon elèv ak nimewo idantifikasyon yo** [Oblije fè rekèt dapre lwa Florid §1008.386 ak Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6. 1008.386 li note kòm yon eksepsyon: “Men, yon elèv ba obligije bay nimewo sekirite sosyal kòm kondisyon pou enskripsyon oswa gradyasyon .”]
- 2. Enskripsyon nan yon pwogram edikasyon pou granmoun.** [Dapre lwa administratif Florid 6A-10.0381, si li disponib ak /oswa idantifikasyon elèv la, dapre lwa Florid § 119.071(5) (a) 6.]
- 3. Elèv granmoun ki enskri nan pwogram etid siperyè.** [Dapre lwa administratif 6A-1.0955(3) (e), ak lwa Florid Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
- 4. Sètifika bòn vi e mès, nivo 1 ak nivo 2 tcheke pase kriminel / Idantifikasyon pou Depatman lapolis trete anprent dijital yo/ Enfòmasyon sou enskripsyon konsènan predatè seksyèl ak moun ki koupab pou delenkans seksyèl lwa Florid § 943.04351 otorize, si genyen SSN ki disponib.** [Dapre lwa Florid 11C-6.003 ak Fla. Stat. § 119.071(5) (a)2 6.]
- 5. Rapò sou elèv yo obligije soumèt bay Depatman edikasyon Florid.** [Dapre lwa Florid § 119.071(5) (a) 2& 6.]
- 6. Reklamasyon pou domaj oswa deli sivil kont komite dirijan distri lekòl la.** [Dapre lwa Florid § 768.28 (6), ak Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
- 7. Itilize enfòmasyon sou veyikil amotè depatman motè veyikil pou distri a ranpli fonksyon li ak pou li verifeye si enfòmasyon ajan oswa anplwaye distri a soumèt ba li, tankou pou li anpeche fwod, ki konekte ak investigasyon sou asirans, ak pou verifeye pèmi kondui komèsyal.** [Dapre lwa federal 18 U.S.C. 2721 ak lwa Florid Stat. § 119.071(5) (a) 6.]

8. **Enfòmasyon DOE resevwa pou eseye lokalize timoun ki lekòl nan Florid ki disparèt.** [Dapre lwa Florid 6A-6.083 ak Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
9. **Pwosedi verifikasyon aplikasyon lwa nasyonal manje midi nan lekòl/ elijiblite pou manje gratis oswa a pri redui ak lèt gratis nan lekòl yo.** Lalwa federal ap mande yon granmoun li, si li genyen yon nimewo 42 U.S.C. 1751 ak lwa federal 7 C.F.R. 245.2 and 3 ak Fla. Stat. § 119.071(5)(a)6.]
10. **Rapò de depatman veyikil a motè sou elèv ki genyen lisans yo sispann pou twòp absans ki pa ekskize ak rapò depatman veyikil a motè sou elèv ki ta dwe ale nan yon lekòl men ki pa enskri oswa pa ale.** [Dapre lwa Florid §322.091(5) ak §1003.27 ak Fla. Stat. § 119.071(5)(a)6.]
11. **Verifikasyon alekri patwon bay pou edikasyon vokasyonèl, suivi dosye elèv** [Dapre lwa Florid 6A-10.0341 ak Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
12. **Rapòte abi sou timoun bay DCF, pou elèv ki viktim ak sa yo kapab fè rapò pou yo.** [Dapre lwa Florid 65C-29.002 ak Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
13. **Idantifikasyon moun k ap bay san** [42 U.S.C. 405 (c) (2) (D) (i) otorize l]
14. **Tribinal, lwa Eta a oswa federal òdone pou bay nimewo sekirite sosyal.** [Dapre Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
15. **Li enperatif oswa nesese pou kolekte /ak oswa bay enfòmasyon pou pèfòmans obligasyon distri a ak responsablite lalwa fè, tankou idantifikasyon pou modpas sou rezo distri a** [Ak otorizasyon Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6 ak dapre Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 2.]
16. **Moun ki bay otorizasyon alekri pou yo kapab bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal li** [Ak otorizasyon Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
17. **Yo bay nimewo sekirite sosyal pou anpeche ak konbat teroris pou obeyi lwa “USA Patriot” an 2001, Pub. L. No. 107-56, oswa lòd egzekitif Prezidan an 13224.** [Dapre Fla. Stat. § 119.071(5) (a) 6.]
18. **Yo bay yon antite kòmèsyal nimewo sekirite sosyal la pou pèmèt li itilize l annakò ak lwa pwoteksyon entimite chofè an 1994, 18 U.S.C. Sec. 2721 et seq.; lwa sou rapò kredi, 15 U.S.C. Sec. 1681 et seq.; oswa lwa modènizasyon sèvis finansye an 1999, 15 U.S.C. Sec. 6801 et seq., si otorite kòmèsyal la obeyi tout kondisyon paragaf 5 nan Fla. Stat. § 119.071.** [Ak otorizasyon Fla. Stat. § 119.071(5)(a)6.]
19. **Salè pou elijiblite pou Medicaid, detèmine montan èd medikal, fè pwosedi dèt medikal, epi fè suivi pwogram yo** [Dapre lwa federal 42 C.F.R. § 435.910, amwenske elèv ki aplike pou Medicaid la refize pran yon nimewo sekirite sosyal , sou baz objeksyon relijye ki byen-etabli]

\*\*\* Nòt, deklarasyon sa a bay rezon pou kolekte, itilize oswa bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal pou **elèv ak paran sèlman**. Yon lòt fòm (PBSD 2272) bay rezon pou kolekte, itilize oswa bay nimewo sekirite sosyal pou lòt moun ki pa elèv oswa paran, ak yon deklarasyon alekri pou kolekte, itilize oswa bay enfòmasyon sou nimewo sekirite sosyal moun k ap fè volontè yo, ki fè pati aplikasyon pou volontè yo (VIPS).

## Aktivite elèv ak asanble

Nou tout bezwen aprann jan pou yo vini manm aktif nan kominote kote y ap viv la. Aktivite lekòl bay elèv yo yon chans pou yo entèaji yon fason ki pozitif. Elèv yo kapab aprann yonn de lòt sou jan pou yo travay ansanm ann amoni pou atenn objektif komen.

DWA	RESPONSABLITE
<p><b>Elèv yo genyen dwa</b> pou yo patisipe nan aktivite ki pa akademik, asanble, ak òganizasyon lekòl la apwouve san konsiderasyon pou laj, koulè, andikap, etnisite, sèks, diferans linguistik, orijin nasyonal, eta matrimonial, ras, oryantasyon seksyèl, oswa orijin sosyoekonomik (P-5.001).</p>	<p><b>Elèv yo genyen responsablite pou yo</b> pa kite aktivite ki pa akademik yo entèfere ak aktivite akademik yo epi konnen pou yo obeyi règleman pou aktivite yo chwazi yo. (P-5.60).</p> <p><b>Elèv ki nan komite elèv genyen responsablite pou yo</b></p>

<p><b>Elèv yo genyen dwa</b> pou yo chèche plas nan klib lekòl oswa komite lekòl, san konsiderasyon pou laj, koulè, andikap, etnisite, sèks, diferans linguistik, orijin nasyonal, estati matrimonial, ras, oryantasyon seksyèl, oswa orijin sosyoekonomik (P-5.001, P-5.81).</p> <p><b>Elèv yo genyen dwa</b> pou yo kontakte manm administrasyon lekòl la k ap mete pwogram ki genyen rapò ak klib oswa gwoup nan lekòl la (P-2.121).</p> <p><b>Tou elèv genyen dwa</b> pou patisipe nan eleksyon pou vini ofisye nan komite elèv lekòl.</p>	<p>apran kijan pou fè travay yo, sipòte sa lòt gwoup yo vle fè, epi trete manm lòt gwoup byen.</p> <p><b>Elèv yo genyen responsablite</b> pou yo wè si aksyon yo poze kòm manm klib lekòl annakò ak règleman administrasyon lekòl la mete sou pye (P-2.121).</p>
--	--

#### **Aktivite ki genyen rapò ak klib lekòl la ki apwouve oswa patwone (P-2.121)**

Elèv yo dwe gen konsantman administrasyon lekòl la pou tout aktivite klib oswa gwoup lekòl la apwouve oswa patwone.

Paegzanp, yo bezwen konsantman pou yo:

- ✓ Prezante yon pwogram oswa yon asanble
- ✓ Kolekte lajan/vann sou lakou lekòl la
- ✓ Ranmase lajan sou non lekòl la (P-2.16)
- ✓ Fè manifestasyon

## **Teknoloji**

[www.facts.org](http://www.facts.org)

Sistèm ofisyèl Florid pou bay elèv konsèy sou entènèt suiv pwogrè akademik elèv yo pou yo kapab ede elèv ak paran yo pran bon desizyon. Sit entènèt la bay aksè a yon seri zouti pou yo planifye pwofesyon yo ak lekòl siperyè yo an Florid.

### EDLINE

Bay paran, pwofesè, ak elèv yo enfòmasyon sou entènèt ki disponib toutan ak tout kote ki genyen aksè entènèt. Chak pwofesè nan rejyon Palm Beach genyen yon paj Edline kote anplwaye yo kapab poste nouvèl, devwa, kalandriye, ak lyen ki mennen nan resous. Anplis, paran ak elèv ki nan lekòl segondè genyen aksè ak rapò pwofesè yo mete ajou chak de (2) semèn. Genyen yon wo nivo sekirite ki pèmèt enfòmasyon pèsònèl paran ak elèv yo rete konfidansyèl. N ap ankouraje paran yo pou yo kontakte kowòdinatè Edline nan lekòl yo pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kreye yon kont Edline.

### **Resous akademik sou entènèt**

Distri lekòl rejyon Palm Beach mete sou pye anpil resous kominikasyon ak akademik sou entènèt pou paran ak elèv itilize. Ou kapab jwenn tout sit entènèt ak sèvis sa yo sou yon sèl sit [http://www.palmbeachschools.org/learning\\_tools/](http://www.palmbeachschools.org/learning_tools/).

#### **PalmBeachLearns.org**

PalmBeachLearns.org genyen enfòmasyon espesifik pou elèv ak paran. Paran yo ap jwenn lyen ki mennen yo nan enfòmasyon sou kesyon yo poze pi souvan, enfòmasyon sou kontak pou lekòl ak atik sou jan pou genyen bon jan relasyon ak lekòl pitit yo. Anpil nan resous ki sou PalmBeachLearns.org yo disponib sèlman pou elèv, paran, ak anplwaye ki genyen yon non itilizatè ak modpas pou yo kapab aksede yo lakay yo.

### **Ekipman aprantisaj pou kominikasyon**

Nou ankouraje paran yo pou yo tabli yon kont endividyèl yo ak Edline lekòl yo. Lekòl la kab bay paran yo yon kòd aktivasyon pou kont pèsonèl yo. Lekòl la ap mentni kont Edline yo pou paran yo kab jwenn enfòmasyon osijè lekòl pitit yo ak salklas pitit yo. Pandan enskripsyon paran yo kapab bay adrès elektwonik yo nan sistèm Edline nan konsa lekòl la ap kapab pataje ak yo nouvel enpòtan pou attire atansyon yo. Paran elèv lekòl segondè yo kapab resevwa notifikasyon atravè adrès elektwonik yo lè pwofesè yo afiche kanè elèv yo.

### **Resous aprantisaj pèsonèl**

Plizyè nan pwogram nou gen nan entènèt pou elèv yo endividyèl epi yo egzije yon non itilizatè. Ekipman sa yo pèmèt yo antre nan kontni ki konfigire pou klas yo an patikilye. Anplis, pwofesè ki espere kreye devwa ki baze sou bezwen elèv yo avèk objektif aprantisaj ki tabli pou klas yo kapab itilize ekipman sa yo.

### **Riverdeep Destination Success**

DestinationSuccess bay enstriksyon sou konpetans kritik nan lekti ak matematik pou tout nivo klas plis syans, syans sosyal, ak mizik pou klas prime elemantè. Resous sa yo gen ladan yo pwogram tankou Millie’s Math House, Sammie’s Science House, ak enstriksyon ki konsantre sou gramè, ak matematik, atravè Aljèb I. Tout kontni matematik yo disponib nan lang kreyòl ak panyòl.

Ak enfòmasyon apre yo elèv yo ap siyen pou antre nan Destination Success a:

- Non itilizatè – Lèt sa yo “pb” plis nimewo elèv la (Egzanp: pb12345678).  
*Ou kapab jwenn nimewo elèv lanan kanè li sou, fòm enskripsyon, oswa lè w kontakte pwofesè pitit ou a.*
- Modpas- Lèt sa yo “pb” plis nimewo elèv la (Egzanp: pb12345678).  
*Elèv ki nan klas K, 1, ak 2 dwe itilize K, 1, oswa 2 kòm sa dwa pou modpas yo.*

### **FCAT Explorer**

FCAT Explorer se yon pwogram entèaktif, baze sou referans pratik Depatman Edikasyon Florid bay pou elèv nan tout eta a. Resous nan FCAT Explorer a pèmèt elèv yo fè egzèsis pratik sou egzamen FCAT yo ak travay sou aptitud yo idantifye kote elèv la bezwen amelyorasyon. FCAT Explorer disponib pou tout elèv ki ta dezire pratike aptitud FCAT yo nan domèn sa yo:

- 3<sup>rd</sup>, 4<sup>th</sup>, 6<sup>th</sup>, 8<sup>th</sup>, and 10<sup>th</sup> klas lekti
- 5<sup>th</sup>, 8<sup>th</sup>, and 10<sup>th</sup> klas matematik
- 5<sup>th</sup>, 8<sup>th</sup>, and 11<sup>th</sup> klas syans

Ak enfòmasyon apre yo elèv yo kapab pou antre nan pwogram FCAT Explorer:

- Non itilizatè –Lèt sa yo “pb” plis nimewo elèv la (Egzanp: pb12345678)
- Modpas-Lèt sa yo “pb” plis nimewo elèv la (Egzanp: pb12345678)

*Ou kapab jwenn nimewo elèv la nan kanè li, fòm enskripsyon li oswa lè w kontakte pwofesè pitit ou a.*

### **Rechèch ak resous pou aprantisaj**

Lekòl rejyon Palm Beach yo abòne ak yon kantite baz enfòmasyon ak sistèm aprantisaj ki pèmèt elèv nou yo antre nan materyèl kritik ki rekòmande pou rechèch yo osibyen ak amizman, pwogram entèaktif ki etann aprantisaj yo pandan moman yo pa lekòl. Resous sa yo se yon plas ekselan pou kòmanse lè yon elèv bezwen èd avèk devwadmezon oswa avèk pwojè pwofesè ba yo.

Resous apre yo konekte avèk PalmBeachLearns.org epi itilize enfòmasyon apre yo pou antre:

- Non itilizatè – palmbeach
- Modpas – palmbeach

Atansyon: Tout lèt yo an miniskil epi pa genyen espas ant “palm” avèk “beach”.

RESOUS	NON UTILIZATÈ NAME	MODPAS
BrainPOP, BrainPOP Junior, BrainPOP en Español	palmbeach	palmbeach
E-Library Curriculum	palmbeach	palmbeach
Gale Research Databases	palmbeach	palmbeach
Sirs Discoverer	palmbeach	palmbeach
Teaching Books	palmbeach	palmbeach
Tumble Books	Palm	books
World Book Web	palmbeach	palmbeach
netTrekker	palmbeach	palmbeach
Edline	User Defined	User Defined
FCAT Explorer	pb+8 digit student # (i.e. pb12345678)	pb+8 digit student # (i.e. pb12345678)
Riverdeep/Destinations	pb+8 digit student # i.e. pb12345678)	pb+8 digit student # i.e. pb12345678)
Discover Streaming	pbstudent	Student
ExploreLearning Gizmos	School defined	School defined
VMath	School defined	School defined

## Kondisyon Teknoloji pou Elèv itilize

(P-8.123)

Elèv la dwe li oswa yo dwe li oswa eksplike elèv la avètisman apre a. Li disponib tou pou paran oswa responsab elèv la li l oswa yo eksplike l ba li (eksepte si elèv la endepandan). Fòm anrejistreman elèv , PBSO 0636, ki egzije pou paran elèv ki endepandan , revize, ranpli epi siyen chak ane a, ap genyen langaj ki ba yo avètisman lwa 8.123 a epi elèv yo dwe soumèt anba kondisyon yo.

Elèv yo ki antre nan resous teknoloji distri lekòl la, ki genyen ladan aksè nan entènèt, dwe andose responsablite edikatif ak misyon distri a. Kondisyon espesifik ak sèvis yo ofri yo ap chanje detanzantan. Anplis, distri a pa bay garanti pou pou sa ki konsène rezo oswa sèvis entènèt epi li pa espesifikman pran responsablite pou:

1. Kontni okenn sous nan entènèt la, sou kèkilanswa fòm, obligasyon, oswa domaj ki fèt selon jan elèv la chwazi pou itilize rezo li oswa aksè nan entènèt.
2. Nenpòt konsekans sèvis entèripsyon oswa domaj, menm si deranjman sa yo rive nan sikonstans ki anba kontwòl distri a.

Elèv la dakò pou soumèt anba kondisyon apre yo:

1. Itilizasyon resous teknoloji distri a elèv la ap fè a dwe konsistan avèk objektif primè distri a, IT, ak sit lekòl la.
2. Elèv la p ap itilize okenn resous teknolojik distri a pou objektif ilegal sou okenn fòm.
3. Elèv la konprann move izaj resous teknolojik distri a kapab rive sou plizyè fòm, ki gen ladan kesyon ki dekri nan dokiman sa a ak lwa 8.123 distri lekòl la ak manyèl referans li a.
4. Elèv la p ap itilize resous teknolojik distri a pou transmit materyèl danjere pou minè, menasan, obsèn, oswa oswa aselan. Ou p ap rann distri a responsab si elèv la patisipe nan aktivite konsa oswa pou nenpòt konpòtman konsa elèv la ta egzèse.
5. Elèv la p ap itilize resous teknolojik distri a pou twouble oswa deranje lòt moun k ap itilize rezo a, sèvis yo, oswa ekipman atravè distribisyon reklàm ki pa otorize, pwopagasyon viris nan konpitè, itilize enpriman eksepte sa ki nan lekòl la pou sèvis elèv, ak/oswa itilize rezo a pou antre san otorizasyon nan nenpòt lòt machin ki bay aksè atravè rezo a oswa atravè nenpòt lòt mwayen.

6. Elèv la p ap itilize resous ak enfòmasyon teknolojik distri a eksepte si pwopriyete a oswa moun ki responsab legal resous ak enfòmasyon yo te ba l pèmasyon pou fè sa. Nou dwe konnen resous ak enfòmasyon ki aksesib sou sit distri a se pwopriyete prive endividi ak òganizasyon ki posede yo a oswa moun ki gen dwa legal sou resous ak enfòmasyon sa yo eksepte si pwopriyete yo oswa moun ki gen dwa legal deklare otreman yon fason espesifik.
7. Elèv la li oswa enfòmasyon osijè lwa 8.123 distri lekòl la ak manyèl li a epi li konprann ke elèv la responsab pou l soumèt anba pwovizyon ki nan *lwa sa a ki gen rapò ak elèv k ap itilize teknoloji nan* [http://www.palmbeachschools.org/policies/8\\_123.htm](http://www.palmbeachschools.org/policies/8_123.htm) ak manyèl estanda ak machasuiv pou moun k ap itilize IT nan <http://www.palmbeachschools.org/it/security.asp>.
8. Elèv la rekonèt ke se sèlman yon atant limite ki egziste sou vi prive nan limit lalwa egzije l pou li ankalite elèv nan rapò ak izaj resous teknolojik distri a l ap fè. Yo kab kontwole resous teknolojik distri a pou tout objektif legal ak bon kòz. Izaj resous sa yo konstitye konsantman distri a pou kontwole yo pou objektif sa yo. Pilwen elèv la rekonèt ke distri a kab rekipere ak/oswa devwale, jan lalwa pèmèt, tout mesaj ki nan depo distri a oswa yon antite deyò ki sou non l.
9. Si elèv la otorize, li kab itilize kont òdinatè distri pou elèv la, pou konfime dokiman distri a elektwonikman. Elèv la kab itilize kont li a pou antre ak chanje enfòmasyon pèsònèl li nan sistèm enfòmasyon distri a.
10. Elèv la konfime entansyon li pou limite tèt ak dokiman l ap patisipe elektwonikman dapre metòd ki dekri anwo nan paragaf 9 nan menm degre elèv la limite si li siyen yon kopi dokiman an.
11. Tout modpas elèv la resevwa ap konfidansyèl epi elèv la p ap devwale yo bay okenn lòt twazyèm pati.

Distri a pa bay okenn garanti pou sèvis li bay, kèlkilanswa se te fòmèl ou sijere, epi li p ap responsab pou okenn domaj itilizatè a soufri. Sa gen ladan pèt enfòmasyon akòz delè, livrezon sèvis ki pa fèt, move livrezon, oswa entèripsyon sèvis ki rive akòz neglijans distri a oswa akòz erè oubyen omisyon itilizatè a. Se responsablite itilizatè a pou enfòmasyon li resevwa nan entènèt. Distri a nye espesifikman nenpòt responsablite sou jistès oswa kalite enfòmasyon yon moun resevwa atravè rezo oswa sèvis entènèt distri a. Se responsablite tout itilizatè pou verifiye sous nenpòt enfòmasyon yo resevwa ak konsidere kòm enfòmasyon sa a kapab valab.

Dapre lwa Elektwonik ak Kominikasyon 1986 sou Lavi Prive, (18 USC Section 2510), tout elèv notifiye la a pa gen pwovizyon ki fèt pou okenn etablisman voye oswa resevwa kominikasyon elektwonik prive oswa konfidansyèl. Konsidere piblik la an jeneral deja gen aksè ak tout mesaj. Pa itilize sistèm sa a pou okenn kominikasyon kote ekspedite a gen entansyon se sèlman ekspedite a ak respidan an k ap li l. Depi elèv la itilize rezo oswa entènèt distri a, elèv la dakò pou l pa rann distri a responsab kont nenpòt ak tout reklamasyon ki ta genyen akòz izaj la.

Elèv la ak paran oswa responsab li (elèv la sèlman si l endepandan ) soumèt anba tèm ak kondisyon avètisman sa a. Elèv la diskite dwa ak responsablite yo avèk paran oswa responsab li.

Elèv la konprann ke nenpòt vyolasyon pwovizyon lwa anwo yo kab gen kòm rezilta aksyon disiplinè, revokasyon privilèj elèv la ak/oswa privilèj, ak/oswa aksyon legal apwopriye. Elèv la dakò tou pou rapòte bay administratè lokal la, pwofesè, oswa reprezantan teknolojik la nenpòt move itilizasyon resous enfòmasyon yo. Tout règleman sou konpòtman ki dekri nan lwa lokal distri a oswa lekòl la pwosedi ak manyèl yo, aplike lè elèv la nan rezo a.

*Yo te bay paran oswa responsab elèv la opòtinite pou li avètisman sa a ak lwa 8.123 distri lekòl la ak manyèl referans li a. Paran ak responsab la konprann pwovizyon lwa ak kondisyon dokiman sa a ak lwa ak manyèl epi yo bay aksè entènèt atravè rezo distri a inikman pou objektif edikatif ki gen rapò ak kourikoulòm, devlopman akademik elèv la, oswa aktivite deyò yon lekòl. Paran oswa responsab la konprann ke pitit li a soumèt anba pwovizyon lwa yo ak kondisyon avètisman sa a epi paran oswa responsab la konprann nenpòt vyolasyon pwovizyon lwa anwo yo kab gen kòm rezilta aksyon disiplinè, revokasyon privilèj timoun nan, ak/oswa privilèj, ak/oswa aksyon legal apwopriye. Tout règleman sou konpòtman ki dekri nan lwa lokal distri a oswa lekòl la, pwosedi ak manyèl yo aplike lè elèv la nan rezo a.*

Pilwen paran oswa responsab la konprann li enposib pou distri a limite aksè nan tout materyèl kontwovèsyal, epi paran oswa responsab la pap rann distri a responsab pou materyèl ki soti i nan rezo oswa entènèt distri a. Paran oswa responsab la ap rapòte bay administratè lekòl la, pwofesè oswa reprezantan teknolojik. Paran oswa

responsab la aksepte responsablite konplè sipèvizyon pou pitit li a itilize koneksyon lwen nan rezo oswa entènèt distri a nan yon bilding ki pa lekòl.

Direktè/tris/deziye li dakò pou pwomote tèm ak kondisyon lwa sa a ak elèv la epi enstwi elèv la sou izaj akseptab rezo a ak lizaj kòrèk rezo a. Direktè /tris/deziye li dakò tou pou rapòte bay reprezantan teknolojik lekòl la nenpòt move izaj enfòmasyon oubyen teknoloji.

Se lwa 5.183 komite distri lekòl la ki gouvène tou izaj telefòn pòtab ak teknoloji pòtab elèv yo. Ou kab jwenn aksè lwa sa a nan <http://www.palmbeachschools.org/policies/> lwa # 5.183

## Liv Lekòl ak materyèl edikatif

(P-8.122, P-8.1225)

Anpil nan fason nou opere yo ap chanje. Òdinatè, DVD's, videyo, materyèl elektwonik enprime tounen materyèl siplemantè tankou kreyon, lakrè, ak liv lekòl. Komite lekòl nou an angaje pou bay materyèl edikatif apwopriye nan tout domèn etid prensipal pou chak elèv. Nou angaje tou pou asire ke pitit ou gen aksè ak materyèl sa yo pou devwadmezon, izaj nan klas, tan l ap pase nan yon òdinatè nan lekòl, oswa lòt materyèl edikatif ki disponib nan bibliyotèk sant medya nou yo. Elèv yo kab gen aksè ak liv lekòl nan domèn sijè prensipal yo atravè entènèt. Gen kèk liv lekòl sou sijè prensipal yo ki disponib tou sou fòm CD-ROM. Elèv/paran yo ta dwe tyeke lekòl la pou resevwa metòd pou yo gen aksè ak liv lekòl yo ak edisyon pou elèv yo sou CD-ROM nan entènèt. Ou kab jwenn yon lis tout liv distri a adopte ak sa yo ki disponib nan entènèt ak atravè Edline nan koneksyon apre a [http://www.palmbeachschools.org/imlms/documents/manual\\_sec\\_b.pdf](http://www.palmbeachschools.org/imlms/documents/manual_sec_b.pdf)

Nan kèk lòt egzanp, yo kab rekòmande yon seri materyèl klass (liv lekòl ki pa deziye pou elèv men ki itilize nan klas epi ki disponib pou elèv ak paran menm jan yo bezwen yo pou izaj lakay) lè tèks la itilize kòm yon referans. Nan kòmansman ane lekòl la, pwofesè yo ap fè w konnen anpèsòn oswa nan bilten materyèl prensipal yo fè plan itilize ak kòman y ap bay devwadmezon. Nan kèk egzanp, kab pa gen liv lekòl, paske gen lòt materyèl ki pi apwopriye oswa pi resan pou objektif kontni yo. Gen anpil liv lekòl ki disponib nan entènèt atravè yon koneksyon nan paj Edline chak pwofesè. Ou kab gen aksè nan liv lekòl sa yo nan nenpòt lokal kote gen koneksyon entènèt.

Lè yo bay yon elèv responsablite liv lekòl, liv bibliyotèk, oswa lòt materyèl edikatif epi materyèl yo pèdi oswa domaje, paran elèv la responsab finansyèman. (F.S. § 1006.42) Si yopa paye pou liv lekòl ki pèdi oswa dechire sa kab lakòz elèv la gen sispansyon nan aktivite deyò yo oswa elèv la kab anba obligasyon pou l fè sèvis kominote ki egal ak valè lajan materyèl pèdi oswa domaje yo koute. (F.S. § 1006.28(3)(b)) Pwosedi konsènan responsablite paran ak elèv sou materyèl edikatif, dèt, pou pèt, domaj, oswa destriksyon, ak respnsablite tabli nan P-8.1225.

Tanpri mande pwofesè pitit ou a pou enfòmasyon konsa. Tanpri pran pa nan misyon paran/pwofesè, espesyalman Reyinyon Jeneral i nan kòmansman ane eskolè a. si w gen kesyon, tanpri rele lekòl pitit ou a.

## Konpòtman ki pa akseptab/konsekans

ATANSYON: Gen seksyon nan manyèl sa a gen yon rezime sou kòd konpòtman elèv la. Pou wè kòd konpòtman elèv la okonplè elektwonikman, gade chapit 5 nan <http://www.palmbeachschools.org/policies/> ki gen ladan lwa 5.002, lwa 5.0921, lwa 5.18 jiska 5.1891, ak lwa 5.80. Si ou mande yon kopi sou kòd konpòtman pou elèv la, kopi yo disponib nan lekòl la.

<p><b>Komet nenpòt zak kriminel, ki gen ladan men pa limite:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Posesyon, izaj, vant, distribisyon, depo, oswa manifakti nenpòt zam</i></li> <li>• <i>Posesyon, izaj, vant, distribisyon, depo oswa preparasyon alkòl, pwodui tabak, ak lòt dwòg oswa imitasyon dwòg</i></li> <li>• <i>Vòl, sitirans, oswa vole-pran bagay ki gen valè oswa fòse yon moun ba w lajan, posesyon, oswa nenpòt bagay devalè bay yon lòt</i></li> <li>• <i>Vandalize-domaje oswa detui pwopriyete</i></li> <li>• <i>Angaje nan zak inapwopriye, devègonde oswa obsèn ki gen ladan move konpòtman seksyèl ak asèlman seksyèl</i></li> <li>• <i>Atak ak/oswa frape yon endividi enkli anplwaye distri lekòl la.</i></li> <li>• <i>Nenpòt kalite menas vyolans ki gen ladan menas bonb ak fo alam dife oswa fo apèl 911</i></li> <li>• <i>Aza oswa fo dokiman</i></li> <li>• <i>Depase limit</i></li> <li>• <i>Itilize langaj inakseptab, betiz, kòmantè ki gen rapò ak rayisman, elatriye.</i></li> <li>• <i>Konpòtman inapwopriye nan lekòl, nan otobis lekòl, ak oswa nan estasyon otobis ki gen ladan men ki pa limite nan:</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>– <i>Konpòtman tapajè</i></li> <li>– <i>Derespektan oswa malelve</i></li> <li>– <i>Dezobeyisan oswa refize obeyi nenpòt anplwaye</i></li> <li>– <i>Ki pa obeyi regleman salklas la oswa otobis la</i></li> </ul> </li> <li>• <i>Kopye oswa imite travay lòt moun</i></li> </ul>	<p><b>Vyolasyon nenpòt règleman lekòl ki gen ladan men pa limite ak:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <i>Remize yon veyikil sou lakou lekòl la san pèmisyon ofisyèl oswa nan zòn ki pa otorize</i></li> <li>• <i>Kite klas la oswa lakou lekòl la san pèmisyon</i></li> <li>• <i>Vin lekòl anreta, fè woul nan lekòl, ak/oswa kite zòn kote yo plase w la</i></li> <li>• <i>Vyole kòd abiman</i></li> <li>• <i>Angaje nan konpòtman fizik oswa vèbal ki agresif anve lòt moun ki gen ladan men pa limite nan:</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>– <i>Batay</i></li> <li>– <i>Nenpòt kalite anmèdeman oswa asèlman ak entansyon pou fè souffri oswa imilye lòt endividi pou nenpòt rezon ki gen ladan, men ki pa limite nan: laj, sèks, ras, gwoup etnik, nasyonalite, oswa oryantasyon seksyèl</i></li> <li>– <i>Nenpòt gang oswa aktivite oswa konpòtman ki gen rapò ak rayisman</i></li> <li>– <i>Fè fo akizasyon entansyonèlman ki mete an danje repitasyon pwofesyonèl, anplwa, oswa sètifikasyon yon pwofesè oswa lòt manb anplwaye lekòl la</i></li> <li>– <i>Nenpòt lòt konpòtman menasan</i></li> <li>– <i>Pote nan lekòl nenpòt atik ki pa favorab pou yon anviwònman aprantisaj ki sekirize ak annòd ki gen ladan, men pa limite nan jwèt elektwonik, radyo, oswa aparèy mizik dijital, aparèy anrejistrman, bipè, pwentè ak lazè</i></li> </ul> </li> </ul>
--	---

Izaj inapwopriye kenkay oswa lojisye pou kapte, anrejistre, pataje, pibliye, modifiye, oswa chanjman k ap fèt oswa foto aksyon, anrejistreman videyo, oswa son nenpòt moun avèk oubyen san konsantman moun nan, ap tonbe anba aksyon disiplinè.

Machasuiv lwa federal egzije “zewo tolerans”, ak eksepsyon espesifye, konsènan izaj oswa posesyon zamafe nan zòn lekòl (18 U.S.C. 922 (q)).

F.S. § 1006.13 tabli estanda pou distri lekòl yo adopte lwa **zewo tolerans** la: lwa Zewo-tolerans egzije pou mete deyò avèk oswa san sèvis edikatif kontinyèl, elèv yo jwenn ki komèt youn nan ofans apre yo, kòmans nan lekòl regilye elèv la pou yon period pa mwens pase yon ane konplè ( 1 full year), epi y ap refere l nan jistis kriminel oswa sistèm jistis jivenil.

- (a) Pote yon zamafe oswa zam nan lekòl oswa kote lekòl fonksyone, oswa nenpòt transpò lekòl sipòte oswa posede yon zamafe nan lekòl, jan li define nan chapit 790.
- (b) Fè yon menas oswa fo rapò ki angaje respektivman lekòl oswa pwopriyete anplwaye lekòl, transpò lekòl oswa yon aktivite lekòl sipòte, jan li defini nan ss. [790.162](#) ak [790.163](#).

Nan soumisyon anba lwa a, definisyon **zewo tolerans** pou komite distri lekòl rejyon Palm Beach siyifi y ap gen konsekans disiplinè pou yon seri move konduit (F.S. § 1006.13; SBER 6A-1.0404). Pou kèk move konduit, administratè yo ap gen diskresyon sou jan y ap disipline ak penalize epi gen lòt move konduit komite lekòl la gen penalite ki mandatwa. Tout lwa sa yo anvigè pou asire pitit ou an sekirite epi li gen tout opòtinite pou l aprann.

### Konsekans

#### Posibilite

(P-5.1812, P-5.1813)

<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Kont ak paran</li> <li>✓ Kontra sou konpòtman</li> <li>✓ Pèt privilèj (kèlkilanswa nan lekòl oswa aktivite deyò)</li> <li>✓ Konferans ak elèv, paran, pwofesè, oswa ekip administratif</li> <li>✓ Entèkansyon anplwaye konsèy akademik lekòl la</li> <li>✓ Sèvis travay lekòl oswa detay travay elèv la</li> <li>✓ Retire elèv la nan klas la</li> <li>✓ Pèt privilèj otobis – paran responsab pou bay transpò</li> <li>✓ Plasman nan lekòl altènatif oswa pwogram entèkansyon</li> <li>✓ Detansyon (anvan, pandan, apre lekòl, oswa lè samdi) – paran responsab pou bay transpò</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Restitasyon – peye pou oswa ranplase pwopriete domaje</li> <li>✓ Plasman nan yon pwogram reyabilitasyon pou tabak, alkòl dwòg oswa pwogram altènatif pou move konduit elèv la olye jou sispansyon</li> <li>✓ Sispansyon – retire elèv la nan lekòl la pandan 10 jou</li> <li>✓ Plase elèv la nan yon bilding edikatif altènatif (P-5.813)</li> <li>✓ Mete deyò – retire elèv la nan lekòl pou yon ane plis yon ane adisyonèl (P-5.1817)</li> </ul>
--	---

### Konsiderasyon

<p><b>Nan konsekans ki seleksyone</b> pou itilize kont konpatman inakseptab yo, li enpòtan pou aplike chak konsekans oswa itilize yo nan lòd ki tabli a. P-5.1812 ak P-5.1813 gen yon matrix ki eksplike konsekans potansyèl pou vyolasyon yo.</p> <p>Y ap suiv pwovizyon plan edikatif endividyèl (IEP) ak lwa aplikab (P-5.189) pou <b>Sispansyon</b> elèv andikape IDEA-elijib.</p> <p><b>Lekòl endividyèl yo kab gen</b> règleman adisyonèl pou konpòtman elèv kòm yon pati nan plan disiplin lekòl la.</p> <p><b>Sispansyon</b> elèv yo detèmine ki andikape anba seksyon 504 lwa reyabilitasyon 1973 ap suiv Seksyon 504 plan akomodasyon ak lwa aplikab yo (P-5.1891).</p>	<p><b>Nòmalman, sispansyon ap</b> ranfòse sèlman apre tout mezi korektif yo fin aplike, tankou kontak paran oswa lòt entèkansyon yo, si pa gen siksè. Lekòl la ap bay paran/responsab elèv la yon eksplikasyon alekrit pou rezon sispansyon an. Yon aksyon grav kab pwovoke sispansyon imedyatman san nesite pou konsidere mezi disiplinè altènatif yo. Sepandan, anvan aksyon sispansyon an, y ap bay elèv la opòtinite pou eksplike aksyon l yo epi y ap bay elèv la yon eksplikasyon alekrit pou rezon sispansyon an (F.S. § 1002.20 (4) (a); 1006.09 (1)(b)).</p> <p>Y ap voye elèv la tou bay ekip ki tabli pou sa nan lekòl la</p>
---	--

Anvan sispansyon elèv la fini pou l retounen, yo dwe ankouraje paran yo pou rankontre ak pwofesè ak administratè. Elèv k ap retounen apre yo te fin mete yo deyò ta dwe kontakte sipèntandan zòn nan pou yon chita tande anvan reantre. Nan ka kote gen yon referal pou rezon disiplinè, anplwaye lekòl la ta dwe fè efò rezonab pou kontakte paran yo.

Tanpri, li egalman nan dokiman sa a seksyon respè pou moun ak pwopriyete ak lis ensidan ak konsekans yo. Kòd disiplin konplè a disponib nan lekòl ou a nan [www.palmbeach.k12.fl.us/policies](http://www.palmbeach.k12.fl.us/policies) (Chapit 5) pou fè kopi kòm referans.

## Edikasyon vityèl

Florid bay edukasyon vityèl kòm chwa edikatif nan tout lekòl piblik distri yo. Pwogram edukasyon vityèl distri a bay enstriksyon nan entènèt atravè pratik lekòl Palm Beach. Lekòl vityèl apentant disponib pou klas K-12, ki gen ladan yon pwogram diplòm fendetid pou elèv ki elijib yo. Palm Beach Vityèl sipòte elèv atanpasyèl nan klas 6-12 ki sòti nan lekòl adomisil, lekòl prive, ak elèv nan lekòl piblik regilye. Pou tout enfòmasyon adisyonèl, vizite [www.palmbeachvirtual.org](http://www.palmbeachvirtual.org)

## Klas matènèl volontè

(F.S. § 1002.53)

Nan 2004, Florid kreye pwogram edukasyon matènèl volontè (VPK) pou ede prepare timoun nan laj 4-ane pou yo gen siksè nan Jadendanfan ak nan fitye yo. Pou kalifye pou enskripsyon nan yon pwogram piblik oswa prive VPK, timoun nan dwe abite nan Florid, gen laj 4 ane nan oswa anvan 1ye septanm ane eskolè a, epi gen yon sètifika elijibilite VPK li resevwa nan Family Central, Inc. Elèv ki nan laj pou kalifye yo dwe patisipe swa nan yon pwogram edikatif VPK 540- èdtan pou ane eskolè a oswa yon pwogram VPK 300- èdtan edikatif, men pa toulede alafwa. Distri a patisipe ak yon nonb klas VPK li ofri pou ane eskolè a nan nan lekòl seleksyone yo, ansanm avèk pwogram granvakans VPK mandate eta a. Pandan ane eskolè a, pwogram VPK a peye 3 èdtan edikatif gratis (8:00 a.m. jiska 11:00 a.m.) epi tout elèv ki enskri nan pwogram VPK a kalifye pou patisipe nan pòsyon anrichisman jounen an (11:00 a.m. jiska 2:00 p.m.). Edtan VPK maten yo konbine ak èdtan anrichisman apre midi yon 6-èdtan san arè pou jou a. Nan kèk lekòl se frè paran yo ki peye pou èdtan anrichisman apre midi yo, epi distri a peye nan lekòl Tit I ki seleksyone yo. Elèv yo enskri nan yon pwosesis lotri pou yo kab sekirize yon plas nan salklas la. Elèv ki enskri nan lekòl sou frè paran ki baze sou èdtan pwogram anrichisman kapab enskri sou baz premye rive premye sèvi. Nan chak saldeklas y ap anseye yo, ki gen ladan l yon pwofesè sètifye ak yon parapwofesyonèl kalifye, ap itilize yon kourikoulòm devlopmantral apwopriye pou ede elèv yo fè pwogrè dapre laj yo nan metriz estanda edukasyon VPK Florid pou ane 20...la. Depatman pwogram apre lekòl la ofri sèvis apre lekòl nan lokal kèk lekòl. Pou enfòmasyon osijè tout ajans piblik ak prive VPK nan rejyon Palm Beach oswa pou resevwa sètifika elijibilite VPK a, kontakte Family Central nan 561-653-2458 oswa vizite [www.familycentral.org](http://www.familycentral.org).

Pou enfòmasyon osijè pwogram VPK distri a, rele 561-969-5826 oswa vizite: [www.palmbeachschools.org/preschool/index.asp](http://www.palmbeachschools.org/preschool/index.asp).

## Volontè nan lekòl piblik

(P-2.53)

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ta renmen asistans ou nan lekòl pitit ou a. Gen anpil mwayen pou patisipe, men kèk ladan yo. Nou swete asosyasyon biznis yo byenveni.

Pwofesè leson patikilyè	Siveyan	Akademi konsiltatif
Ekoutè	PTA/PTO	Konsil
Travay biwo	Ansèyman pwofesyonèl	Moun pou patwone
Mentò	Pwogram pou adopte yon klas	Atizay & Atizana
Asistan nan klas	Montre yon elèv travay ou a	Ansèyman espesyal
Medyatèk lekòl la	Entèna	Konferans sou sijè espesyal
Edikasyon fizik	Devlopman pwofesyonèl	Komite konsiltatif lekòl la

### EDE LEKÒL LA AK MANJE?

Ou kapab vann oswa sèvi manje sou lakou lekòl yo sèlman si yo prepare nan kizin lekòl la anba sipèvizyon kafeterya a oswa si yo prepare nan kondisyon komèsyal depatman santé apwouve.

***Pou plis enfòmasyon osijè volontarya, rele kowòdinatè volontè lekòl la oswa ofis patisipasyon n kominotè a nan 561-434-8789 oswa 561-434-8771.***

### FASILITE AJANS KOMINOTÈ YO BAY ASISTANS ADISYONÈL

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la vle ede paran adrese pwoblèm santé sosyal, emosyonèl ak mantal pitit yo nan konekte elèv ak fanmi ki nan bezwen, ak ajans kominotè ki bay asistans yo. Gen anpil ajans kominotè ki ofri sèvis ak pri ki ba oswa gratis. ***Paan kapab antre nan lis resous kominotè ki bay konsèy ak lòt sèvis lè yo rele nimewo 2-1-1 oswa lè yo kontakte konseye akademik elèv la.***

### KONPÒTMAN ESPEKTATÈ NAN EVÈNMAN ATLETIK

Nou egzije paran ak sipòte nou yo ki patisipe nan evènman atletik yo pou bay elèv atletik yo sipò ak ankourajman pozitif:

- Plase pito byenèt emosyonèl ak fizik elèv yo anvan dezi pou fè tout sa k posib pou genyen.
- Pou w yon bon modèl nan domèn ak ankouraje patisipan yo pou kapab bon modèl tou.
- Sipòte antrenè ak ofisyèl ki pase anpil èdtan ak atlèt yo pou bayo eksperyans aktivite deyò ki pozitif epi benefisyan.
- Atann pou atlèt nou yo trete lòt jwè yo, antrenè, ofisyèl, ak fanatic yo avèk respè kèlkilanswa ras yo, sèks yo, kwoyans yo oswa abilte yo.
- Sipòte aktivite deyò yo tankou yon ekstansyon eksperyans edikatif elèv la.
- **Lekòl la gen tout dwa pou l pa kite antre nan yon evènman apre lekòl oswa sou pwopriyete lekòl la nenpòt moun ki montre yon konpòtman ki pa apwopriye. (P-2.04 (9)). Gade tou FS 1006.20 ak lwa asosyasyon atletik lekòl segondè eta Florid.**

FÒM



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

## Atestasyon Paran/ Elèv pou Manyèl Regleman ak Metòd Fonksyònman yo Resevwa

Non elèv la (an lèt detache) \_\_\_\_\_ Dat nesans \_\_\_\_\_

Non pwofesè \_\_\_\_\_ Klas \_\_\_\_\_

Elèv, paran\*, pwofesè, konseye, administratè, ak anplwaye biwo a gen wòl enpòtan pou jwe nan lekòl nou yo. Genyen regleman ki fèt pou adrese pwoblèm potansyèl ki kapab rive. Tankou lwa, regleman yo la pou tout moun. Yo mache sèlman lè tout moun konnen yo.

Ti liv sa a bay lis regleman distri a pou elèv ki nan rejyon Palm Beach. Regleman yo aplike pou tout aktivite k ap fèt nan lokal lekòl yo, nan lòt lokal yo itilize pou fè aktivite lekòl yo epi pou tout machin otorize k ap tranpòte elèv yo. Tanpri li regleman sa yo avèk atansyon. Paran, elèv, anplwaye lekòl la sipoze konnen regleman yo. Kòm yo kapab bay paran pote tout chaj pou zak pitit li, li enpòtan pou yo konnen regleman yo ak konsekans yo si pitit li dezobeyi regleman yo.

Li nesèsè pou paran yo angaje nan edikasyon pitit yo epi se responsablite pou bay lekòl la tout nimewo telefòn ak kontak ijans ki resan. Se responsablite yo tou pou fè lekòl la konnen tout bagay (tankou enfòmasyon medikal) ki kapab afekte fason pitit ou aprann, prezans pitit ou lekòl, oswa patisipasyon pitit ou nan aktivite lekòl la.

Fòm ki siyen yo dwe fè pati dosye chak elèv. Siyati w pi ba nan fòm sa a siyifi ou te resevwa ti liv la epi ou konnen regleman yo. (Sa pa vle di ou dakò ni ou pa dakò avèk yo.)

*\*Nan tout liv sa a, nenpòt kote mo "paran" parèt, yo vle di "responsab" tou. Konsa tou, konnen byen nenpòt kote yo mansyone responsablite elèv la, paran yo pataje tout responsablite sa yo ak pitit yo.*

\_\_\_\_\_  
Siyati paran/responsab la Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati paran/responsab la Dat

\_\_\_\_\_  
Siyati paran/responsab la Dat

PBSD 1910 CR (Rev. 4/13/2010) ORIGINAL - School

Translated by the Creole Translation Team of the Multicultural Education Department - Palm Beach County School District - SY101109 - April 2009 - Phone (561) 434-8620



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

## Pèmision ak akò pou pibliye enfòmasyon sou elèv

Li obligatwa pou paran yo (ak ni responsab yo tou) bay lekòl pitit yo pèmision alekri si yo ta vle

- 1) pou pitit yo patisipe nan aktivite ki mande itilizasyon foto, imaj videyo, travay atizanal, ekri elèv la elatriye nan liv anyèl elèv lekòl la, nan pwogram gradyasyon sou paj entènèt, jounal lekòl yo, koleksyon nouvell ki apwouve, piblikasyon ak atik, elatriye.

ak

- 2) pou kèk enfòmasyon espesifik pibliye ba piblik la (tankou onè ki resewva) konsènan pitit ou a.

**ESPLIKASYON:** Si se yon akò san limit pou tout kalite piblikasyon sou elèv atravè ane eskolè a, reprezantan lekòl la ap tcheke ti kare ki apwopriye a ak masyone pi ba a ane lekòl la. Si se yon pèmision ak yon akò pou yon pwojè espesyal, reprezantan lekòl la ap tcheke ti kare pou akò espesyal la epi l ap masyone non piblikasyon pwojè espesyal la. Paran an ap ranpli fòm akò sa a, l ap siyen l epi l ap voye l tounen bay lekòl elèv la.

Non elèv la (siyati, prenon, dezyèm non) \_\_\_\_\_

Nimewo elèv la \_\_\_\_\_ Paran/Responsab legal \_\_\_\_\_

Non lekòl la \_\_\_\_\_ Nivo klas \_\_\_\_\_

Kontak lekòl la \_\_\_\_\_ Telefòn kontak la (\_\_\_\_) \_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

### TIP KONSANTMAN AN (Tyeke youn sèlman)

- Pèmision san limit ak akò pou piblikasyon tout kalite enfòmasyon sou elèv pou ane lekòl la \_\_\_\_\_

Mwen bay lekòl la oswa Distri a pèmision fòmèl pou itilize foto, imaj videyo, atik ekri, anrejistremant wwa, non, nivo klas pitit mwen, non lekòl la, patisipasyon nan aktivite ofisyèl ak espòtif lekòl la rekonèt, pwa ak wotè manb ekip atletik yo, dat prezans, diplòm ak prim yo resewva, dat ak lye nesans ak dènye lekòl yo te frekante, nan albòm anyèl pwomosyon sòtant lekòl la, pwogram gradyasyon, afich teyat, pwodiksyon lekòl, sit entènèt, elatriye ak/oswa lòt piblikasyon lekòl la oswa Distri a finansè, oswa foto ak entèvyou medya Distri a apwouve. Mwen konprann san siyati mwen, ni non ni foto pitit mwen an pa p kapab ni pa sipoze parèt nan okenn piblikasyon oswa prezantasyon. Mwen bay lekòl la oswa Distri a pèmision tou pou pibliye nan medya ak antite gouvènmantral yo non ak nivo klas pitit mwen an klas li, non lekòl la, prim pitit mwen te resewva pou anonse piblikman akonplisman pitit mwen an.

- Pèmision ak akò espesyal pou piblikasyon enfòmasyon sou elèv ki site pi ba a:

\_\_\_\_\_ Mwen bay pèmision pou lekòl la oswa distri a itilize foto, imaj videyo, ekriti, anrejistremant vokal, non, nivo klas, non lekòl la, elatriye nan pwodiksyon espesyal ki masyone pi wo a.

Mwen konnen tou pwodiksyon, piblikasyon, prezantasyon oswa materyèl yo kab sèvi pou klas, transmisyon piblik pwogram televizyon edikatif (ITV), Rezo Televizyon Edikatif (TEN), yon festival fim oswa konkou oswa nenpòt lòt ekspozisyon ki fèt selon règleman difizyon ki apwopriye a.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la gen dwa pou vann, kopye, repwodui oswa sèvi ak dwa transfè sa a li genyen an kòm Distri lekòl rejyon Palm Beach la jan li vle. Mwen bay Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la dwa sa yo ak tout fèm konviksyon. Akò sa a fèt san okenn restriksyon ni limit tan.

- Mwen asepte bay pèmision mwen pou demand konsantman ki masyone pi wo a.

- Mwen pa asepte bay pèmision mwen pou fòm konsantman ki masyone pi wo a.

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/Responsab oswa  
Elèv ki majè (masyone si yo gen 18 an oswa plis) (prév laj obligatwa)

\_\_\_\_\_  
Dat

PBSD 1941 (Rev. 4/8/2010) ORIGINAL - School COPY - Parent/Student

Circle version by the Translation Team from the Multicultural Education Department, FHEOC, Suite A-204 - 87101107 - April 2010 - Telephone: (561) 434-8620



## DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH Patisipasyon elèv nan ankèt otorize

**Distri Lekòl Rejyon Palm Beach** la ap sèvi ak avètisman sa a pou l kab enfòme w sou "ankèt sou enfòmasyon pèsònèl" epi jwenn konsantman w (si yo ta mande elèv yo pou yo patisipe nan yon ankèt sou "enfòmasyon pèsònèl") oswa chwaz w pou pitit ou a pa patisipe (apre li fin ranpli yon seri lòt ankèt volontè). Si pitit ou a gen 18 an oswa plis, li gen dwa dakò oswa pa dakò reponn kesyon ankèt la. "Ankèt sou enfòmasyon pèsònèl" gen ladan l ankèt ki gen rapò ak apatenans politik oswa kwayans; pwoblèm mantal oswa sikolojik; oryantasyon seksyèl oswa atitid; oswa konpòtman ilegal, ki pa sosyal, vilèn, oswa imilyan; evalyasyon kritik paran pwòch; relasyon privilejye yo rekonèt legalman avèk moun tankou avoka, doktè oswa pè ak pastè; pratik relijye, apatenans, oswa kwayans; oswa kèk enfòmasyon sou revni.

Distri a fè ankèt sa yo pou l planifye pwogram, rasanble enfòmasyon resan, epi deside si pwogram elèv yo ap mache byen. Men yon orè pou ankèt Depatman lekòl ki an sekirite yo gen nan orè l pou fè ane sa a:

**Ankèt sou jèn nan Florid, Ankèt sou konpòtman riske jèn (chwaz lekòl segondè yo), ak ankèt sou sante ak konpòtman nan lekòl primè mwayen (chwaz lekòl primè mwayen yo):** Lekòl mwayen ak segondè yo; prentan. Se Sant Prevansyon nan Depatman Safe Schools k ap dirije yo. Sa yo se ankèt ki pa gen non moun sou yo Leta Florid voye bay distri a. Ankèt yo poze kesyon tou sou izaj dwòg ak alkòl, oryantasyon seksyèl, vyolans, ak lòt konpòtman ki prezante danje. Ankèt yo poze kesyon tou sou konpozisyon fanmi, rapò ant paran ak timoun, itilizasyon tabak lakay, ak pwoblèm dwòg nan istwa fanmi (alkòl ladan l tou).

**Ankèt sou klima ak sekirite: Lekòl elemanè, mwayen ak segondè;** otòn oswa prentan. Se depatman Safe Schools k ap dirije yo. Sa a se yon lòt ankèt ki pa gen non moun sou atitid ak kwayans elèv yo - sou elèv yo, vyolans, dwòg ak atmosfè nan lekòl yo.

**Ankèt sou konpòtman riske jèn: Lekòl mwayen (klas 7 & 8 sèlman) ak segondè;** otòn oswa prentan. Se depatman K-12 k ap dirije yo. Ankèt anonim sa a konfòman avèk Akò koperatif Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la gen avèk Sant Prevansyon ak Kontwòl Maladi. Ankèt la poze elèv yo kesyon sou izaj dwòg ak alkòl, oryantasyon seksyèl, vyolans ak lòt konpòtman ki prezante danje.

Pa gen yonn nan ankèt sa yo ke Depatman edikasyon Ameriken an finanse totalman ni an pati. Patisipasyon an volontè. Pa gen risk pou pitit ou a ranpli ankèt sa a. Ankèt yo pa gen non moun sou yo. **Non pitit ou a pa sou ankèt la.** Pa gen okenn moun ki kab konnen ki elèv ki te reponn kesyon yo. Fason ankèt yo fèt la pwoteje dwa sou vi prive pitit ou a. Yo p ap pran okenn mezi kont oumenm ni kont pitit ou a si li pa patisipe. Ankèt sa yo bay bonjan enfòmasyon sou pwogram, aktivite ak asistans ki egziste pou timoun pandan y ap grandi.

Si w ta vle wè nenpòt nan ankèt sa yo avan yo fè yo oswa avan yo sèvi ak yo, ekri nan adrès sa a:

Prevention Center in the Department of Safe Schools  
3330 Forest Hill Boulevard  
West Palm Beach, Florida 33406

**OSWA**

Department of K-12 Curriculum  
11901 Lake Worth Road  
Wellington, Florida 33449

Kòmetan paran, ou gen dwa chwazi pou pitit ou a pa patisipe nan ankèt sa yo. Li pati ki anba a. Si w **PA OTORIZE PITIT OU A POU PATISIPE** nan ankèt y ap fè nan lekòl li a ane sa a, detache epi voye fòm ki piba a tou ranpli nan lekòl pitit ou a.

Non elèv la (prenon, dezyèm non, stiyati) \_\_\_\_\_ Klas \_\_\_\_\_

Lekòl \_\_\_\_\_ Pwofesè \_\_\_\_\_

Mwen **li epi konprann fòm sa a** konsènan ankèt y ap fè nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la. Mwenmenm, paran/responsab legal timoun ki site anwo a, **mwen PA bay otorizasyon** pou pitit mwen an patisipe nan ankèt yo deki piwo a.

\_\_\_\_\_  
SIYATI PARAN/RESPONSAB LEGAL

\_\_\_\_\_  
DAT

PBSD 2027 CR (Rev. 7/9/2009)

\_\_\_\_\_  
NON PARAN/RESPONSAB LEGAL (ekri an ilil detache)